Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГІИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ



3 / 2017
май - июнь



“МагIарул большевик” газеталъул хIалтIухъабазулгун ЦIадаса ХIамзатил дандчIвай. 1941 с.

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Министерство по печати и информации РД

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**3**

**2017**

**май - июнь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.

Электронный адрес редакции:
**litdag@mail.ru**

## НОМЕРАЛДА РУГО:


### ЦIАДАСА ХIАМЗАТ ГЬАВУРАЛДАСА – 140 СОН

**М.АхIмадов.** ШагIирасул хIикматаб дунял. ..............................................3
ЦIодораб гIакълуялъулги бегIераб пикруялъулги инсан..........................8

Инсул хIакъалъулъ ракIалдещвеял............................................................ 15
**ЦIадаса ХIамзат.** КучIдул.........................................................................21

### ТIЕРХЬУНАРЕЛ ЦIВАБИ

**ГI.ХIажиев.** Гьасул цIар хутIила халкъалъул рекIелъ............................33

### ПЕРСИЯЛЪУЛ КУЧIДУЛ

**М.АхIмадов**. Персия бачIана мун дир кочIолъе.....................................38

### КРИТИКА ВА БИБЛИОГРАФИЯ

**М.МухIамадов.** Наби ГIисаевасул кочIол дуниял..................................52

### РАКIАЛДЕЩВЕЙ

**М.ПатахIов.** ГIарипов ХIажи вукIана талихIав чи.................................63

### ЦIИЯЛ КУЧIДУЛ

**М.ГIисаева.** Гьабги дие..............................................................................69

### ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНЕДЕРИЖИ

**ГъветI.** Дуца тIоцебесеб гали тIамуна.....................................................76

### ГIАДАМАЛГИ КЪИСМАТАЛГИ

**С.ХIасбулаев**. БахIарчияй чачанай...........................................................80

### ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ

Бакъулги моцIролги къец..............................................................................95



Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрац. номер ПИ №ТУ05-00373 от 23.12. 2016 г. Выданный управлением Роскомнадзора по республике Дагестан.

**Типография: Издательский дом "Дагестан"**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 61

**ДРУЖБА №3 2017 г.**
май - июнь
*На аварском языке*

Выход в свет 14.06. 2017 г. Тираж 764 экз.
Заказ №0601 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан "Редакция республиканских литературных журналов "Соколенок" и "Литературный Дагестан".*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# ЦIадаса ХIамзат гьавуралдаса - 140 сон



## ШАГIИРАСУЛ ХIИКМАТАБ ДУНЯЛ

«Гьев вукIана аваразул ракьалда бищун цIодораб гIакълуялъул ва бегIераб пикруялъул инсан», – абун хъвана ЦIадаса ХIамзатил хIакъалъулъ Николай Тихоновас.

Дун щибаб къойил къулула ЦIадаса ХIамзатил тIехьалда тIаде, пашманабги вохарабги къояз рагьула гьелъул тIанчал ва бичIчIула гIурусазул кIудияв поэтас магIарул шагIирасул хIакъалъулъ абурал гьел рагIабазулъ бугеб кIудияб ритIухълъи.

Къоабилеб къарнуялъул тIоцебесеб бащалъи ЦIадаса ХIамзатил цIаралъ цIунараб, гьесул гьунаралъул бакъалъ къалъизабураб, гьимиялъул чIораз чIаго гьабураб, сатирикиял кучIдуз кантIизабураб, насихIатиял назмабаз заман рагьараб, кицабилъун лъугьарал жугьабаз хвелгьечIолъи кьураб буго аваразулги Дагъистаналъулги адабият.

ЦIадаса ХIамзат гIадин гIасруги, гIадамалги, гIадамазул гIамалги, заманаялъул сверабиги, сверулеб дунялалъул даимабги лахIзатабги, яхIалъул кIодолъиги гьитIинлъиги, намусалъул тIадегIанлъиги гIодобегIанлъиги, гIумруялъул бечелъиги мискинлъиги лъарав, бичIчIарав, речIчIараб чIор гIадин, гIужда щибаб рагIи щварав шагIир гIемер вижичIо гьаб ракьалда.

Гьес кици рехун, хабар бицун, гIадан ворцун, гIумру бихьун, гIасру бичIчIун, заман рагьун, унтабазе дару гьабулеб гIадин, дунял сах гьабулеб гIадин абуна щибаб рагIи.

ХIамзатица гIадада рагIи абулароан. Гьесул щибаб жугьа жагьиллъилде, хIелхIелчилъиялде, хIамабагьадурлъиялде, къадараб гIамалалде, кIигьумерчилъиялде, чилъи хвеялде, гIадалал гIадатазде, гIадамазул квешлъиялде данде багъула.

ХIамзатица гIакълуялъул дарс кьола хIеренго ва хIайранго.

**Халкъалдаса тIадегIанлъи**
**ТIалаб гьабизе лъугьунге,**
**Вортани бохдул унтулеб**
**Борхалъиялде вахунге,**
**Бараб ахIулъ яхI рехуге,**
**ВиххичIого цо хIал ккун чIа.**
**ХIамабагьадурлъи гьабун**
**Балагьазда данде унге.**

ГIадатиял гIадамал росана ХIамзатица жиндирго асаразул аслиял чагIилъун:

ГIисинил гьвеги, Кинхвал хIамаги, ХIажил ашбазги, ГIиникIил корги, чакмабиги, МухIумил оцги, дибирги гIанхвараги, Къарумил наслу-тухумги, чохтIоги, бидул тушманлъиги, багъизе хьихьараб гьвеги – щибаб къойил магIарул чиясе хIажатал хIужабилъун адабияталда лъугьинаризе кIвей кIудияб гьунарги гьунаралдасаги тIокIаб рагIул устарлъиги ккола:

**Цо-цо чи вахъуна хераб гьвейилан,**
**Гьединал бугьтанал лъезе бегьилищ?**
**Жегиги бох босун кIушизе гIечIеб**
**ГIамал берциниде бицунеб рагIи.**

Гьал руго «ГIисинал гьвел кечIалдаса» мухъал. Гьелдаса унго-унгояб къагIидаялъ магIарул мацIалда хъвараб кечI цоги бугодаян ккола дида мех-мехалда.

Дие ЦIадаса ХIамзат хирияв вуго авар мацIалъул цIвабзазул цIураб зобги гIатIидаб ралъадги гIадав шагIир вукIиналъ. Гьесда гIадин рагIул магIна магIил гаралги гьимиялъул чIоразда хун кенчIезаризе кIвечIо. Балагье цо жакъа нилъер гIемерисезда кIочон тараб магIарул мацIалъул гучалъухъ.

**Бицанихъе гьеб жо кор рагIуларо,**
**Кутузе гьабураб къотен рагIула.**
**ГIадамаз абухъе, элъул хасият**
**Цурдузе къачIараб къоралъул буго.**
**ХьвацIа-лакай чIами чIалгIун батила,**
**ЧIер гIанкулев вукIа, кIусурто берцин.**
**Чакма-калуш гьабун пайда бахинчIин,**
**Гьанже вахъа дурго хьирис борлъизе.**

*(«ГIисинил коралде»)*

Яги «ЧIимхигабурлъи» абураб хабаралдаса цо гьитIинаб кесек цIале:

«Нухлул версталги сокIкIунаго, сверухъ ругел телалъул хIубалги данд кьабулаго, кьвагьараб гулла гIадин, рачIун ниж ЧIимхигабурлъухъе рахунел рукIана. Гьоркьа тIаде бачIунеб абги, тIаса гьоркье бачIунеб цоги машинаги битIун гьелъул гIункIрукь сверуда, гванзкуйдул гIадин, данд речIчIана. Нугъай оцолгун гугьунбачил рагь кинабха букIунеб, грузовикалъ нижер легковая кIалагьоркье речIчIизабуна. Гьелъ тункараб лълъа-

ралъ квегIаб берги ана алъул минатахъ. Ракьалда кIалги цун абги, алда тIад бухъардулеб дандиябги, лъикIго заман бахъана».

БитIараб бицани, дица ХIамзатил гьеб гьуинаб хабар жакъа хъвалел къисабиги романалги цадахъго кьуниги кьеларо. КучIдул гуреб, прозаги гIажаибаб буго ХIамзатил. Дие цIакъ хирияб буго гьесул «ХъахIабросулъа МахIмуд» абураб асар. Гьениб шагIирас рагьулеб буго кечI гьабиялде жиндирго бугеб пикру: «Къокъаб рагIи: кечI гьабизе ккани гьелъие бищун кIудияб шартIлъун буго гьелъул агьлулъун вукIин. Гьеб буго халкъияб къуват ва инсанасул аслияб тIабигIат. Гьеб тIабигIат гьечIони, кигIан гIараб лъалев вукIаниги, гьев чи кочIохъан кколаро. Гьеб тIабигIат нилъее кьезе гIарабалдаги кIоларо.

Гьале, гьенисан нилъее бакъ гIадин загьирлъула магIарул халкъалда жаниб чIараб берцинаб литература букIин ва гьеб литератураялъул гьварилъабаздасан лъедолаго вачIарав, халкъияв ва тIабигIатияв кочIохъанлъун ХъахIабросулъа МахIмуд вукIин».

«…МахIмуд вуго вацIцIадав магIарулав ва магIарул литературиялда жанив гIун вачIарав махщалилав. МахIмудил кочIохъанлъиги буго чияр асаралда гьоркье инчIеб, жиндирго бечедаб ва халкъияб къуваталда тIад бижараб тIабигIияб гьунар».

ЦIадаса ХIамзатица МахIмудил хIакъалъулъ абурал гьал ритIухъал, тIокIал, гIакъилал, нилъер адабияталъеги халкъалъеги, кочIоеги кIудияб къимат кьолел рагIаби жакъа нилъеца живго такрарлъи гьечIев халкъив шагIир ЦIадаса ХIамзатил хIакъалъулъ рохун ва чIухIун абизе бегьула. ХIамзатил кочIол хатIги, мацIги, жугьабазул гIадатлъиги, рагIабазул магIнаги лъугьуна нилъеца щибаб къойил гIумру цIунизе цIалеб хIухьеллъун:

**ГьадигIан инжитго данде гьабураб**
**Дунялалъул боцIи бакьанго гуро.**
**Мискинзаби гуккун кодобе щвараб**
**Шагьи-параялъухъ дун урхъуларо.**

Араб къарнуялъул ахиралда абурал гьел рагIаби нилъер къарнуялъул ахиралдаги бищун бихьулеб бакIалда, кIудиял хIарпаз хъвазе мустахIикъал руго. Жакъа нилъер замана ХIамзатил кочIолъ бугеб ХIажил ашбазалде сверун буго.

Жакъасеб къоялъул сипат-сурат цебе чIезабизе ЦIадаса ХIамзатил гьаб кIиго мухъги гIела:

**Ролъул хур кванарал ганщал жалго тун**
**Гугьун бачал руго рачун жанир гьун.**

Гьединаб буго хIакъикъат – ХIамзатида цебего бичIчIараб, нилъеда гьанже бичIчIулеб бугеб.

ГIумрулъул гIадатияб хIужаялда кигIан кIвар бугеб бугониги, кIудияв шагIирасда гурони мугьру чIвазе кIоларо, замана сверанагIан гьеб цIияб дарслъун, ургъеллъун лъугьинабизе лъаларо. Нилъер адабияталда гIицIго ЦIадаса ХIамзатихъа бажарана гьеб тIоцебе.

ЦIадаса ХIамзатил кочIол гIакъиллъи гIадамазул бадибе гьесардулеб букIунаро, гьеб, дудаго лъачIого, рекIел кIутIи гIадин, гIумруги гIаданги цIунулеблъун лъугьун батула.

**Воре, дуца цого кIалдиб**
**КIигIаркьелаб мацI хьихьуге,**
**МацIалда ракьа гьечIилан,**
**Бокьанщинабги бицунге,**
**Бицунеб дур рагIиялда,**
**ГIакълу цебе ккезе гьабе**
**Ца таралъ мегIер толелъул,**
**ГIантаб хабар хулжиниб те.**

ЦIадаса ХIамзатил гьунаралъул бищун тIадегIанаб рахълъун ккола гьеб кинабго рахъалдасан бацIцIад букIин, – мацIалъул, диналъул, дунялалъул.

ЦIадаса ХIамзатил магIарул мацIалъ мацI лъаларевги кIалъазавула, гIинкъасдаги рагIизабула, беццасдаги канлъи бихьизабула.

Иманги, исламги, инсанги сан гьабичIого тарал соназги ЦIадаса ХIамзатил асараз бацIцIад гьабулаан намусалъул нух, гьес ахIулаан рухIалъулги яхIалъулги борхалъиялде. ГIадада гуро гьукъарал соназ балъго цIалулеб букIараб ЦIадаса ХIамзатил «Шамил» поэма.

ХIамзатица хъвачIо ХъахIабросулъа МахIмудица гIадин рокьул кучIдул, амма гьесул киналго асарал аваразул миллаталде, халкъалде, гIадатиял гIадамазде, мискинзабазде, рекьарухъабазде, гIухьбузде рокьул цIурал руго. Гьеб рокьиялъул буго жиндирго цIакъ чIухIараб борхалъиги хвел гьечIеб берцинлъиги.

ХIамзатил назмаби насихIатиял руго. Амма гьесул насихIат киданиги чIамучIлъуларо, чIандахабаралде сверуларо, жанисеб гьимигун, гьунаралъул чIухIигун, ургъалил бухIигун, гIакълуялъул сабругун, кицабазул роценгун, биценалъул берцинлъигун лъугьуна нилъер ракIазулъе, рекIараб, кидаго сунареб гIакълуялъулги, берцинлъиялъулги, гIадатлъиялъулги, гIамалалъулги кьераз ургъараб, адабиятги, гIумруги, магIарул халкъги гвангъараб нуралъул сипатлъун хутIизе. Дун талихIав вуго ЦIадаса ХIамзат гIадав шагIир магIарулазул ватиялдаса.

ЛъугIизабизе бокьун буго, анцIила ункъо сон бараб мехалъ хъвараб, гьелдаса хадуб цо рагIи хисизабичIеб «ЦIадаса ХIамзатил тIехь цIалулаго» гьабураб дирго кечIалдалъун:

**Макьу щолеб гьечIо**
**Сардилъ, ХIамзатил**
**ХIалкIоял мухъазде**
**Къуларав дида.**
**Даимлъидулъ бугеб**
**Балъголъи лъала,**
**Мухъазулъ бахчараб**
**ГIасру бихьула.**
**Дида ккола дунял**
**ГIадатлъи бугин**

ГӀаданлъидул кьояз
Цолъизабураб.
ХӀамзатил гьунаралъ
Рорхатал тӀогьал
ТӀанчазда тӀиритӀун
Дие тун ругин.
Дида ккола тӀолго
ТӀабигӀат бугин,
Досул пикрабазул
РекӀелъ рещтӀунеб.
Заманалъул чвахи
Хиялалъги лъун,
ГӀасру досул кочӀол
Каранда бугин.
Макьу щолеб гьечӀо…
Сардилъ ХӀамзатил
ХӀалкӀоял мухъазде
Къулун вуго дун.

*МухӀамад АхӀмадов,*
*Дагъистаналъул халкъияв поэт.*



**ХӀамзат васал МухӀамадгун, Расулгун ва ХӀажиявгун**

## ЦIОДОРАБ ГIАКЪЛУЯЛЪУЛГИ БЕЧЕДАБ ПИКРУЯЛЪУЛГИ ИНСАН

* * *

Бищунго кIудияб тIадегIанлъи буго ЦIадаса ХIамзатил асаразул, гьел гIумруялда рухьарал руго, цIолбода чагъиргIанги, тIоразда чедгIанги. ХIамзатида хадур рахъарал хъвадарухъабазда тIубараб романалда, яги кIудияб поэмаялда кьезе кIоларо гьес цохIо кечIалдалъун нилъее кьолебщинаб гIакъиллъи.

Вахъа цеве «ТIагьирги Зугьраги» хъвазе кIолев чи. КIоларо, щайгурелъул, ХIамзатил буго унго-унгояб магIарул мацI, щибаб рагIиялда тIад буго мегIергIанасеб цIайиги, кIкIалгIадаб гъварилъиги. Щибаб къоялъ цIаланиги чIалгIунаро ХIамзат, нусго нухалъ цIалараб кочIольги цIи-цIияб жавгьар батун гурони… Дун гьелъие къого соналъ цееги, жакъаги мукIурлъулей йиго.

***Фазу ГIалиева.***

* * *

ЦIадаса ХIамзат вукIана халкъ мукIурав поэт, гьесул кочIол мухъалги рикIкIуна классикияллъун. Амма гьесул проза халкъалда жеги гьедигIан лъикI лъаларо. БукIаниги, прозаик хIисабалдаги ХIамзат рикIкIине ккола лъикIаб, беричаб гьунаралъул бетIергьанлъун, ярагьунев, жиндирго хатIги бакъанги бугев махщалилавлъун.

Дида гIемер ракIалде щола МахIмудил хIакъалъулъ ХIамзатица хъварал пикраби. Дагъистаналъул критикаялда гьоркьор магIнаялъул рахъалъ босаниги, формаялъул рахъалъ борцаниги, гьелгIан цIиял ва чIагоял литературил сипатал ратизе жакъа захIмат буго. ХIамзатица МахIмудие кьолел къиматазул недегьлъиги, гьуинлъиги, гъварилъиги бихьулларищ нужеда? Гьеле гьелдайин литератураялда жаниб абулеб тIадагьаб, амма цIайи бугеб, гIагараб, амма квер гIунтIулареб гьунарилан. Гьединав вуго ЦIадаса ХIамзат прозаялда жанив. Жалго магIарулаз бицунеб гIадатияб, дурусаб, мухIканаб, лазатаб, кIарчамаб гьесул мацIалъе хIажалъуларо литературияб гIелмуялъул къануназде ваккун чIухIдаризе, гогьдаризе ва кIичIардизе.

Драматургиялдаги ХIамзат вуго тари гьечIев реалист, къуркьи лъаларев сатирик. Гьенибги ХIамзатил щибаб рагIиялъ нух бахъула халкъиял кицабазде гьоркьобе.

***Н.В.Капиева.***

* * *

1917 соналда дун вукIана ЦIада росулъ ХIамзатил мутагIиллъун. Гьесул цIалдохъабазда гьоркьов дун вукIун ватила бищунго гьитIинав. Доб заманалдаго ХIамзат рикIкIунаан лъикIав гIалимчилъун. Хасаб куцалда рехсолаан гьесул цIар гIараб мацIалъул грамматика ва бусурман диналъул законал – фикъгьи мухIканго лъалев чи хIисабалда. Гьеб гуребги, ХIамзат машгьурав вукIана кечI гьабизе гьунар бугев пасихI хIисабалдаги.

Дунги ХIамзатги рукIана цIакъ божарал гьудул-гьалмагъзаби. Дунги дир хъизанги гIемер щолаан гьезул гъасде. Гьевги жиндирго хъизан

Хъандулайги ячун, дагъал гуро нижер рокъор гьоболлъухъ рещтIарал. Нижер рукIунаан гIумруялъул, культураялъул, гIелмуялъул батIи-батIиял рахъазда хурхарал накъитал. ХIамзатица интерес гьабулаан гIараб мацIалда рахъарал цIиял тIахьазул. Гьесие бокьулаан гьел цIализе, гьезда квалквадизе, гелгедизе. Дагьабги бокьулаан досие цIаларал тIахьазда тIасан гара-чIваризе, бахIс гьабизе.

Абизе ккола жиндирго творчество камиллъизабилъе гIоло ХIамзатица кIудияб махщалида ва хIасраталда пайда босанин гIараб мацIалда жаниб жиндир букIараб гъваридаб лъаялдасанилан. Гьев вукIана теоретикияб рахъалъ цIакъ лъикI яргъид хьарав, бицунеб рагIулги гьабулеб пикрулъулги унго-унгояв мастер…

***МухIамадсаид Саидов.***



**ХIамзат лъади Хъандулайгун**

* * *

Нилъеда лъала магIарулазул кочIол цIиял формабазде ХIамзатица кьолеб букIараб кIудияб кIвар. Гьединаб формаялда тIасан ишкал ккараб мехалъ дун ваккана ХIамзатихъе, гьесулгун ургъел бикьизе. Бицен ккана ритмаялъул хIакъалъулъ, цензураялъул хIакъалъулъ. Дица абуна магIарул мацIалда жаниб ударениялъул загIиплъиялъ нилъер кочIолъ ритмаялъулги цензураялъулги мухIканлъи гIоларилан. ХIамзат лъугьана жиндирго цIияб кечI къотIалаби-къотIалаби ккун рагIизабун цIализе. Гьелъ дие гIей гьабичIеб мехалъ, ракIалдаго гьечIого, гьев хантIан тIаде вахъана ва гали-гали борцун къотIалаби гьарун, рикIкIунаго кочIол мухъалгун, гьев лъугьана гьенив хьвадизе. Гьеле гьеб мехалъ бичIчIана дида ХIамзатил кочIол щибаб форма батIа-батIайиса цIализе кколеблъи ва гIурусазул кечI цIалулеб къагIида хисизеги гьабичIого магIарул кочIода борцине бегьунгутIи..

***Шигьабудин Микаилов***

* * *

Нилъ мукIурлъизе ккола ХIамзат цIакъ лъикI ва камилго гIараб мацI лъалев чи вукIиналъе. Лъеберабилел ва кIикъоабилел соназда

дун хIалтIулев вукIана гьанже ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб ва СССРалъул гIелмабазул академиялда гьоркьобе унеб тарихиябгин-филологияб институталда. Доб мехалъ ригь арав поэтас тIубарал къоял рехулаан нижеда аскIоб Шамилил ва гьесул наибзабазул кагътазулги документазулги гъунал хъирщулев, гьел низамалда данде рачине ва гIарабалдаса магIарул мацIалде руссинаризе кумек гьабулев. Гьелъие щулияб нугIлъи гьабула рагъда цересел соназ Шамилил заманаялъул документал ракIариялъе гIемер къуват жинца кьурав профессор Расул МухIамадовас. Гьеб букIана тIубан къимат кьун бажарулареб бечелъи, архив, Шамилил авал-ахир гьечIеб хъвай-хъвагIай, рикIкIен лъаларелгIан гIемерал гьесул кагътал ва буюрухъал ва доб заманалда гьеб киналдаго хадув гъолев, гьеб бичIчIулев чи историказда гьоркьов вукIинчIо. ГIарабалъ хъвараб гьениб жуба-гъубан букIана магIарул, лъарагI, чачан мацIазда хъварабгун. Институталъе кумекалъе ЦIадаса ХIамзат вачIинегIан гьеб кинабго цоцалъа бахъизе, гьелъул хIакъикъияб магIна гьабизе бажарулел гIадамал нилъер рукIинчIо.

***Александар Назаревич.***

* * *

ЦIадаса ХIамзат киназдаго лъалаан цIар рагIарав халкъияв поэт хIисабалда. Амма ракIалде ккола киназдаго гурин лъалеб букIараб гьев вукIин классикияб даражаялда гIелмияб лъай бугев гIакъиллъун. Гьев вукIана хIаталдаса ун гIемер тIахьал цIаларав чи. Гьесда камилго лъалаан гIараб мацI. Гьес эркенго оригиналазда, ай хъвараб мацIалда цIалулаан гIарабазул художественнияб, философияб, филологияб, тарихияб литература. Бакъбаккул культураялда жаниб щварал лъаязда ва гьес кьолорал гIелмабазде балагьун, ХIамзат бигьаго кIолаан цогидал хъвадарухъабазда гьоркьов ватIа гьавизе. Гьесда лъикI лъалаан советияб литератураги ва гьесда кIолаан гьелъие кколеб къимат кьезеги.

***Расул МухIамадов.***

* * *

Цо нухалъ хъвадарухъабазул Союзалъул магIарул секция данделъун букIана печаталде бахъизе хIадур гьабураб литературияб альманах гьоркьоб лъезе. Цо-цо гьалмагъзабаз кутакалда какун лъуна доб мехалъ поэт хIисабалда дагьго гурони жив лъаларев, амма гьунар бугев журналист ТIагьиров Абакарил гьитIинабго поэма. Поэмаялда цIар букIана «ГIандадерил ралъад». КритикчагIазул букIана цохIо далил:

– Дунялалдаго гьечIо ва букIинеги букIинчIо гьединаб ралъад. Щиб жо кколеб – «ГIандадерил ралъад»?! Щивав чияс жиде-жидер росдада аскIоб бугеб хIор ралъдал даражаялде бахинабулеб бугони, гьелъул магIна щиб?

Цоцалъ ран рукIана секциялъул гIадамал. ДагIба-къецалъул ахир кколеб хIисаб букIинчIо. ЦохIого-цо ХIамзат вукIана берцинго, гIодове вуссун, сихIкьотIун чIарав чи.

– Нилъеда жеги ХIамзатил рагIи гIинда чIвачIоха! – ян рекIеде вачIана ахирги секциялъул председатель.

– Дунгоги цо хатIа ккарав чи вугелъул, вуцIцIун чIун лъикIилан хутIанаха, – ян абуна ХIамзатица нечадго гIадин. – ГIандадерил мугIруз жанибе сверараб гьададигIан кIудияб хIоралда ралъадилан абизе гьукъараб

батани, дун тайпаялъул пуланас щибдай гьабизе кколеб? Дицаги гурищ расги нечечIого дирго кочIолъ нижер малъгIанасеб ЦIада росу шагьарилан кIодо гьабун букIараб? Гъогъоца чIвазе кколев чи вуго жакъа дун!

Киналго вагъгъан релъанхъизе рана. Бищунго рохарал чагIи рукIана «критикачагIи». Гьелда хабарги лъугIана.

ХIамзатица гьединал данделъабазда киданиги гьабулароан халатаб кIалъай. Досда лъалаан ва кIолаан жиндирго пикру цо-кIиго рагIудалъун загьир гьабизе, мухIканаб жаваб кьезе, битIараб къимат кьезе, жиндирго рагIул магIнаялде гIадамал цIазе. ТIадехун бицахъе, хабарги гIемерисеб лъугIулаан ХIамзатил рагIудалъун.

***МухIамад Шамхалов.***

* * *

Юрист хIисабалда дида кIола абизе ЦIадаса ХIамзат вукIанин Дагъистаналда халкъиял гIадаталги шаригIатги камилго лъалев гIалимчиян. Революция ккелалде цебеккунисеб печаталдаго дандчIвалаан ШаригIат законалъул батIи-батIиял масълабазда тIасан гIараб мацIалда гьес хъварал гIакъилал масъалаби.

Дун кидаго кIудияб баркалаялда вукIуна ХIамзатие, халкъиял гIадатазулги шаригIаталъулги суалазда тIасан гIелмияб тIехь хъвалеб заманаялъ, гьес дие гьабураб кIудияб кумекалъухъ. Дир гьариялда рекъон, къокъаб заманалда жаниб гьес хъван дие кьуна магIарулазул гIадатазул саламатаб свод. Гьеб гуребги, ХIамзатица гIарабалдасан магIарул мацIалде буссинабун дихъе кьуна 1946 соналда дида Гьандихъ росулъ батараб, МагIарулазул ритIухъав ГIумаханилан жинда абулев машгьурав гIалимчиясул квералъ хъвараб законазул тIехь.

Дир гьариялда рекъон, ХIамзатица гIарабалдасан магIарул мацIалде буссинабуна шаригIаталъул нормабазул бицараб цоги тIехьги. Гьеб букIана 1927 соналде щвезегIан, ай тIубан шаригIат-суд къазегIан, Дагъистаналда шаргIияб умматалъ жиб рикIкIунеб, жинде мугъчIвалеб тIехь.

***ХIажимурад Хашаев.***

* * *

КIудияв сатирик хIисабалда ДАССРалъул халкъияв поэт ЦIадаса ХIамзат ккола цохIо магIарул литератураялъул гуребги, гьединго тIолабго мугIрузулаб Дагъистаналъул литератураялъулги бищунго машгьурав ва магIна бугев вакиллъун. Бищунго къваригIараб къоялъ ва кIудияб махщалида хъварал гьесул сатирабаз халкъалда гьоркьоб мустахIикъаб, хIурматияб бакI ккола, тIадегIанаб даражаги цIунула. ГIадатиял сипатаздасан пайдаги босун, чIухIа-къули гьечIого ва гьебго заманалда бегIераб ва тункараб мацIалда херхарал ХIамзатил асарал лъугьана тIолго мугIрул халкъалъул кIодолъилъун: гьез гьел хъами-хъутIур гьарун уна жидеего кици-биценалъе рукIине.

***Эфенди Капиев.***

* * *

Поэтасул кочIохъ хIасратлъарал магIарул росабалъе чодаги рекIун хьвадулев ХIамзатил хIалтIи релълъун бихьулаан Москваялда рукIун гьабулеб нижерго хIалтIиялда. Ургъалабиги гьесул рукIана нижералго гIадинал. ХIамзатил росабазул къваригIелалги, жидерго магIнадул рахъ

борцаниги, рухIияб рахъалдасан балагьаниги, щибниги батIалъи букIинчIо гьесухъ гIенеккарал гIадамазулаздаса. ХIатта жибго творчествоялъул хIакъалъулъ нижер кIиязулго пикрабиги, – магIарухъ букIа, Москваялда букIа, – рукIана хIакъикъаталда цохIого тайпаялъул.

***Петр Павленко.***



* * *

Днепралъул рорхатал рагIаллъабаздасан битIулеб буго дица ракI-ракIалъул салам Дагъистаналъул халкъияв поэт ЦIадаса ХIамзатиде гьесул лъабкъоялда анцIго сон тIубараб гьаб рохалил къоялъ. ТIолабго Совет Союзалда батиларо жакъа ХIамзатил кучIдузул гьаракь щолареб, рагIулареб ва гIадахъ босулареб бакI. Щайгурелъул, гьесул асаразда жанисан нилъеда рагIула халкъазул гьудуллъиялъул гучал бакънал. Биччанте жеги гIемерал соназ тIибитIизе нилъер ВатIаналъул цIарги, къадруги, къиматги кIодо гьабун биччараб ЦIадаса ХIамзатил бихьинаб гьаракь.

***Павло Тычина.***

* * *

Ахирияб нухалда ЦIадаса ХIамзат дида вихьана 1948 соналда Ташкенталда. Жиндирго гIадатияб хьахIилаб кьералъул гурдилъ вукIана гьев Алишер Навои ракIалде щун цIияб Опералъул театралда букIараб данделъиялда кIалъалев. Гурдеялда тIасан борчун букIана тIогьилккараб кьералъул мацIлги далараб, тIеренаб рачел. Нахъисеб къоялъ «Правда Востока» газеталда хъван букIана узбеказул классиказул асарал Дагъистаналъул 8 мацIалде руссинарун рукIиналъул ва Дагъистаналъул литератураялъе гьез гьабураб асаралъул.

***Николай Ушаков.***

* * *

КIудияв шагIир ккола жеги гIемерал рукIинесел наслабазда цадахъ гали босулев чи. РикIкIадаб кIиазарил ва лъабазарил соназул гIелалъул ва наслуялъул гIолилав жеги-жеги дандчIвазе вуго ЦIадаса ХIамзатил гIолохъанаб, гIумру баркараб, гIумру чIахъараб гьунаргун ва махщелгун. Даимго чIаго таги даимлъи! Даимлъаги даимлъи!

*Людмила Татьяничева.*

* * *

ЦIадаса ХIамзатил поэзия нилъее гIагараб ва хирияб буго гьелъул ракIалъул рацIцIалъиялдалъун. Гьунар тIокIаб ва эркенлъи хирияб магIарул халкъалъул ургьир рижарал гьесул бегIерал ва гIужилал мухъал, живго поэтас абухъе, изну босичIого лъугьуна халкъалъул рекIелъе. ХIамзатил сатираби хIакъикъияб яргъил бакIалда чIола Кавказалъул ва Кавказалъул гурелги поэтазе. Инсанасул хъубал хасиятал какараб ццидалги кьалулги агълу рогьо бан суризабулев, гIаданлъиги, лъикIлъиги, берцинлъиги рецц бан кIодо гьабулев шагIир я квешав вукIунаро, я загIипав вукIунаро. Гьев вукIуна лъикIав, гIадилав, бахIарчияв поэт.

*Реваз Маргиани.*

* * *

Дун кIудиб хIикматгун валагьун вукIана гьав, гIурал сонал нахъа тарав, амма къамартIав гIадатияв магIарул чи гIадин ретIа-къарав чиясухъ, щайгурелъул, гьев вукIана ЦIадаса ХIамзат. Гьев вукIана магIарул ракьалда бищунго цIодораб гIакълуялъул ва бегIераб пикруялъул инсан, цIияб дунялалъул тушбаби жиндир рагIуца чIвалев шагIир. ГIисибикъинаб жоялде гIунтIун, халкъалъул рукIа-рахъиналда хадув гъурав гIакъил, гьересияб ва рекIкIабщинаб жоялда цIоб гьабуларев, жагьлуялде, тохлъиялде, ахIмакълъиялде ва тIекълъи-мекълъиялде данде гурхIел тун вагъулев, хIинкъи лъаларев бахIарчи.

*Николай Тихонов.*

* * *

Унго ЦIадаса ХIамзатил къавулъ жакъа бугеб лазат! Гьесухъе щвезе гьанире рачIана гьесул гьудулзаби, гьесул тIахьал цIалулел ва гьесул хIурмат цIунарал гIадамал, рачIана гIелцоял, цадахъ хIалтIизе ккарал, шигIруялъул пишаялъулъ гIахьалал. Гьаб рокъоб, гьаб къавуда нижее цIакъ лъикI буго.

Гьаб ракьалдаса ана инсан, гIемераб лъикIлъиги нахъа тун. ГьабсагIатги нилъ гьанире ракIарарал, досие гIоло гурел, нилъеего гIолойин, цоги нухалъ досул канлъи чIвазеги, досул лъикIлъи лъазеги.

Дов вукIана Кавказалъул поэзиялъул тIогьазул цояв. Дов вукIана цIакъ гIажаибав инсан. ТIоцебесеб иргаялда, дов вукIана поэт, гражданин, нилъер гIумруялъул кочIохъан, революциялъул шагIир.

Ва гьале гьаб къоялъ дица, кIудияб баркалаги кьун, къулизабулеб буго дирго бетIер кIудияв ва тIадегIанав ЦIадаса ХIамзат ракIалде щун, гьесул рухIалда цебе. Нуждаян абуни, жакъа дица баркула гьадинав поэт дунялалда вукIин, гьелъул рохелги, лъикIлъиги, баракатги.

*Мустай Карим.*

* * *

ЦIадаса ХIамзат вукIана хIакъикъаталдаги халкъияв поэт. Халкъиявлъун дов вукIана, кинилан абуни, досул кочIолъ магIарулав нилъеда вихьула гьев живго жинцаго вихьизавураб куцалда. Масала, МахIмудил кучIдузулъ гIадин, инсанасул гIицIаб хIасрат гуреб, ЧIанкIал кучIдузулъ гIадин гIицIго хIеренлъи ва хIалимлъи гуреб, ХIамзатил кочIолъ инсанас загьир гьавулев вуго тIуван живго, жиндирго тIубараб сурат, жиндирго чIухIигун, бахIарчилъигун, дунялалдехун бугеб бербалагьигун, гIадатияб тIабигIатгун, ракIбацIцIалъигун, махсара-хочIгун, магIил гаралгун. ХIамзатил кечI бачIуна рекIел гъварилъудасан, кинида лъимералъе бачунеб эбелалъул бакъан гIадин. Гьеб баккудасанго бичIчIула ва гIадалъе босула халкъияб кици-бицен гIадин. МагIарул халкъ кидаго ине буго ЦIадаса ХIамзатгун цадахъ, щай абуни, ХIамзат живго ккола магIарул халкъ.

***Семен Липкин.***

* * *

Инсан лъазе цохIо рагIи балагьизе лъугьани, гьеб масъала ЦIадаса ХIамзатида бухьинабулебги бугони, гьеб ккола чIухIи гьечIолъи. Гьединаб букIана гIемераб дунял жинда бихьарав, гIемерал сонал дунялалда рарав, гIемер захIмалъаби жинда лъарав чиясул чIухIи гьечIолъи. Щиб жо кколеб инсанасул гьабулеб цIар ва гьев кIочонтей? Гьев кколелдаса ворхизе гьави ва вахараб борхалъудаса гIодов ворти? «Цогидазда лъалареб куцалда вукIа дунялалда», – ян абулаан Эпикурица. Дида лъаларо ЦIадаса ХIамзатица Эпикурил тIахьал цIаларалищали, амма дида лъалаха досие бокьун букIин гIадамазда лъалареб куцалда дунял гьабизе.

***Корнелий Зелинский.***

# Инсул хIакъалъулъ ракIалдещвеял



## РАСУЛИЛ

* * *

Инсуе бокьулароан цIакъго гвангъарабги цIакъго бецIабги, цIакъго бахарабги, цIакъго тIарцIабги, цIакъго къиматабги, цIакъго къадарабги, цIакъго нахъе ккарабги, цIакъго цебе унебги. Бокьулароан я гIанкIилаб, я бацIилаб, я лагъасулаб, я ханасулаб. Я цIакъго борхатаб, яги ахада хутIараб.

«Векилеб хIалалъ вакъванги вукIунге, къанцIцIулев хIалалъ виччизеги вукIунге», – ян абулаан гьос. Туни риччулел, пуни ракъвалел – гьезул чи вукIинчIо эмен. Гьов вукIана гIадатияв, жиндир ракьалъул, халкъалъул къагIида-гIамал цIунарав хIалтIухъан.

Цо нухалъ эменги дунги, росулъ цо гIагарав чи унтун, гьесде раккизе МахIачхъалаялдаса ЦIадаре унел рукIана. Доб мехалъ Дагъистаналъул хIукуматалъул бетIерлъун вукIарав ГIабдурахIман Данияловас гьасухъе кьуна жиндирго ЗИМ машина. Шагьаралдасан асфальталда гьелда рекIун унелъул, инсул цо кIудияб дагIбаго букIинчIо. Амма, шагьарги тун, мугIрузул росабазул нухдасан унел, цоял хIамулги цере къотIун, цогиял чуял-гIурцIмигун, гIемерисел лъелго унел гIадамал данде чIвазе лъугьараб мехалъ, эмен цо рахIат гьечIого, лъидаго жив вихьугегиян вукIана. ГIолохъанав дун, ЗИМалда унел эменги дунги киназдаго рихьагиян вукIана.

Балеб букIана цIад. ГьоцIдерил лъарахъе ниж щолеб мехалъ, гьениб къан, оцазда цIазе кIоларого батана цо херав чиясул гьоко. Эмен, хантIан

машинаги чIезе гьабун, лъаралъе лъугьун, оцал церехун рачине кумекалъе жувана. Гьес гьел цIакъ махщалида рачана цере. Лъар бахун хадуб, оцазде гьаянги ахIун, гьокоги нуха регIана гьес.

Инсуда лъикI лъалеб букIана лъаралъан гьакал киб бакIалдасан кин рачине кколелали.

– Чанги гьадинал гьаказда кираялъ хьвадана, – ян нахъвуссана эмен. ТIерхьунел гьаказада хадув пашманго гьимун валагьана гьев. Цинги машинаялда рекIарав тIокIалъ кIалъачIо. Хадуб кIахъиязул тIалабалъе рахунел мехалъ, тIаса гъоркье бачIунеб кIудияб машинаялъе нух толеб нижер машина, цодагьаб гьелда, цодагьаб кьурда тункана.

– Гьабниги, гьалда релълъарабниги ккечIого хутIилареблъи лъан букIана, – ян абуна инсуца.

Я нижее, я машинаялъе кIудияб зарал ккечIо. Амма гьелъул цо бер бортана, цояб рахъ цодагьаб къачIазе кколеб букIана.

– Машина къачIан лъугIарабго, мун гьелда вачIа, дун лъелго инин сухъмахъ нухдасан росулъе, – ян абуна инсуца.

– ГьабсагIат къачIан лъугIизе буго. Цадахъ вилълъине чIа, – ян абуна шоферас.

– Гьединаб чIухIараб машинаялда дие унтарав чиясухъе ваккизеяли щай гурин, росулъе берталъецин вачIине захIмалъила, – ян эмен, нижги тун, лъелго ана.

Машинаялда, гъоркьан тIараде нижги, тIасан лъелго, болъал гIадал нухаздасан лъугьун вачIунев эменги росулъе цада-мадахъ щвана. МахIачхъалаялде щваравго, ГIабдурахIман Данияловасда аскIоб гьеб сапаралъул бицен ккараб мехалъ, инсуца абуна:

– Цо дидаго рекъараб гIадаб машинаялда витIун вукIаравани, щибго букIинароан.

* * *

Дица цинги бицун букIана: инсулги дирги гIадат букIинчIо цоцазе кучIдул цIалулеб ва гьезул хIакъалъулъ хабар бицунеб. КъватIисан лъалаан нижеда цоцазул кучIдул.

1949 соналъ аваразул газеталда бахъун букIана дир «Дун гьавураб сон» абураб поэма. Поэма инсуца, цо-цо рагIаби жиндирго къагIидаялъ рекъезарун, къачIан батана. Дица цIакъго кьварун, кьур-кьуризарун абурал жугьаби, гIадатияб, бичIчIулеб берцинлъилде руссинарун, тIасан хъван ратана гьес.

ГьанжелъагIанги ццин буго дир дидего, инсуца къачIараб гьеб поэмаги ва цогидал кучIдулги цIуничIолъи сабаблъун. ЦIакъ хIикматаб гIадат буго: тIехь бахъанищ, – нахъиял киналго черновикал рухIула. Гьединабго къисмат ккана инсуца квер лъурал газетазулги.

Дун кутакалда разилъана, разилъичIого дир ресги букIинчIо инсуца дир рагIабазул магIнаялъе кьураб жиндирго пасихIлъиялдаса. Амма цо-цо бакIалда гьабураб хиса-баси дир рекIее гIечIо, гьеб квеш гьабун

букIун гуро; гьеб дица кечI хъвалеб къагIидаялде, дир тIабигIаталде данде кколарого букIун.

– Дун батIияб заманалъул, батIияб школалъул, батIияб ригьалъул, батIияб гIадаталъул чи вуго. Дир хатI, хасият, стиль гьадинаб буго, гьеб хисизабизе бегьиладай? – ян гьикъана дица инсуда. – БачIинахъего гьеб хисиялъулъ мун вихьула, дун вихьуларо, – ян абуна дица.

– ЧIор гIадин битIараб хабар буго дуца бицунеб, – ан абуна инсуца. – Амма дур гIадаталдаса цебе дур кочIолъ букIине ккола дур халкъалъул, дур миллаталъул гIадат, гIамал. Мун цин цеве магIарулав вуго, цинги хадув Расул ХIамзатов вуго. МагIарулаз дуда абухъе гуро абизе кколеб, дуца магIарулаз абухъе абизе ккола. Гьедин гьечIони, гьеб дур гIамал, гIадат гуро. Дуда дурго гIадатин кколеб, гIадатаздаса араб расанкIо буго. НакIкI гьечIого цIад баларо, зоб гьечIого гIазу баларо. Цо гIаммаб закон гьечIого, жиндирго закон гьабизе бажаруларо.

* * *

РакIалде щола: росулъ бакI-бакIалда лъим балагьизе газа-белгун хIалтIулей ХIабибат абурай чIужу. Лъицаялиго, кIудияс абулеб рагIунищали дун, гьитIинав вас, гIадада хIалтIулей йигин ХIабибатан велъанхъана. Эмен гьеб мехалъ диде цIакъ семана.

– Бугебищха, дада, гъоба лъим?

– Бугеб-гьечIеб дида лъаларо. Амма дуда лъай, щибжо магIарулазе лъим ккolебали. Гьеб балагьулезда, ресукълъи-мискинлъиялда тIад релъанхъизе бегьуларо. Гьеб дуе махсаро гуро.

Дица ракIалде щвезаруна инсуда, гьес, инкIкIвелдерица рахъил бетIералда перелоги лъун, турбаби понцIоялде, гIабадерица лъарго гьечIеб бакIалда кьо гьабиялде, цо-цо росабалъ хур цIун бачIине, цIад базе чIегIераб жо свериялде гьарурал кепал кучIдул.

Гьеб гIолохъабазда бичIчIулареб, жиндир пашманаб релъи бугин, абуна инсуца. «КигIан кIудияб анищ букIине кколеб, лъим гьечIеб бакIалдаги кьоял гьаруни яги турбаби перелоялъ понцIозе жигар бахъани, яги гьел халалъизе цIазе лъугьани, яги цIад базеян чIегIераб жо сверани?..»

РакIалде щола бищун эмен вохараб къо. РикIкIад мугIруздаса росулъе лъим бахъараб къо. Газа-белгун щибаб къоялъ живго хIалтIана эмен гьеб бахъизе. Лъим чвахарабго, гьенире тIугьдул рехизецин гьукъана гьес дие. Гьениб бищун цебе гIеретI цIезе росдаца йищана нусго сон барай, рокъоса къватIие яхъунарей херай чIужу. Бищун цебе лъел хъаба гьелъ инсухъе кьуна.

Гьадинаб шапакъат киданиги щвечIин, абуна инсуца.

Доб къоялъ дос хъвана хасаб кечI.

Дос абуна цIадал лъим гьекъолел хIанчIазда, «тIокIал нуж чIухIдаруге», – ян, рикIкIада рохьоб лъарал рагIалда ритIучIазда, нижги нужедаса квеш гьечIин.

Дос абуна, гьаб лъадал хъуди гIадаб берцинаб гьаракь макьилъгицин жинда рагIичIилан, гьаб иццухъе унел руччабазул гIадаб юргъа цониги гIаларчаялъ бачинчIилан. Дос баркала кьуна газа-белалъе, турбабазе, инкъилабалъе. Гьесда ракIалде щвана, хасало бараб гIазу-цIер биинабун гьелъул, лъин гьекъолеб заман; гIертIал раччун, руччабазул гIолохъанго, гьакибер гIадин мугъ кIичIулеб букIараб куц, къечарал гIачиязулги, чуязулги, ракьалъулги, гIадамазулги гурхIараб сурат.

Цоги ракIалде щола, кIочон толаро МахIачхъалаялда июналъул бухIи: унтабаз тохтирзабаз, дарабаз сверун ккун, кроваталда захIматаб хIалалда вегарав эмен. «АнцIго гьецIалъ цоцахъе цIацIалеб бугин кколин жиндир лага», – ян абулаан инсуца. Гьес пайда гьечIин киналго дарабаздаса инкар гьабуна. Жеги нижеца битIизабулеб букIараб къандалъо, къваригIинарин, биччачIо. Цинги цойидасанго абуна, цо дару бугилан дун лъикIлъизавулеб ва тIокIаб щибго гьечIин.

– Щиб? – ан гьикъана дица.

– БуцIулдерил кIкIалахъ дицаго бухъараб цо гьитIинаб ицц букIана. Гьелъул лъеца гурони дун лъикIлъуларо.

Гьоркьор къоял иналде магIарул чIужугIадан, гIеретI цIун лъимги босун ячIана инсухъе. Бархьалисезул муцIиялъусан гьекъезе кьуна гьесухъе.

«КIудияб баркала, дир тохтир», – ан абуна гьес гьей магIарулалда. Эмен цIидасан рухI бачIарав гIадин вукIана…

* * *

РакIалде щола: 1943 абилеб соналъул августалда эменги дунги щвана, лъукъун вукIун, Балашов шагьаралъул госпиталалда хварав вацасул зонохъе. Балашовалда аскIоб бугеб гьитIинаб росдал рагIалда вукъун вуго МухIамад ХIамзатов.

Инсуца абуна: «ЦIигьулдерил хабзал, кире нуж щвечIел? КIодолъун буго гьанже Дагъистан».

Инсуца доб мехалъ кIиго тIехь хъвана: «ВатIаналъе гIоло», – ян цояб, «Къисас» – цогияб.

Гьел тIахьазул цоялда букIана МухIамадил ясалъе, гьитIинай ПатIиматие хъвараб кечIги:

**ПатIи, дуда берчIвазе**
**Анищалда вукIарав**
**Инсул хабарги босун,**
**Вуссана ДахIадада.**

**Аваданго вугилан,**
**Нилъехъе кагъталги хъван,**
**Каранда унтиги ккун,**
**ВукIун вуго дур Дада.**

**Ахир тату хварабго,**
**Телалъ хабарги битIун,**
**Эмен хадув щвелалде,**
**Хун ватана дур Дада…**

…Кире инчIел, кире щвечIел, кир хвечIел дир хириял гьудулзаби, мадугьалзаби, гъоркьа авалалдасаги, тIаса авалалдасаги, росу рагIалдасаги, росу бакьулъаги?



## ХIАЖИЯСУЛ

* * *

ХIамзат машгъурав поэт вукIинги, гьесухъ гIадамаз гIинтIамулеб букIинги, халкъалъ гьесул хIурмат гьабулеб букIинги, гьесда жиндаго гьеб бичIчIулеб букIинги – гьеб пикру цIакъ нахъа щвана дихъе. Дица гьелъул хIисаб гьабулароан. Нижер хъизамалда жанив бищун гьитIинав вукIана дун. Жеги школалде инелдего дун инсуца кверги ккун годекIаниве вачунаан. Гьесул тIингъилъ, аскIов гIодов чIун вукIунаан дун. Инсуе дун вокьулевлъиги лъалаан дида. Гьес веэдун гIуна дун.

Дида кIочон толаро, щуго-анлъго сон бараб мехалъ тIимугъ гьабуна гьес дие. Гьебги ретIун лъималазда цадахъ мажгиталде унаан дун какал разе. Мажгит нижер рукъалда аскIоб букIана. Как базе инсуца малъун букIана, эбелалъ цIикIкIун малъун букIун батизеги бегьула. Гьанже тIубан ракIалда гьечIо.

Цоги дида ракIалда буго, мажгиталда цере гамчIазда гIодор чIун рукIунаан гIадамал радал-бакъанида хабар-кIалалда. Гьеб букIун батилин ккола лъебералда анкьабилеб-микьабилеб соназда. Бицен ккана, гьанхъадерил росдал тIарадаса лъимги бачун, цIегьулдерил росдал лъадал масъала тIубазабиялъул. Абулеб букIана гIадамаз, добаса гIодобе рогIрахъан гьеб лъим Тобтихъе щвезегIан инила, гъобасан ЦIадабе кинила гьеб бахинебилан. КIиго–лъабго бал гIадинаб бакIалдасан эхеде бахине кколаан лъим. Гьеб мехалъ инсуца дун витIана рокъове, лъадал цIураб хъабаги, чIобогояб гулгунги босейилан. Гьел дица рачIиндал, гьес хъабаялъуса гулгуналъубе тIураб лъим гулгуналъул моцIуялъусан къватIибе бачIана. Гьале гьадинаб къагIидаялъ бачIунила гьаб лъимилан, цогидазул щакдари къотIизабуна инсуца. Хадуб школалда цIалулеб мехалъ «Закон о сообщающих сосудах» малъулелъул дида ракIалде щвана гьеб лъуга-бахъин. Гьединаб философия букIунаан инсул кинаб суал бижаниги, гьелъие жаваб батизе, мухIкан гьабизе.

* * *

Дун инсул литературияв секретарьлъун вукІана 1939 соналдаса байбихьун, гьев хвезегІан. Дов вукІана кинабго жоялъулъ тартиб, тадбир, мухІканлъи бокьулев чи. Гьебго тІалаб гьабулаан гьес дидасаги.

Подстрочникал гьарулаго, досда гІурусазул образал тІубанго ричІчІиларин ккун, дица тІаде предложениял журан, цо-цо пикраби халат гьарулаан. Дос абулаан, гьедигІан халат гьаричІониги дида гьел ричІчІулилан. Шагьрудин Шамхаловас, кечІалъе ХІажиясул гьунар бугищан гьикъараб мехалъ, инсуца абун буго, кечІалъе гьесул гьунар гьечІин, хабаралъе мадар гьабулилан.

Дос абулаан кечІалъе рукІине кколел гурони, цониги хІажат гьечІеб рагІи бегьуларилан. Дир пикру буго дол подстрочникал басмаялда рахъизе. Гьезие гьадинги гьадинги кканилан баяналги кьезе.

ХІамзатида Пушкинил «Руслан ва Людмилаялъулги» Инхоса ГІалихІажиясул «Макка бахъиялъулги» релълъарал бакІал ратана. Нижехъе рачІарал литератураялда хурхен бугел гІадамазе гьес цІалулаан, кІиябго поэма дандеккун, гьединал бакІал.

ХІамзат литература бичІчІулев, гьелъул агьлуялъул чи вукІана. Халидин абун вукІана Ливаналдаса гІалимчи, литературовед. Гьесул букІана Европаялъул литератураялъул хІакъалъулъ гІарабалъ хъвараб тІехь. Гьеб тІехь щун букІана инсухъе цІализе дагьаб мехалъ МухІамадсагІид СагІидовасухъан. МухІамадсагІид хвараб мехалъ тІагІана гьеб, лъихъе ккарабали лъаларо. Европаялъул романтизмалъул хІакъалъулъ цІакъ лъикІ хъван букІана гьелда. Гюгол, Байронил, Вольтерил ва цогидалги хъвадарухъабазул хІакъалъулъ ругел бакІал гьеб тІехьалда тІасан хъван рукІана инсуца. Гьел гьесул архивалда цІунунги руго.

ХІамзатица гІараб мацІалъ хъван букІана Европаялъул литератураялъул хІакъалъулъ очерк. БагІарал жилдалги ругеб, чвантиниб лъолеб гьитІинаб книжка букІана гьеб. ЦІализе кьурав чияс нахъе щвезе течІо гьеб очерк.

* * *

Дица дирго макъалаялдаги хъван букІана, Даниялов вукІана гІумруги динги литератураги кинабго бичІчІулев, ярагьунев чи. Анкьалда жаниб цо-кІиго нухальниги вачІунаан гьев инсухъе. Эмен унтараб мехалда щибаб къойил гІадин вачІунаан.

Даниялдовго гІадин, хъулухъ-ишазда ругелги, динияб гІелму цІаларалги чагІи гІемер рачІунаан инсухъе. ХІамзат Дагъистаналдаго рикІкІунев чи вукІана фикъгьиялъул гІелму лъикІ лъалев чи хІисабалда. ШаригІаталъул судалъул председательлъунги вукІана гьев. ГІадамал жалго гурелги, гІемерал кагъталги рачІунаан инсухъе диниял суалазда тІасан. Гьес фатвабиги кьолаан. Гьел данде ракІарун дихъ рукІана. Цоги тІаде щварал жиндихъги ругилан ГьаракІуниса НурмухІамадил МухІамадица ун рукІана гьел, хасаб тІехь гьабизе кколиланги абун. ГІемер мехго гьелдаса инелде МухІамадги хвана, тІадруссун дихъе гьел фатвабиги щвечІо. Лъаларо кире ккаралали.



**ЦIадаса ХIАМЗАТ**

## КЪАРУМИЛ НАСЛУ-ТУХУМ

**Халкъалъе къимат хвараб
Къарумил наслу-тухум:
ХинкIазда гIужал ралел,
ГIатIада хIуччал хъвалел,
ГIонкIкIодаса цIунизе
Панкъида сабаб балел,
Къараб квер рагьуларел,
Пудалъ капек цIаларел,
Цаби рикIизе гIучIги
ГIадамазе кьоларел;
Царгъида печать чIварал,
Чвантида кIулал рарал,
Жаниб хъат борлъаниги,
КъватIиб жо баккуларел;
БогIода нацI рекIарал,
ГIарцуда кьаву чIварал,
«Кьеян» гурони жеги
«Маян» абизе лъачIел;
Бугеб гьан-нахги бахчун,
ЧIобогояб чед кунел,
ЧIалда мохмохалги ран,
ХинкIазде цIам хIурулел;
ГIанкIуялъ босараб мугь
МоцIица кIочонарел,
Жаниб бачIараб кету
РечIчIулаго хъамулел;
ВачIарав гьоболасда
Гьумер букIкIун кIалъалел,
Гьес рекIун бачIараб чу
КIалдиса ричIуларел;
Гьан къотIулеб носоца
Цадахъ кверги къотIулел,
КъватIиб рехараб ракьа
Хадур рортун босулел;
РагьтIа гьвел хIапи чIвани,
ХIанчIулеб хинкI бахчулел,
ХIатIил гьаракь бахъани,
Хъаба цIадай чIехьолел;
Лолил къеда рещтIине
Къадако биччаларел,
Къадал магIида чIараб
Милъирщо бачахъулел!
Вай, эбел, Шагьвалил вас
Дие цIакъ вокьуларо,
Кьурса гIодое рехе,
Дун гьесие инаро.**

*1916 с.*

## СОВЕТАЗЕ ЩАЛ РИЩИЗЕ ККОЛЕЛ

РагIад битIуларебин,
ТIил гьетIараб бугони, –
ТIад толел хIакимзаби,
ХIалкIун, лъикIал ралагье.

ХIалихьатав гIел ккани,
ГIадлу бажаруларин, –
ЖамагIатазе бутIрул,
ТIад квер чIван, чIагоял те.

Тохав вехьасул рехьен
Хъурмица чIван батулин, –
Халкъалъе толел чагIи
ГIакълу-тадбир бугел те.

ГIи цIунун бацIал тани,
БоцIи тала гьабулин, –
Дунял пасат гьабулев
Пасак тIаса вищуге.

ТIад залимзаби ккани,
Зигара гIемерлъулин, –
ГIадамазе хIакимлъун
ГIадлу бергьарав гьаве.

Амма хIалимав абун,
ХIайван бетIерлъун тоге,
ХIакъаб жо абуларев
Ахрас къабул гьавуге.

Жиндирго напсалдаса
Чияде регIуларев,
Чохьой гIоло хIалтIулев
ХIалихьат нахъегIан те.

Чвантил кIал гIатIидасе
КIвараб кумек гьабулел,
Ришваталъ гIорцIуларел
БацIал тIаса хьиргщуге.

Саяхълъи-сандирахълъи
ГIадахъ босаралдаса, –
Гьев чиги милаталда
Тезе хиял гьабуге.

ГIарзалъ чи цеве чIани,
Ццин бахъун, нахъе чIвалев,
ЧIухIарав хIаким ккани,
ХIалтIи хварабин нилъер.

Жиндаго рихунеб жо
Халкъалъе гьабулевги
Гьалмагъ гуревин нилъер,
Нух битIагиян витIе.

Воре, бечедав абун,
Чиги тIаса вищуге,
Чамги боцIи гIемерав
ГIабдал вихьанин дида.

Чу-ярагъ лъикIавилан,
Лъиданиги цIар чIваге.
Лъалабальги ратулин
Тадбир бугел гIадамал.

Мискин, пакъир, язихъан,
Хал гьабичIого тоге,
Хъабчилъ гурищ ватулев
ГIемерисев багьадур.

БетIер хIалтIуларев чи
ХIакимлъун бегьуларо, –
ХIатIал свакалин абун,
Кици рагIун батила.

КIиго гьумер бугевги,
Гьоркьове къазе тоге,
КьучI гьечIев гьетIарухьан
Хъулухъалде восуге!

Халкъалде гIин тIамулев,
ГIарзалде валагьулев,
ГIадилав бетIер щвезе
ТIалаб гьабе, бахIарзал!

Гьединав ватичIони,
Хадув вачIаравгIаги,
Халкъалда гьорлъ хьиргщани,
Чи камиларо, вацал!

Гьанжеялдаса хадуб
Хиянат бихьарав чи
Халкъалда суриледухъ,
Хъвазе буго газеталъ.

Кибниги хIакимасул
ХIалихьалъи бихьани,
Гьев къватIив чIвазавизе
Къаламги буго гьедун.

*1921с.*

## ХIАМАБАГЪАДУРЛЪИ

МухIамадги Хочбарги
Хабаралда рукIаго,
КIиясго бицунеб жо
Цоцада данде ккечIо.

Зулайхатил гIакаги
ГIалигъалбацIил оцги
Цо санад ругилан – ав,
Гурилан абун – Хочбар.

МухIамаги, хехав чи,
Дагьав хъачIго кIалъана,
Хочбаридехун вуссун,
Ццин бахъун гаргадана.

Хочбарги кинав чиха,
Калам гьабизе ккани, –
Кинабго досул рагIи
Данде къотIун кIалъана.

– Уха, Хочбар, дудаги
Дур эбел-инсудаги,
Оц-гIакаялъул гIумру,
ГIухьибильидал, лъаларищ?

– Мискинчи вехьлъун вукIин
ГIайиб гуро, МухIама,
ГIемерго чIухIичIого,
ЧIун лъикIилан ккола мун.

– Нижерги руго гIухьби,
ГIайиб чIвалеб мех гуро,
ГIачи речIчIе, щарал чIвай,
Щвараб жо нахъе босе.

– Кьунани щарги чIвала,
Щванани чиги чIвала,
Щибго баркала гьечIо,
Бу, ваче бокьарав чи.

– Хочбар, цебеги дица
Тедалищ гьедин вугев,
Эбелгунги ватанин
Цо къоялъ мун къацандун.

– Уха, мунги эбелги,
Гугьарги васги гIадин,
Гогьдаризе гьаризе
РегIун гьечIищ гIадамал!

– Ле, Хочбар, мун гьедигIан
Гьаваялда кIалъазе,
Лъаларев чи гурилан, –
Гаргадана МухIама.

– Мун дидаги лъалилан,
Дур эменги лъалилан, –
Бахъараб хвалчен гIадин,
Хочбарги чIана данде.

– Хочбар, дой нужер БулъкIур
Лъица басра гьаюрай,
Цеве Малачиги тун,
Нечоларищ кIалъазе?

БулъкIурил цIар бахъидал,
Хочбарил канлъи ана,
Кинабго гIакълу-тадбир
ГIодобе бортун ана.

Вортун ун, Хочбарица
Гъванщилъ бараб заруца
Заманаялъ МухIама
ХIохь къотIун гIодов ккана.

Эхеде вахъунаго,
Бахъун хьвагIараб ханжар
Хочбар кколев вукIарав
МустIапал ботIролъ щвана.

ГIолохъаби тIаделъун,
ТIимгъал гьоркьоре рехун,
Хочбарги МухIамаги
ХIалалъ ратIа гьаруна.

– Балагьилаха, Хочбар,
Хвезе къоял ратани,
Я мун гIелаха ЧIондокь,
Я мунги чIван, дун чIела.

– ТалихI кьеги, МухIама,
ГIемер ххвелал гьаруге,
Хочбарида дур богIлал
ГIемерал рихьун ругин!

– Хочбар, дур зарги хIехьон,
ХIалихьалъи баччани,
ХIулагиха дир михъал,
Нахъа гурищ бихьилеб!

– МухIама, гьав Хочбарги,
Хочбарил гьабго зарги
Дуе камизе гьечIо,
Кидал дуй бокьаниги!

«Бихьилин», «рагIилилан»
ГIемерал бицардана,
Цоцада кIалалал гьикъун,
КIиялго рокъой ана.

Рагъда талихI кьоларев
Тимирил МустIапаги
Туртида лъун восана
 Росдал гIолохъабаца.

Гъоркьгоги бекун букIун,
Нахул чIорто бахьичIеб
Гъаримасул ботIрода
ТIадеги ругъун лъуна.

Росдаца рагIи тарав
ГIамирханил васасда
Хочбарица зар кьаби
ГIадлъана гIадамазда.

ГIумруялъ чи кIалъачIеб
ЧIухIараб кьибилалда
ЧIегIераб тIанкI лъунилан
Лъугьана мацIихъаби.

Хочбарица, МухIамил
Рогьо баччиларилан,
Малачил яцалдаса
ЧохтIо-кIаз бахъун ана.

Хочбаридасан щвараб
Цо зар хIехьеларилан,
Цоцаца чIван рехана
Хочбарги МухIамаги.

Огь гъаримал Хочбарил
Херал эбел-инсуда
Херлъиги мискинлъиги
КIоочн тезе гьабуна.

Хал гьабеха МухIамил
ГIисинал лъималазде,
Лъадиги росасе ун,
Инжитго хутIарал куц.

ГодекIабахъ букIунеб
КIваричIеб харбидалъун,
Хал гьабе – ккараб питна
Гьалмагъзабазда гьоркьоб.

Жидее хIажат гьечIел
ГIачи-оцал сабаблъун,
Ункъго кьибил бихьулищ
Кьалде жаниб рехараб.

Хочбар-МухIама кIалъан,
ЛъагIел данде щвелалде,
Лъабго-ункъо чиясул
Рокъоб магIу бахъана.

Бегьиларищ, гьалмагъзай,
Пикру гьабун хIалтIизе,
Пайда гьечIеб чIухIиялъ
ЧIалгIаде холел ругин.

ГодекIаби рехун тун,
Хъвай-цIалиялде руссун,
Тезин басрияб гIадат,
Босизин маданият.

1922с.

## ЦЕВЕ ЛЪАЛЕВ ВУКІУН КІОЧОН ТАРАСДЕ

**Дицаги битIизин гьитIинаб салам,
Цеве лъалев вукIун, кIочон тарасде.
КIиго-лъабго рагIи лъезин почалда,
Гьури нахъ буссиндал, рехун тарасде.**

**Дуца гIадамазде гIайиб гьабуге,
Гьорода хадубин халкъ унеб бугеб.
Гьудул-гьалмагъасде, воре, гъвел баге,
Дур гьакихъ балагьун квалквалев вугев.**

**Дуца пикру гьабе, кибе цIаниги,
Квелъ духъе кьун гурищ дунял букIараб?
Кинан бицаниги, дур рагIиялъул
МагIна букIунаан некIо халкъалъе.**

**Гьанже, пакъирасул икъбал бегидал,
АскIов къалев гIадан къанагIатлъила.
Къойил «ворчIами» кьун квер босаразги
Кисаян гьикъизе бегьула дуда.**

**БачIинаго кквезе лълъар щвечIелдаса,
Лъутулаго рачI ккун чIеларо дунял.
Данде билълъунаго, нилъеца тани,
Дагьабги мугъ рехун, гъолъ нилъги тола.**

**Радал вахъиналде дур азбаралда
Очередалъул кьер чан букIунебан?
Кьижарав ворчIидал, «ворчIами» кьезе
БачIунеб халкъалъул хабар къотIана.**

**Чадил гьудуллъиги гьанал вацлъиги
Лъан батила, Камил, кинаб жояли.
Киса бакIаб къоялъ букIараб къукъа
Къварилъи ккаралъур кинал ратана?**

**Дудаги, вац Камил, кин бицаниги,
Квелъ бакIаризего ракIалде ккечIо.
Кинавго чиясул хIажатги тIубан,
ХIатамилъ бох бухьун, мун хьвадараб куц.**

**Коньякалъул шушби чвантинирги лъун,
Чан квартир букIараб Камил сверулеб?
Квелъ чучун биччани, чода нух лъалей,
Чан гьобол йикIарай гьудул рещтIуней?**

**ГьамиштIасан хъвалел кагътал къотIидал,
Къваридго ватила мун туснахъалда.
Сивухъан рачIунел ругьалабазул
Гьогьен чIваларелъул чIалгIунищ вугев?**

Щиб гьабилеб, Камил, кIваричIин гьанже
Кидаго ролъул чед нилъей бегьилищ?
Духъ чангит букIаго, чанги мерхьанин,
Гьанже бокьараца кьолоян абе.

МакьастIе щолелъул, чоца хъамулеб
Чанги къо букIанин, кирилъун хъваги.
Харикь рагIалдасан гIарал рихьулеб
ГIумру бачIинеги бегьула дуде.

*1935с.*

## КIАЛ БЕГIЕРАЛ ГIУНКIКIАЛ

Халкъалъул гIадат буго
ГIор щвани, цIул бахъулеб, –
ГIарани сельпоялъул
Сурат гьединаб буго.

Йиччан толейлъи лъани,
Лъадиялъ рукъ бухIула, –
ХIалкIварас кIвараб гьабун,
Паналъун унеб буго.

Бичулеб жо дагь буго,
Даранчи гIемер вуго,
Даим бакъалда регун,
Къан нуцIбигун чIун руго.

Бахъулеб харж лъикI буго,
Хайир къанагIат буго,
Къойидаса къойиде
Нахъехун унеб буго.

Ункъо-щуго моцIил харж
ЩвечIилан абула аз,
Щибаб къоялъ гьекъезе
КъагIида кинан кколеб?

Цо моцIил харж кватIани,
ТIаделъулин гIадамал,
ГIаламат, азул сабру
КигIан гIатIидаб бугеб?

Халкъалъул мал кIутIулел
КIал бегIерал гIункIкIазда
ГIор бахине гьабизе
Мех цебего щун буго.

«Харж гьечIого» гьабулеб
Хъулухъалда жанисан
Хъорщоде цIабуцIунеб
ЦIогьол квер баккун буго.

*1938 с.*

## УЧИТЕЛЬЛЪИЯЛДАСА ВАС МИЛИЦИЯЛДЕ АХIИ

Гьаб учительлъиги учузлъун бугин,
БатIияб ишалде щай лъугьунарев?
Учениказулги хъатир хун бугин,
Халкъалъ къимат кьолеб бакI кин кколареб?

Дуй культураялъул хIажалъи гьечIо,
Кутакчилъи буго гьанже къваригIун.
Канлъи-лъай босулеб заман аб гуро,
Милицалъи буго балагьизе ккун.

Мун кив рещтIаниги, чвархъи букIина,
Чагъиралъул шушби цоцалъ тункулеб.
Цо-цо гьоркьо-гьоркьор бакънал рагIила,
Рекъон кIи-кIи ясалъ дуе рачунел.

Спекулянтазул дармида жаниб
Долгун рекъани дуй къенцIезе щвела.
ЧIухь базе аралъуб дагьаб кумекалъ
Дур кисида жаниб жо-жо рехила.

Таманча балареб гIумруялдаса
ГIадада араб жо дида лъаларо.
ГIадан хIинкъулареб формаги ретIун, –
Гьеб жо дида аскIоб дуниял гуро.

*1942с.*

## «РАТIЛИЦА ЧИ…»

Цо къоялъ Хамагилав
Хашабго формаялда
Пуланаб къваригIелалъ
Къурбановасде ана.

Азбаралде лъугьиндал,
Гьвеца чIвазе вахъана,
Хекко гьаб мина теян,
Дежурна вортанхъана.

Дир къваригIел бугилан
Къурбанихъе ворчIана,
Къабулго гьавичIого,
Гьесги нахъе гIинтIана.

Хамагилав пашманго
Гьениса нахъвуссана,
Гьвеца цIа-цIараб партал
ЦIан бахъун нахъе лъуна.

ЦIияб костюм ретIана,
ТIимугъ нахъе рехана,
ТIасан чIварал чарухъал
Чакмабазухъ хисана.

Шарпалъ габур бухьана,
Гишил пальто ретIана,
ТIубараб къачIаялда
Къурбанихъе вуссана.

Ав жанив лъугьунаго,
Гьвеца рачI кIибикIана,
КIалтIа тарав дежурна
Данде вачIун, вачана.

ТIаде изну гьаридал,
Пожалуйстаян абун,
Аваданго Къурбанов
Къабул гьавун кIалъана.

КIиялго гIодор чIана,
ГIарзалъе жаваб кьуна,
КьабгIун кверги босун ав
Берцинго нухда лъуна.

Гьадинал хъулухъчагIи
ГIемер ругилан гуро,
ГIибрат босизе ккани,
Цо-цо чи камуларо.

*1946с.*

## ХЕРЛЪИЯЛДЕХУН

**Дуца дир гьаб гьодалъе**
**Гьабулеб жогIаги щиб?**
**Гьакил авари гIадин,**
**КIичIван къулулеб бугин.**

**КъваригIараб жо бице**
**Дир гарбил щукIдуздасан?**
**ТIад гьанги бакъвазабун,**
**КъватIир рехулел ругин.**

**Дуца дир махIабазда**
**ХIатIихьинищ бан бугеб?**
**ХIал-зулмуялъ гурони,**
**Гали боссе кIоларин.**

**КIалдиб жанибги лъугьун,**
**Лъида дур ццин бахъараб?**
**Лъеда лъурал жал гIадин,**
**ГIусал рагъарун ругин.**

**Дуца дир гIинда жаниб**
**БугIараб жогIаги щиб?**
**ГIадамал кIалъалелъул,**
**ГьакIкIан кIалгун хутIулин.**

**КIиябго бадиса квер**
**Кидал дуца бахъулеб?**
**Канлъи бихьуларого,**
**Руз гIадин хутIун вугин.**

**Дуца хIетIе лъураб лъалкI**
**ЛъачIого хутIуларо, –**
**ХаратIалъдай рахъула,**
**Лугби ругин тIеренлъун.**

**ХъачIаб дур квер лъураб бакI**
**Кидаго къосунаро,**
**Къосел ккараб чол гIадин,**
**Чорхол къуват буго хун.**

**РукIа-рахъин сурараб,**
**Сабаб-дарман тIагIараб,**
**ТIабиб гIажиз гьавураб**
**ГIузру букIун буго мун.**

**БачIун рещтIин гурони,**
**ТIадбуссине лъалареб,**
**ТIокIаб дир агьлуялде**
**Гьоболлъухъ ккогеги мун.**

**Аман, цо гIолохъанлъи**
**Нахъе буссунебани,**
**Дуца гьарулел ругел**
**Гьагал ишал рицине.**

**Пайда щиб анищазул,**
**Ихтияр духъе кканин,**
**Дуйго бокьухъе хIалтIе, –**
**ХIамзат дудаса къунин.**

*1948с.*

## ЧIУХIАРАЛ ГЬАЛБАЛ

**РачIун унел нухлулал**
**ЧIалгIун рукIарав дида**
**ЧIухIарав кIиго гьобол**
**КIал гьикъун рещтIун руго.**

**Нахъруссаян гьаридал,**
**Гьез гIин тIамулеб гьечIо,**
**Мунги вачун гурони**
**Инарилан чIун руго.**

**Эзда цадахъ вахьине**
**Дий рес рекъолеб гьечIо,**
**Рукъалъул мискинлъиялъ**
**Квер базе бакI хун буго.**

**РекIине аз кьолеб жо**
**Кьили гьечIеб чу буго,**
**Черхалда ххолеб къолден**
**Къвал гьечIеб гурде буго.**

**Унеб нух рикIкIада буго,**
**БакIал гьирал тIад руго,**
**БукIараб дир нахърател**
**Рахъ-рахъалъ унеб буго.**

Нухда сардал ралеб бакI
СанагIат гьечIеб буго,
Сверухъан гьабураб къед
КъватIиб нух гьечIеб буго.

Хъизан, лъимал, гIагарал,
ГIумру цадахъ тIамурал,
Дида тIаде ракьги хъван,
Нахъруссинилан руго.

*1948с.*

## ВОРЕ, ЧIУХIИ ГIОДОЙ РЕХЕ

Гуллил ругъун гIемерисеб
МоцI балелде лъилъун уна,
МацIалдасан щвараб ругъун
Щибунги лъилъуларо.

ТIасан ккараб тунка-гIуси
Квер босидал лъугIун уна.
Керен-ракI унтараб рагIи
ГIумруялъ кIочон толаро.

Нахъе боссе кколеб рагIи
ГIадада кьвагьун биччаге,
Дур гьодорал гIузрабаца
Гьелъул гIайиб бацIцIунаро.

Воре, дуца цого кIалдиб
КIигIаркьелаб мацI хьихьиге,
МацIалда ракьа гьечIилан,
Бокьанщинабги бицунге.

Бицунеб дур рагIиялда
ГIакълу цебе ккезе гьабе,
Ца таралъ мегIер толелъул,
ГIантаб хабар хулжиниб те.

Воре, чIухIи гIодоб рехе,
ГIадамазул къимат гьабе,
ГIамал гьитIинавлъун вукIун,
Гьалмагъзаби гIемер гьаре.

Дулъ гьечIеб рецц гьабунилан,
Гьелдаса, воре, вохуге,
Бугеб гIайиб рехсонилан,
Вихха-хочунги лъугьунге.

Цин цебе гIузру лъачIого,
Лъиданиги гIайиб чIваге,
ГIадамал хIакъир гьарураб
ХIухьел къватIибе биччаге.

Живго жиндие гIурав чи
ГIадамазе басралъула.
Бохараб гьумер бугесул
Гьалмагъзаби гIемерлъула.

Гьуинаб рагIи бицани,
ГIадамасул ракI батула,
РакIги кверги гIатIидав чи
Тушманасеги вокьула.

КигIан уяб букIаниги,
Мунго дуцаго веццуге,
«Дун», «дие», «дицайин» абун
ЩекIал рагIаби рицунге.

Халкъалдаса тIадегIанлъи
ТIалаб гьабизе лъугьунге,
Вортани, бохдул унтулеб
Борхалъудеги вахунге.

Дуда бацизе кIолареб
КIалтIуги рагьуге дуца.
КIалалъ бичизе кIолареб
ГарацIги бухьунге дуца.

ГIадамасул тIадегIанлъи
РагIад гIадаб жойин кколеб,
Мун вортанагIан – лъутулеб,
Мун лъутанагIан – бортулеб.

РекIел гьава чIарбида лъе,
ЧIухIи хIатIикь тIамун лъухье.
Рецц къваригIараб напсалда
Босун гъванщилъ бакIаб зар бай.

*1948с.*

## КЪАДАКОГИ РОСГИ

Цо къоялъ къадако, къватIив росги ун,
Къадал картIинисан балагьун чIана.
Къудкузда гьоркьосан цо гьудулги ккун,
Пуланаб гонгида рещтIун бихьана.

Гъоркьгоги къваридаб къадкил каранда
Гьезул рагъариялъ ругънал гьаруна.
Росасда бахъараб жиндаго бецIун,
ЦIадай кIанцIун, хвезе хиял гьабуна.

Гьединаб хIалалда хIайран букIаго,
ХIулиги кIалдиб ккун, рос тIаде щвана.
«Нилъерго бусаде босанин» абун,
Берцинаб мацI бицун, сверухъ лъугьана.

– Дие дур хIулидул хIажалъи гьечIо,
Дурго йокьулелъул кьунсрузда чIван те.
ЧIахIил бугониги, бусенги гIела,
Босе гьудулалъе. Дун жахIайго те.

– Йокьулей мун гурищ, кьер берцинаб тIегь,
ТIадагьал рагIаби щайзе рицунел?
ТIокIай мун гурони гьудулги кквечIин,
Щай турарал харбал тенкезарулел?

– Россал гIоларезда сверухъги лъугьун,
Дур свер-сверди буго гьанже къваригIун!
Саяхъалщиназул гьудуллъиги ккун,
Мун кIенчIезе гьави букIана камун!

– Вай, дир берзул канлъи, каранзул дарман,
Кида дун чучарав чидар ясазе?
Чорхол рухIалдаса хирияй дуда
Данде лъолеб жого лъаларо дида.

– Гьедин ватила мун, радалго вахъун,
Михъ-мегежги къачIан, къватIив лъугьарав;
Къуншбал халатилгун хабар-кIалалда
Хочбарил гонгида рещтIун вукIарав.

– ГьацIулъе цIам балел мацIихъабаца
ЩIалкIулеб рагIуде гIин щай тIамулеб?
ТIасан кIал бахьинал борхьаз риччалел
Чарал хабаразул хал щай гьабулеб?

– Дуца балеб къвалги, къалел бералги
БихьичIезда бице гьединаб рагIи.
Къвалакь гьудулги ккун гочардулелъул,
Гордухъан раккичIел ккве махсароде.

– Ралъдал тIиналдаса гозоялъ босун,
Балищ дур гарбида гургинаб жавгьар!
Жаниб тIавап гьабун, тIад басандизе,
Босун лъелищ аскIоб Истамбул шагьар!

– Месед-гIарцул дунял дуца баниги,
Гьанже нилъер бакъан рекъон ккеларо.
Билкъисил тахида тун хьихьаниги,
Цогидай йокьарав мун вакьан гуро.

– Дица чияр къудкул къвалакь ккунилан,
Къварилъизе ккани, дуй камураб щиб?
КъватIул хIанчIаздасан кеп босунилан,
Мун барщизе ккани, щиб жо эб кколеб?

– ЛъикI буго, дудаго кинан бихьилеб,
Бихьинкъадкида дун къвалакь ятани?
КъварилъичIого ракI букIинадай дур,
Дандиялъ гьелдасан пайда босани?

Бицине мацI бакъван, къварилъиялда,
Къулун гIодойгун аб гIенеккун чIана.
ЧIужуялъул рагIул магIнаги бичIчIун,
БачIун, гьелда цебе гьурмада ккана.

*1939с.*

## МАЦIИХЪАНЛЪИЯЛЪУЛ БАРКАТ

ГъалбацI унтараб мехалъ,
Ханасул хIурмат гьабун,
ХIутI-хъумуралъул агьлу
Гьелде раккизе ана.

Унти кьурас гIажал кьун,
ГIумру букIкIагийилан,
РакIалъ палги къотIун, цер
Паракъат рокъоб чIана.

Гьелдасан мацI гьабизе
БацIил гьира бахъана,
ГъалбацIалда цебечIун,
Царал чIухIи бицана.

БацIил харбида божун,
ГъалбацIалъ цер ахIана,
Адаб-хIурмат тунилан,
ХIинкъи кьун гаргадана.

Берцинго гIодой биччан,
Цараца жаваб кьуна,
Ццидал цIураб гъалбацIги
ГъуцIун гIундулгун чIана.

– БетIерчIахъад, халкъалъул
Аслияб мурад буго
Оц хвани – квине гьанги,
Гьоко биххани – цIулги.

Гьелгун лъугьун хьвадизе
Дие регIел букIинчIо,
Дуй дарман балагьулеб,
Гьелда хадуб хутIана.

ГъалбацI, хьибилги хисун,
Царадехун буссана,
– Сабабго батичIебищ,
Дир тулпар? – ан гьикъана.

– БетIерчIахъад, дур унти
Дохторасе бициндал,

БацIил махIабазул щекI
Щоларищан вукIана.

ГъалбацIалъ, бацIги ахIун,
МахIалда квачI кьабана,
Квешал гьаркьалги кIанцIун,
БацIица нух босана.

Бидухъ хIатIалги риччан,
ЩинкIиялда бачIунеб
БацIида бер кIутIидал,
Цараца кIал кьабана:

– Ле гьаб, мачуялбагIар,
Чияхъего билълъунге,
Ханзабазул къавутIа
КъвачIил кIалги бичуге.

*1945с.*



# ТӀерхьунарел цӀваби

*МахӀач Дахадаев гьавуралдаса – 130 сон*



## ГЬАСУЛ ЦӀАР ХУТӀИЛА ХАЛКЪАЛЪУЛ РЕКӀЕЛЪ

МахIач Дахадаев. Нилъеца кIочон тезе риччарал, амма нилъер тарихалдаса унарел цIарал гIемер руго нилъер миллаталъул машгьурал гIадамазул. КIочонарел цIараллъун лъугьинаризе ккола халкъалъе гIоло гIумру кьун хварал, жидерго напсалъе рахIаталъе гIоло гуреб, инсаниялъулго лъикIаб букIинеселъул анищ гьабурал, гьеб нухда хвел батарал, гьелъие гIоло кинабго гьабизе рухIалда барахщичIел къанагIатал ва багьадурал гIадамазул берцинал цIарал. РачIа, ракIалде щвезавилин гьединазул цояв, Дагъистаналъул ракьалда февралалъул революциялъе цевехъанлъи гьабурав МахIач Дахадаев.

МухIамадгIали (МахIач) Дахадаев гьавуна 2-абилеб апрелалда 1882 соналъ доб мехалъ Дагъистан областалъул Авар огругалъул Гъойсубоялъул участкаялда гьоркьобе унеб букIараб Унсоколо росулъ. ГьитIинго эбел-эменги хун, МахIач цIалулев вукIана Хунзахъ школалда, хадув Темирхан-Шура реалияб училищеялда. ГIемерисел бечедал чагIазул, гиназазул, бегзабазул, базаргабазул, офицеразулгун хIакимзабазул лъимал цIализарулел гьел цIалул идарабазда МахIачида дандчIвалеб букIана гIемераб ритIухълъи гьечIолъи. Жиндирго мискинлъи баччизе яхIги бахъун, цIалдохъабазул тIасанккараб хьвадачIвадиги хIехьон, МахIачица тIадегIанаб даражаялда лъугIизабуна кIиябго цIалул идара.

ГIицIго жиндего мугъчIвайги гьабун, жиндирго къуватги бажариги бихьизабун, гьеб ритIухълъи гьечIолъиялде данде къеркьезе ккани, жиндирго гIакълуги гьунар-махщелги цебетIетIеялъе тIадеги лъай босизеги, жеги-жеги цIализеги кколилан пикруги гьабун, цоккураб хIукмуялде вачIана МахIач.

I8 сон барав МахIач Дахадаев I900-абилеб соналъ Петербургалъул инженеразулгун-нухазул институталде цIализе лъугьана. ЦIалийин абуни мухьдахъ гьабизе кколеб букIана. БукIаниги, цеветIурав студент

вукIиналъ, гиназ Гъазаналиповасул бихьизабиялда рекъон округалъул фондалдаса гьесие стипендияги чIезабун букIана.

МахIачил Петербургалда цIалулел сонал данде ккана Россиялда революциялъул багъа-бачари байбихьарал I905-I907 соназда. Экономикаялъулгун политикаялъул суалалгун цере рахъунел рукIана хIалтIухъабиги студенталги, гьайгьай, МахIачги нахъегIанги чIун гьелъухъ балагьаравлъун гурев, гьеб кинабгоги ритIухъ гьабун, гьезда гьоркьов гIахьаллъулевлъун вукIана. «Искра» газетаги гьоркьоб ккун, марксизмалъул литератураги цIалулаго, революциялъулал гIуцIабазде цолъулев вукIана гьев. I90I сональго цIубараб пикруялъул гIолохъанчи РСДРПялъул членлъиялдеги лъугьун вукIана.

Архивалъул материалалъул баяназда рекъон, «Петроградалъул хIалтIухъабазул баррикадаялда МахIачги къеркьолев вукIана».

Россиялдаго миллаталъул пролетариатазда ва рекьарухъабазда цадахъ рахъун пачаясда дандечIун къеркьолеб букIана гIемермилатазул Дагъистанги.

I905 сональ МахIач Дагъистаналде тIадвуссана. Гьанив кIицIулниги ккун жанив тIамулев вукIарав гьев, чIужуялъул эмен – имам Шамилил вас МухIамад-ШапигIил гъоркьлъалие лъураб гIарцул хIасилалда I906 сональул ноябралда къватIиве виччана. Дагъистаналъул губернаторас Кавказалъул наместникасухъе хъвараб кагъаталда абулеб букIана: «Дагъистаналъул рекьарухъабазда, студентазул багъа-бачариялда гьоркьоб хассаб бакI МахIачицаги ккола», абун. Гьелъул хIасилалда жанив тIамун вукIарав МахIачилгун суравгицин босичIо.

Гьебго сональул 22 январалда губернаторас нахъеги Кавказалъул наместникасухъе, МахIач Дахадаев, жамагIаталъул рахIатхвезабулел ишал гьарунгутIиялъе гIоло Кавказалдасаго нахъе витIейилан гьарун кагъат хъвана.

Туснахъалдаса МахIач къватIиве вачIана дагьабги ракIчIараб хIадурлъигун, Дагъистаналъул администрациялда пачаясул хIукуматалде данде къеркьезе бугеб нигатгун.

Гьеб сональ улкаялъулго классиял рагIидандеккунгутIиял ва миллиял гIорхъабазул суалал рорхун рукIана.

24 маялда Кавказалъулго полициялъул начальникас департаменталде лъазабуна: «Унсоколо росдал гIадамазухъ яргъид гIуцIун рагъизе рахьиналде халкъ ахIараб, авар мацIалда хъвараб 22 экземпляралда бахъараб хитIаб батана» абун.

Революциялъулаб ахIи бахъинабулев хIисабалда цо нухалъ гуро МахIач Дахадаев кквезе ва жанив тIамизе хIалбихьи гьабураб.

Воронцов-Дашковасул буйрухъалда рекъон, I906 сональул 20 августалда Дахадаевги, Къоркъмасовги, Кваршаловги Кавказалъул ракьалда гIумру гьабизе ихтияралдаса махIрум гьаризе гьукъизе бихьизабун букIана.

Сурав босун лъугIигун, I907 сональул январалда жанисел ишазул министрас МахIач Дахадаев, кIиго сональул полициялъулазул бербалагьиялда гъоркь вукIинелъун витIана Волгоградалъул губерниялде, яги къватIисел пачалихъазде унги, Кавказалъул ракьалда

вукIунгутIизе тIалаб гьабулеб букIана гьесдаса. Амма МахIачица хIаракат бахъана Санкт-Петербургалде ворчIизе.

25 октябралда МахIач Дахадаевасе изну щвана Санкт-Петербургалда гIумру гьабизе, гьединго гьев цIидасан живго цIалулев вукIараб институталда тасдикъ гьавуна ва I909 соналъул февралалда гьеб тIадегIанаб цIалул идара бергьенлъиялда лъугIизабуна. Институт лъугIун хадуб, инженер МахIач Дахадаев витIана Армавиралъулгун-Туапсеялъул маххул нух гьабулеб бакIалде, гьенив гьев хIалтIана, порталъул бетIерав инженерасул заместителасул хъулухъалде гIунтIунги батIи-батIиял хIалтIабазда. Дагъистаналдаса рикIкIад вукIаниги, гьоркьоса къотIичIого МахIачихъе щолеб букIана жиндирго гьитIинаб ватIаналда бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ лъазаби. Санкт-Петербургалда СагIид Габиевас бахъулеб бук1араб «Дагъистаналъул рогьел» газеталде гьес хъвалел рукIана жиндирго пикраби рагьун загьир гьарурал макъалабиги.

I9I5 соналъ МахIач Дахадев Петербургалде вахъана ва байбихьана Карелиялъулгун-Мурманскалъул маххул нухлул идараялда хIалтIизе. Гьеб заманалда МахIачил букIана 33 сон ва гьесул хулжиниб букIана политикияб хIалтIул лъаялъулгун-хIалбихьиялъул гIураб юк.

Владимир Ленинги, Крупская-Ульяноваги, М.И.Калининги гьоркьоре унеб партиялъул членазул анцIабилеб номералда цIар хъварав МахIач Дахадев МухIамадгIалил тIокIцIар букIана «ЧIегIерав» абун.

I9I6 соналъ областалъул губернаторас, ахир-къадги МахIач Дахадаевасе Дагъистаналде вуссине инзу кьуна. Гьеле гьеб букIана гьесул – бакIалъулал гIадамаздасан хIалтIухъабазул коллективги гIуцIун, жиндирго анищ тIубазе бугеб рес.

Гьеб анищ хIакъикъияблъун лъугьуна, Централияб рагъулабгун-революционнияб комитет жамгIиял гIуцIабазде 5000 ханжар гьабизе гьаригун цебе бахъараб мехалъ. Гьеле гьеб ссогIаб гьариялъе жаваб гьабун, Темир-Хан-Шура МахIачица рагьана «Хунжрузул къебелъи», хадуб гьеб сверана 500 къебед жанив хIалтIулеб хунжрул гьарулеб заводалде.

СагIид Габиевасул ракIалдещвеялда абулеб буго: «Студентасулал соназдаго букIана МахIачил, бакIалъул гIадамаздаса коллектив гIуцIизе анищ… Рагъул соназда гьеб гIуцIун букIинчIебани, I9I7-I9I8 соназда, съездаздаги конференцияздацин зарудги яргъидги рахъине ккарал лъугьа-бахъинал кколел рукIиндал, букIинароан Шура шагьаралда контреволюциялде данде къеркьезе рес гIураб яргъилаб сурсатги.

Россиялда ккараб февралалъулаб революциялъ ва гьелъул хIасилалда гIуцIун букIараб Заманалъулаб хIукуматалъ улкаялда, гьединго Дагъистаналда букIараб ахIвал-хIал бицинегIан хисизабичIо. Цо рахъалъ заманалъулаб хIукумат, цоги рахъалъ советиял рекьарухъабазулгун хIалтIухъабазул депутатасул совет – кIийиде бикьун букIана улка. Къуват бащадаб букIинчIо. Заманалъулаб комитеталъул рахъалда рукIана кадрабазул офицерал, гиназал, бегал ва гьезда релълъарал, советазул рахъалдайин абуни гIолел рукIинчIо рагъулаб лъай щварал профессионалал. Полковник Жафаровгун цадахъ тIоцересезул рахъалда рукIана туркал, ингилисал. Октябралъул революциялдаса хадубин абуни улкаялда политикияб ахIвал-хIал дагьабги хIалуцана.

I9I8 соналъ Темир-Хан-Шура шагьаралъул данделъи тIобитIулаго, анлъазарго чиясдасан гIуцIараб аскаргун тIаде щвана ХIоцоса Нажмудинги Узун-ХIажиги. Рекьарухъабазулгун хIалтIухъабазул союзалъул гIахьалчагIи, хасго хунжрузул заводалъул хIалтIухъаби, бетIералда МахIач Дахадаевгун гьезда данде рахъана ва ккезе бегьулеб букIараб кIудияб би гIодобетIей, рекъел-маслихIаталъул нухде бачана. Щаклъи букIинчIо, шагьар бахъизеги социалистикияб къокъа тIагIинабизеги рагъуе хIадурун тIаде рачIаразе бокьун букIараблъиялда.

Гьелдаса хадув МахIач Дахадаев ана Северияб Кавказалда вукIарав Кировасухъе. Кировас Бакуялде аян гIакълу кьуна МахIачие. МахIачил гьариялъе жаваб гьабун, рагъухъабазе ретIел-хьитги ярагъги кьуна Северияб Кавказалъул округалдасан. Бакуялдаса гьев вуссана БагIараб армиялъул къокъагун ва гьев тIамуна Дагъистан областалъул рагъулав комиссарлъунги, гьединго гьев гьавуна Северияб Кавказалъул рагъулабгун–революциялъулаб комитеталъул председателасул заместительлъунги. Гьесда дандечIараз митингаздаги данделъабаздаги МахIачил ишал гIумруялде рахъунгутIиялъе кIвара-лъараб гьабизе байбихьана, гьез хIукму гьабуна МахIач чIвазе.

I9I8 соналъул май моцIалъул байбихьуда Темир-Хан-Шурабе лъабго батIияб рахъалдасан жанире лъугьана гьеб къасдалъул церехъаби. Гьедин, мугIрузул рахъалдасан сверун гор тIамураб гIадин, МахIач къориниве ккезавизе хIаракат бахъана гьез. Гьеб мехалъ рагъулабгун-революциялъул комитеталъ Дагъистаналъул захIматчагIазде хитIабалъулаб ахIи бана БагIараб Армиялъул кьеразулъе лъугьине. Дагъистаналъе кумекалъе квербакъи гьабейилан Ленинихъе хъвана Иосиф Сталиницаги Сергей Орджоникидзецаги.

Контреволюциялде данде гьабулеб гьеб къеркьеялъулъ хIаракатчилъи бихьизабуна Астраханалдасагун Царицыналдаса Буровас ва Ляховас нухмалъи гьабулел Бакуялъулал багIарал гвардейцазул къокъабаз.

Петровск кодоса индал, МахIач Дахадаевас хIукму гьабуна мугIрузде – Дагъистаналъул округалде ине. Амма Жунгуталъулгун Гъадаралъул нухда I9I8 соналъул 23 сентябралда гъоркьчIелги гьабун, гIицIго 36 соналъул гIумруялда вугев цIа гIадав гIолохъанчи, хIалихьатаб къагIидаялъ чIвана.

«МахIач вукIана, Дагъистаналда революция гьабулаго, цого-цо вугев, жиндаго сверухъ кинабго божилъиги бажариги бугевщинав чи вакIаризе кIолев гIуцIарахъанлъун» абун хъвана, МахIач чIваялъул ккараб кIудияб ками бичIчIарав СагIид Габиевас.

Гьесулго пикруцояв Я.В.Коробовас хъвана: «МахIач Дахадаев вукIана бищунго халкъалда асар гьабун бажарулев, бищунго цебетIураб пикруялъулги бажариялъулги чилъун» – илан.

МахIачил хвел рагIун данде бакIарараб митингалда кIалъалаго Жамалудин Къоркъмасовас: «Живго кIочон тун, гьес кидаго анищ гьабулеб букIана бахъараб эркенлъи кин щула гьабилебали. ГIодов виччан балагьулаан гьев хвалда бадиве, лъалеб букIана битIараб нухда

живго вукIин. «Жиндирго рухIги кьун тасдикъ гьабуна, сундуе гIоло дунялалда гIумру гьабурабали ва кин хвезе кколебали»абун.

I922 соналъул I0 июлалда ВЦИКалъул хIукмуялдалъун Порт-Петровск шагьаралъул цIар хисана. Гьелъие кьуна нафсилан ахIичIого, халкъилан ахIарасул цIар – МахIач Дахадаевасул мустахIикъаб ва бахIарчияб цIар.

I930 соналъул I9 апрелалдайин абуни ГIуранинский районалъул цIарги хисун, гьелъиеги кьуна Дахадаевский район абун къадруяб цIар. МахIач-аул букIана Ставрополалъул краялдаги, МахIач-кент – Гъизляр районалдаги. I944-I957 абилел соназда ЧИАССРалъул Даттах росдадаги Дахадаево абун цIар тана.

Дагъистаниязул дагьабниги гIакълуги магIнаги бугел наслабаз кIочене течIого рекIелъ цIунула гьеб багьадурасул цIар. ГIезегIан хъизамазда жидерго васазде ахIана МахIачил хIурматияб цIар.

Живго МухIамадгIали (МахIачил) жиндаго хассаб гIумруялъул бицунеб бугони, гьес тIоцее лъадилъун ячун йикIана имам Шамилил вас МухIамад-ШафигIил яс ПатIимат-Загьрат, гьезие гьавуна вас – ГIадил.  Гьесул кIиабилей лъади йикIана гьелъулго яц Нафисат. Гьелъ кIудияб кумек гьабуна росасе, революциялъулал ишал гIумруялде рахъинариялъул мурадалда. Амма гьелъул лъимал рукIинчIо.

МахIачил ракьцоязги ва рахъкколезги ункъабилеб октябралда Экологиялъул институталдаги, хадуб вокзалалда бугеб памятникалда цереги тIугьдулги лъуна, гьесул хIакъалъулъ бищунго лъикIал рагIабиги абуна. Амма митингалда я Дагъистаналъул хIукуматалъул яги шагьаралъул администрациялъул рахъалдасан цониги вакил вукIинчIо.

Хьул гьабизе бокьун буго, 20I7 соналъ нилъер бахIарчи МахIачил I35 сон тIубаялъул хIурматалда, гьесул цIар тараб тахшагьаралдаги, районаздаги, росабалъги, гьеб иш тIаде кколел нухмалъулел идарабазул церехъабиги гIахьаллъун, кколеб даражаялда гьев – нилъее эркенлъиялъеги талихIалъеги гIоло жиндирго гIумру кьезе барахщичIев бахIарчияв инсан кIодо гьавураб тадбир тIобитIилилан ва киданиги гьединал гIадамал кIочон теларилан.

***ГIабдулатIип ХIажиев,***
***тарихиял гIелабазул кандидат.***

# Персиялъул кучIдул

**МухIамад АХIМАДОВ**



*Дагьав цеве дун щана некIсияб Персиялде – жакъасеб Ираналде. ГIажаибаб асар гьабуна дие гьунар тIокIал шагIирзабазул ватIаналъ.*

*Персиялъул ракьалда ракIалде кколеб букIана салам кьезе гьоболлъухъ рачIунел ругин КIудияв Фирдоуси, гIакъилав Хаям, Къуръан рекIехъе лъалев ХIафиз, хIикматав гIищкъул шагIир СагIадиян. Гьезул рухIалъ дие кечI ахIулеб букIана, батIияб балъголъи рагьулеб букIана. БатIияб, гIицIго гIолохъанаб заманаялъ букIараб гIишкъуги шавкъги бачIана дир кочIолъе Персиялда, гьеб шавкъалъе шапакъатлъун лъугьана тIогьиб нур чIараб, кьерал гIемераб, гIумру батIияб, ритIухълъи балагьулеб, Аллагьасде гIагараб, гIищкъуялъулъ лъедолеб, рокьулъ гьалдолеб даимаб, дунялалда даимаб, дунялалда лъикI лъалеб ва цIалулеб шигIрабазул гIатIидаб дунял. Дун гьелъул карачелаз кодовеги восун Каспиялъул гIатIилъиялдеги нилъер мугIрузул рорхалъабаздеги вахинавуна, ракIалдещвеялъул гъасда бакараб кочIол, гьудуллъиялъул ва гьоболлъиялъул цIаялъ хинлъизавуна, хIухьел бигьалъана, берал канлъана, квер гIатIилъана, керен рагьана.*

*Гьединаб буго иллагьияб поэзиялъулги гьеб бижараб ракьалъул къуват.*

*Дун гIахьаллъана халкъазда гьоркьосеб тIахьазул ярмаркаялда. Дун щвана Тегераналда бугеб «ТIахьазул шагьаралде» ва тира-сверана гьенибго гьабун бугеб «ТIахьазул ахикь», дица кучIдул цIалана Тегераналъул тIахьазул институталда.*

*Дида Иран бихьана тIахьазул улкалъун. Дунялалъул адабияталъул гьениб камураб тIехь батиларилан ккана, таржама гьабиялде гьениб кьолеб бугеб кIваралъ ракI хIайранлъана.*

*Гьал кучIдузул рагIаби дида гьикъичIого рачIун рещтIана рекIелъ, дица щибниги ургъичIо, дихъе рачIарал жугьаби кагътиде росана.*

*«Персиялъул бакънлъазулъ» С.Есениница хъван букIана:*

**Амма кинан кIолеб мун кIочон тезе –**
**Сапаралда бугеб дир къисматалда?**
**Дица гIагаразда ва рикIкIададазда**
**Дур хабар бицина –**
**Мун кIоченаро.**

*Дица нужедаги бицунеб буго гьеб хабар, хириял магIарулал, хутIараб кинабго кучIдузулъ буго.*

## БАЙБИХЬИ

1.

Персия, бачIана мун дир кочIолъе,
Квер чIвазе ватана аскIов чIун Хаям.
Хадур ХIафизица рачана бакънал,
Бакъуе кунчIана СагIадил гIинтIи.

ТIантIамун вуго дун…ГIасрабазулъан
ГIарасалъул суал кьола шигIрабаз.
Ширазалъул ракIги рагIабазулъ лъун,
МагIарухъе руго гьел роржун унел.

Персия, дур ахикь азарил соназ
Сардазги къоязги бицана рокьул.
Рокьукълъидул цIураб дуниялалда
Динлъун гьабуна гьеб дур шагIирзабаз.

МагIарухъ ганчазул ахикь гIуна дун –
Дагъистанадаса магIарул шагIир.
ГIицIал кьурабалъе кьалбал риччарал
Кьер-кьерал тIугьдуца гьавуна асир.

Гьал нижер тIогьазда розаби гьечIо,
Разиго рукIуна гIинтIиялдаса.
ГIибрат босизе гьеб букIин гIеларищ? –
Ширазги Гъунибги цолъила кочIолъ.

2.

ЦIвабзазул цIураб зоб, гIодобе бортун,
Тегеран, дур къватIахъ тIибитIун буго.
ТIатIала ккун ругел канлъул сухъмахъал,
СагIадил кучIдуллъун лъугьунел руго.

Персия, некIсиял бералги рагьун,
Балагьун чIун буго дир гьинал рекIехъ.
РикIкIадасан дихъе бегьулеб буго
Гьунаралъул роза, заз рокьул бугеб.

Дагъистаналъул кечI ахIейин абун,
ХIафиз вуго дида данде вачIунев.
ЧIумалги кодор ккун вуго СагIади,
ГIумар Хаям вуго хадув валагьун.

Персия, баркала шагIирзабазухъ,
Персия, баркала кочIол беразухъ…
Горду рагьун буго, рагьдухъ мун буго,
Мунагьал чурула дуца шигIрудул.

## РОКЬИ, РОКЬИ…

МацI лъалареб мехалъ
МацI лъазе ккани,
ГIенеккизе ккола
АхIулеб кочIохъ.
КечI ахIулеб буго…
Киналго хIарпаз
ХIасраталъул хIухьел
Угьулеб буго.

БакI лъалареб мехалъ
БакI лъазе ккани,
Ккола гIенеккизе
АхIулеб кочIохъ

КечI ахIулеб буго,
Щибаб рагIиялъ
«Рокьи, рокьийилан»
Кьола кодобе.

РакI лъалареб мехалъ
РакI лъазе ккани,
ГIенеккизе ккола
АхIулеб кочIохъ.
КечI ахIулеб буго,
РекIел бераца
«Рокьи, рокьийилан»
Бикьула магIу.

* * *

Гьале зоб, гьале доб
Рокьул шагьри моцI,
ШагIирасул гьудул,
Гьунаралъул нугI.
МагIарухъ гьелъ кьуна
МахIмудий канлъи,
Кинабго дуниял
ЧIегIерлъарабго.

Гьале зоб ва гIодоб
Ширазалъул ах,
Ахихъанлъун гьанив
ВукIана шагIир.

Гьесул рокьул гьотIол
Кьалбал цо руго:
Цо берцинал берал,
Бергьараб гIищкъу.

Гьале зоб, гьале доб
Даимлъидул нугI,
Дунялалда чIараб
Гьунаралъул нур,
Нус-нус сон аниги
Гьеб хисуларо,
Хасал кьерал кьола
Гьелъий Аллагьас.

* * *

«Нилъ киса рачIарал,
Кире нилъ унел,
Нилъер гIумруялъул
МагIна щиб бугеб?» -
Щибаб къоялъ кьолеб
КьогIаб гьеб суал,
Сундасаго цебе
Буго рагIулеб.

Дица Хаямида
Абулеб буго,
Бегун бугин дунял,
Бидуца мехтун,

Мехазги ихазги
Рокьукълъи гьекъон,
Рокьиги кIочон тун,
КIалагъоркье чIван.

«Рокьи, рокьийилан»
КIалъала Хаям.
«ГIищкъу, гIищкъуйилан»
Вуго СагIади…
…Гьал ватIаналдаса
КъватIир кьотIарал
Къваридал гIадамал
ГIодула кьотIнор.

* * *

*ГІарац хисулелда жакъа гьикъана…*
*С.Есенин.*

**Хисуге, хисуге**
**Дуца дий гІарац,**
**Берцинай меседу –**
**Меседил горо.**
**Гуро, дун хутІана**
**Есенин гІадин:**
**- Кин дуда абилеб**
**Йокьулин абун?**

**Дур тІеренал килщаз**
**Хъирщулел руго,**
**Рищун гІорцІуларел**
**ЦІиІ-цІиял гъурщал:**

**- Хисуге, хисуге**
**Дуца дий гІарац, -**
**Къарзалъе босила**
**Есенинихъа.**

**Гъурщазухъ бичулеб**
**Чу гуро рокьи,**
**Чияхъа бахъизе**
**КІоларо хІасрат:**
**- Хисуге, хисуге,**
**Ясай, дий гІарац.**
**ГІарац дий щибизе –**
**Мун месед йиго.**

* * *

**«Риччун ругел берал**
**Ракъвалел гьечІо,**
**Ракъван ругел кІутІби**
**Риччулел гьечІо», -**
**Гьединан рагІулеб**
**Буго, ХІамзаев,**
**ХІасраталъул гьаракь**
**Ракьалъул нухда.**

**Дида Каспий ралъад**
**РакІале щола,**
**РагІалда руго нилъ**
**ГІумар-ХІажигун,**
**ГІумар Хаямица**
**Абулеб буго:**
**- БукІанин нужерги**
**Цо заманайин**

**Гьеб заманаялъул**
**Зонохъги кІусун,**
**КІиялго нилъ руго**
**Харбие хутІун,**
**Хаямил суалал**
**Цоцазеги кьун,**
**Цо-цо дол цересел**
**Ихал цІехолел.**

**ХъахІилаб Каспиялъ,**
**ХъахІал чуяллъун,**
**Карачелал руго**
**Эркенго риччан:**
**«Риччун ругел берал**
**Ракъвалел гьечІо,**
**Ракъван ругел кІутІби**
**Риччулел гьечІо».**

* * *

**ГІумру батІияб буго**
**БетІер хъахІлъараб мехалъ,**
**ХъахІаб рогьалидацин**
**Сардил сурат бихьулеб.**
**Суалалгун жавабал**
**Жалго жиделъ рагъулеб,**
**Гъугъадулел зобалаз**
**Зарукь заман кІвекІулеб.**

**Амма бетІер хъахІлъидал**
**ХъахІлъизе ккола дур ракІ,**
**РакІалдаса унарел**
**Тохал мехал рехун тун.**
**ТІохде вахун вуго дун**
**ГІащикъаб гІумруялъул**
**ГІакІа ахІулев вуго**
**ХутІарал лахІзатазул.**

Абула шагIирзабаз,
ШигIрабазулъ дин бугел,
Дуниял батIияб бугин
БетIер хъахIлъараб мехалъ,
Щибаб дуе кьураб къо
Къарну бугилан кколеб,
Каранзул щибаб хIухьел
ХIалкIолесе угьулеб.

БетIер хъахIлъараб мехалъ
БетIергьанасе гуреб
БатIияб заман гьечIо,
ЧIандаялъе бакI гьечIо.
РекIеца как ахIула,
АхIуд ритIухълъи щола:
БетIер хъахIлъараб мехалъ
БетIер зобазда хъвала.

* * *

«Йокьулилан щурула,
Щвеларилан хIинкъула», -
ХIакъ лъачIеб рокьул хIанкъва
ХIинкъичIого лъедола,
Гьудуласул рагIаби,
ГIабасиласул гьаракь
Гьеб рокьул улкаялъул
Дандерижилъун буго.

Их бачIунеб бугилан
ЧIичIилел руго хIанчIи,
ЯчIине мех щванилан
Щурулеб буго кIутIбуз.
Щибаб къойил рагIула
МугIруз мугIрухъе кьолеб:
«Йокьулилан щурула,
Щвеларилан хIинкъула».

Гьудул, дур хиялазе
Хирияб букIана ах,
Ахикь мун вукъараб къо
Къойил ракIалде щола.

Дур макьий ахх бачунеб
Ахирлъун лъугьана ах:
Авар ракьалъул бустан –
Бусен ГIабасиласул.

Бокьулаан, дир гьудул,
Дие такрар гьабизе,
«Гьаб дунял пайда гьечIеб
Гьоболасул рукъ бугин,
Гьогьомизе гьоркь чIараб
ГъветIалъул рагIад бугин», -
ГIабасилав, гьелда дир
ТIад кIалъазе бакI гьечIо.

ШигIрабзул магIарде
МагIил цIад балеб буго,
ЦIар нужер ахIулаго
ХIухьел бакIлъулеб буго:
Горда кIетIолел руго
Даимлъиялъул хIанчIи:
Расулгун ГIабасилав
ГIумархIажи ва Фазу.

* * *

ГIумруялъул гьотIол тIегь гьунеб буго,
Гьунир махил гьутIби тIогьиллъун руго.
ТIолго сапаразул сухъмахъаца дун,
Дуниялги тирун, рокъой вачуна.

Кинидахъ кечI буго дида рагIулеб
МагIарул мацIалда магIарул гьастIа.
Сонал хасалиде гIагарлъанагIан
ГIагараб ракьалъ дун вуго ахIулев.

АхIмадил МухIамад, мун кив вугевин,
Буго Гьонодасан гьаракь рагIулеб.

Буго инсул зани росдал хабалалъ,
Эбел кин йигейин дида гьикъулеб.

Дида эбелалъул дугIа рагIула,
Дуниял тирулев дир вас цIунейин.
Васги Аллагьасда гьарделев вуго,
Гьардарав БетIергьан, эбел цIунейин!

Херлъун йигей гьелъул хириял кверал
Квалквалел ратила гьанже чIумазда.
ЧIун буго замана беразда цебе
Эбел гIолохъанаб, гIумру берцинаб.

Вахун унев вуго магIарде эмен,
Векерулев вуго дун гьесда хадув…
Гьерсихъан батана дида гьаб дунял,
Дун гьалъул маргьуялъ гуккун ватана.

Гьелъул гьерсихъанлъи кIочон таниги,
КIочон гьечIо дида дир кинидахъ кечI…
…Гьоноде ваче дун, тIеренаб сухъмахъ,
ТIурачIел анищаз балагьула мун.

* * *

Персиялъул ясазул
Хасал матIаби-берал,
Балагьизе хIинкъарал,
ХIинкъадго ралагьарал.
Гьел гьечIого гьаб дунял
Дуца тоге, БетIергьан,
БатIаго раккизе те
Тегераналъул цIваби.

Гьезухъ гIадада ккечIо
ГIажал босулеб рокьи
Рукьбиги риун хьвана
Унтараб гIищкъул шигIру:
Ширазалъул розаби,
Рагьарал кIутIби гIадал,
КIутIбузде щуб чвахулел
Чалухал берал гIадал.

Рагьараб гордухъ йиго
Ширазалъул меседу,
Мискинав бечелъулей,
Бечедав мискинлъулей.
Нусго бадиб бигъги бан
Жанир тIамун рукIарал
ТIолго гьумер канлъизе
КенчIолел руго берал.

Персиялъул ясаца,
Беразул чIорал речIчIун,
ЧIван лъуравщинав шагIир
Щолев вуго ракIалде.
Персиялъул ясаца
Беразул тIелхал рорхун,
ТIатIала ккезарурал
ТIамулел руго цере.

Дир кочIолъе бачIана
ЧIалгIеналъул цо асар,
АскIосан уней йиго
Сапаразул меседу.
Сариназул ханума
Хадуй ячIуней гьечIо…

Пайда щиб, паркъун ана,
Бакъ гIадин… Чияр йиго.

* * *

Бакъ къосунеб къалъигун,
Къисматалъул чIухIигун,
ХIикматаб дунял сверун,
Сваквалеб гьечIо рокьи.
Ракьалда талихI бекьун,
ТалихIаб хIасрат бикьун,
Куркьбаз керен рагьизе
Ругьунлъун буго рокьи.

Ясазе берцинлъи кьун,
Васазе ясал рикьун,
Рокьул щулалъи буго
Щолареб борхалъуда

Дида гьедин бицана,
Цадахъ кIалъан, шигIрабаз,
Балъго тIаде жубана,
ЖужахIги рокьул лъикIин.

Дида МахIмудил Муи
Йихьана Ширазалда,
ШигIрабазул ахикь гьей
Рокьул гьотIокь йикIана
Межнунил Лейлада гьелъ
Гьавуна дун вихьизе,
Гьав АхIмадил МухIамад
МахIмудил гьудул вугин.

* * *

РакIги бакIги цолъулеб,
Цо хIикмат буго рокьи,
Векьарухъанас хурлъун,
Хиялал рекьула гьелъ.
ГIемераб бицанагIан,
Берцинлъидул цIадги бан,
ЦIалтун виччизавула,
Чинаридул гъветI гIадин.

Огь, йокьулелъул байрахъ,
Пачалихъал рахъулеб.
Огь, йокьулелъул хIухьел
ХIукуматал риххулеб:

«Ширазалъул берцинай,
Бухарагун Самарканд,
Дур черхалда цо тIанкIихъ
Кьелилан вуго ХIафиз.

Гьикъани МахIмудида
ХIафизида ва дида
Данде жаваб гьабила
Рокьи – гьеб гIумру бугин.
ГIумруги цо букIуна,
Йокьулейги цо йиго.
Цо йокьулей йокьарав
Рокьул шагIир холаро.

* * *

Ширазалъул тIугьдул
РечIалел гьечIо,
РечIаниги руго
ЧIагоял гIадин,
Дин гьабулеб буго
ТIугьдузе рокьи.
Рокьул дугIа буго
РагIулеб дида.

Щивав шагIирасул
ГIищкъул тIегь буго
ТIехьалъул тIанчазде
ТIаде къулараб.
ТIогьоца цIар кьурай

Йокьулей йиго,
Ракьалде гьев индал,
Аний хутIулей.

ТIезе нечон вуго
Беричаб гьаб тIегь,
Гьеб яги Зугьрайищ
Яги Лайлайищ,
Я нилъер мугIрузда
ГIурай Муийищ? –
Бищула бераца
Бищун берцинаб.

Гьеб тIезе кIоларо,
КIутIбиги рагьун,

КIалъана рокьул тIегь
Баркалайилан.
Карандаса угьун

Уна цого-цо:
«Цо панаяб хIухьел
БухIулеб рекIел».

* * *

ГIинтIи тIегьалеб буго,
Булбулалъул кечI рагIун,
МагIу чвахулеб буго,
Черхалъул чараги хун.

Цогидаб гIинтIиялъги
Берал рагьулел руго,
Рогьалида булбулалъ
Рачунел бакънал рагIун.

Гъаримаб гIинтIиялда
ГIадамаца бицана,
Цогидаб гIинтIиялъе
АхIулеб кечI гьеб букIин.

ГIамбаралъул тIогьода
ГIадамаца бицана
Цогидаб гIинтIиялъ
АхIараб кечI гьеб букIин.

* * *

*С.Есенинние.*

Персиялъул бакъназул
Рукъ барав композитор,
ЦIакъ дурусав гIурусав,
Салам дуде, Есенин.

ДугIаялъул рагIаби
РагIула Аллагьасда
Гьунаралъул каранда
Как ахIулеб бугони.

ГIасрудул авалалда
Аваразул шагIирас
Ширазалда тIамуна
ТIамуралда дур бакънал.

Гьунаралъул гьурмада
Дангъва буго зобазул,
Гьуниб, Рязань я Шираз
Разиго ралагьулеб.

АхIула Лайлайилан,
Щурула Шаганэйин,
РагIабазул розаби
Рязаналде ритIула.

ВатIан бокьанщиназе
Кьурабщинаб гIакъуба,
Йокьулей хиралъидал
Лъарабщинаб хиянат.

Зодил кьер кьурал бераз
Рокьухъ мун валагьараб
Гьаб хьахIилаб улкаялъ
Каранде къалев вуго.

Щиб гьабилеб, Есенин,
Къисматалъул къебелъухъ
БетIерги ракIги бекун
РукIуна шагIирзаби.

Къудратаб налъи буго
Нилъей щвараб шагIирлъи,
ТIадбуссине гьабизе
ТIадегIанас кьун бугеб.

Бищун хириябщиналъ
Ракьалда жужахI кьурал,
Мунагьалги чурун гьел
Рехула алжаналде.

* * *

Яс кочIоца ахIун,
КечI ясалъ ахIун,
БухIулеб хIухьелалъ
Хьулал ахIула,
ХIулилъун боржунеб
ХIеренаб гьаракь,
Рокьул гьариги бан,
Ракьалде ккола.

Огь, рокьул бакъназул
Къваридаб свери,
Сабруги магIуги
МагIаллъун къалеб.
МагIарде бахунеб,
Аххада холеб
КьогIабгун гьуинаб
ГьоцIолъун бугеб.

Дун Гулистаналда
Сардилъ лъалхъана,
Лъалареб мацIалда
Лъалеб кечI рагIун.
Унтуца бицана
Рокьул кечI бугин,
ЧIалгIеналъул зазалъ
Зигара балеб.

Яс кочIоца ахIун,
КечI ясалъ ахIун,
АхIуд бахъун унеб
Буго сверухълъи…
- Гьедин букIунаан
НекIо магIарухъ
Руччабаца ссанда
АхIулеб сарин.

## ВОСТОКАЛЪУЛ КЕЧI

Бицине биччан те
Нилъер кIутIбуца,
КIутIбуца кIутIбузе
Бицунеб маргьу,
Бачине биччан те
Нилъер ракIаца,
КIиго кIутIи цолъун,
ЦохIого бакъан.

Абила «йокьулин»,
Рагьила керен,
Каранда рижила
Воржине куркьбал.

Щурила «йокьулин»,
Кьела дий талихI,
Теларо кидаго
Дида мун кIочон.

ЧанцIул цIеханиги,
Цого берцинлъи,
НусцIул бицаниги,
Цого хиралъи,
Хазина борцунеб
Роценлъун руго
Цого-цо рагIаби
«Дий мун йокьула».

* * *

ГъутIбуца гъутIбузде
Гъалалги гьурщун,
Гьоркьосан нух бугеб
Ахикь вуго дун.
Данде чвахун иццал
Цоцалъ хурхараб
Хехаб лъарги буго
Гьениб гаргалеб.

Ахикь, шагьримоцIлъун,
Шагьасул кIалтIа,
КIалтIа рихьуларо
Хъаравулзаби,
Живго шагьги гьечIо,
Гьев БетIергьанас
ТIаса восун вуго
ТIасаги рехун.

Халкъалъул ццидаца
Могороги бан,
Гирун аралщинал
Шагьал ракьалде,

Рокьул къирал Хаям
Тахида вуго,
Тахида рукIарал
РикIкIун пайда щиб?

Щурщудула гъутIби,
Гъалалги гьурщун,
Щун руго рагIдукье
Рокьи кканщинал.
Щибаб тIанхил тIуркIи
РагIулеб буго,
РекIел кIутIи гIадин,
«Рокьи, рокьийин».

* * *

Къараб ххвелги гьабун,
Рагьун тун бугеб,
Ругьунаб гордухъе
Гирун уна ракI.
РакIалдещвеязул
Щенолеб цIадакь
ЩIалтун виччарав дун
Нечолев вуго.

Гьеб гордухъ батIияб
Канлъи букIана
Каранда батIияб
Чирахъ бакулеб,
Чияраб букIинчIо
Рогьалил гIужалъ
ГIемер дица къараб
Къирараб горду.

Гьеб гордухъе щвана
Шираз бихьидал,
ХIафизгун СагIадил
Салам рагIидал
ГIумру-горду буго
Рагьулеб-къалеб,
Къараб ххвелги гьабун
Рагьун толареб.

* * *

Дие чакъалаца
Чан къан батана,
БацIалги рукIана
Рурулел нухда.

Дие рахIат течIо
МацIихъабаца,
МоцIазги сонazги
Вахъана кIалзухъ.
Чакъалал руцIцIана,
БацIаз кIал къана,
Къояз нуцIа къана
МацIихъабазде.

Дида гьеб батана
Гьадингояб жо –
Гьудул тушманлъидал
Турула керен.

## САНИЯТ

Саният, Саният, ва дир Саният,
Санал унел руго, дун ине вуго.
Анив хутIулев чи щивнги гьечIо,
Щиб дуе гIолареб? ГIодое йиччай;
Руччабазда гIумру гIакса бичIчIула.

Дица дуй бицина берцинаб маргъу
Берцинаб гIумрудул, гьаний гIодой чIа!
ГIодулеб рекIелъан рецIцIулел ругел

РацІцІадал рагІаби гІадада тоге,
ГІад гьабуге калам, какуге къалам.

Гьаб дуниял – гьобо, дун гьанив – гьобол,
Гьабикье мугьаллъун арал сонаца
«Саният цІунеян» цІалана дугІа,
ЦІар дур ахІулаго, цІадулъ буго ракІ,
БакІ бате гьелъие нилъерго гъастІа.

Гъугъала мунагьал, руго гъалатІал,
ТІалу гІадин тІаде регун руго гьел.
«Мун гІайиб гьечІого гІайибай йиго
ГІайибазул цІурал дида дандчІварай», -
Гьедин хъван букІана дица цебего.

Саният, Саният, ва дир Саният,
Сан гьабуге дуца къватІул харбазул.
КъотІичІо кидаго къоязул бакъан:
«Рокъове, рокъове, рокъовейилан», -
Рокъор мунги йиго, лъималги руго.

Дун, БетІергьанасде гІагарлъанагІан,
ГІадамазда гьоркьов гІицІго хутІана,
ЦІунцІрабазул гохІде ккарав кинигин,
Кинабго рахъалъан жахІда хІенсана:
Саният, Саният ва дир Саният.

Дир рагІабаз дугІа гьабулеб буго
ДагІба лъугІайгийин, сабру кьейгийин.
Руго кверал ритІун БетІергьанасде:
«Саният цІунейин, лъимал цІунейин», -
Саният, Саният ва дир Саният!

## ХАЯМИЛГУН ГАРГАР

Заманалда жаниб замана цІехон,
Хабаралда руго Хаямги дунги.
Дунялалда цоги дуниял батун,
Тун руго кІиялго ниж накъиталда.

Рокьул бицунаро, чагъир тІоларо,
Гъираялда буго кечІ как ахІулеб:
ХІухьел кьолеб буго ТІадегІанасе,
БетІер къулун буго БетІергьанасе.

- Дун лъанагIан лъачIев шагIирлъун вуго,
Лъала Аллагьасда, кечI мунагь гуро.
Мунги вуго жакъа, цеве дун гIадин,
ГIадамазда гьоркьов гIадан цIехолев.

- Воре цIе, лълъарилан, ахIана дица,
АхIмадил МухIамад, дуда рагIизе
РагIабазул яхIги, рухIги, къуватги
Къудратав Аллагьас къабул гьабизе.

Дица жугьабалъе жа тIуна рокьул,
Жаниб божи бугеб, балеб как бугеб.
Анкьго зоб, анькго ракь кьабуна цоцалъ
Цо вугев БетIергьан кIодо гьавизе.

Кинида вукIаго щурана кIутIбуз,
КIудияв БетIергьан дуе рецциланн.
Берцинал ясалги гIищкъудул жаги
Жакъа мекъи ричIчIи дир гIайиб гуро.

Дир чагъир букIана батIияб чагъир,
Дир рокьи букIана батIияб рокьи,
БетIергьанасда гьеб лъаниги гIола,
ГIадамал рахинчIо гьеб борхалъуде.

Дица цIаланщинал цIвабзазул хIарпал,
Пана гьавунщинал зодил жугьабаз
ЖужахIги алжанги бикьулеб нухда
Бакьулъ бугеб  гIалам буго дир кочIолъ.

Щивас жиндирго нуж тIаса бищула:
ТIадвугевгун – цоял, илбисгун – цоял.
Цо шагIир гуро дун, азарго вуго,
Аза-азар магIна рагIабалъ лъурав.

ГIемераб беццичIо беццаб дуниял,
Дун гьелъул къоринив хIинчIлъун вукIана.
РикIкIаде дун цIалеб цIвабзазул улка
Эркенаб пикрудул дунял букIана.

Вижана ракьалда ГIумар Хаямлъун,
ХвечIого хутIана ГIумар Хаямлъун.
Дир гIумру букIана батIияб гIумру,
Дир рокьи букIана батIияб рокьи.

…Кьезе жаваб гьечIо ГIумар Хаямий,
Хасалил нухазде вахун вугев дир.

Дицаги гIемераб гьекъана чагъир,
Гъукъараб бугеблъи лъан букIаниги.

Чогъролъе рортана рокьул лахIзатал,
Замана тIинкIана тIинде, загьрулъун.
ТIадегIанав Аллагь, мун тIасалъугьа,
ТIасан гьелчолел дир мунагьаздаса.

## ХЕРАВ КОЧIОХЪАН

РакI биун унедухъ чагъанаги хъван,
Чара хварал бакънал рачунев инсан.
Инсухълъиялдаса къватIиве къотIун,
КъотIнов хутIун вугев херав кочIохъан.

Чияр ракьалъ кьола гIазабгун гIузру,
ГIумру бахъун араб ватIан буго дур.
БитIараб-тIекъалъул тIалаб гьабизе
ТIад вугевцин свакан вугилан ккола.

Киса мун вачIарав? Шамалдасайищ?
Шамалъул гьорода кIалъана МахIмуд.
«ЗахIматаб хIал бугин хIабащиязул», -
ХIамзатица хъвана магIарулазе.

Дуда гьел лъаларо, шамалъул пакъир,
Панкъил ургъалида къотIнов кIусарав.
Сабрудул садакъа бикьулеб бугеб
Бакъараб дуниял буго дур гьудул.

Дица дуе кумек кинан гьабилеб,
Кини таралдаса кечI гуреб гьечIев?
Дицаги, ракI унтун, хъвана чагъана
Чара хвараб мехалъ дуца гIадинан.

КIиясдаго гьоркьоб цохIо кьо буго,
Рокьо гIанасеб бакI рокьуе тараб…
Дуца, чараги хун, хъвала чагъана,
Дица, чара къосун, гьабула къабул.

## ХАНУМ

ТIугьдуз гIорхъи чIвараб гIодочIелалда
ГIодулей йихьула гIолохъанай яс.
ГIодобе къулараб рицIил рагIадалъ
МагIу буго гьелъул балъгого бахчун.

- Щайзе мун гIодулей, шигIрудул ханум?
- Хадуб хъваяб рокьи буго гIиллалъун,
ГIодобе рехана гьеб  дир вокьулес,
Кодобе босуеб буго магIица.

- МагIарухъе ячIа, кучIдузул ханум,
Хунзахъги Гъунибги батила дуй бакI.
- РакI рокьуца бахъун нахъе хутIарай
ХутIун гьечIо дие дунялалд бакI.

МагIу бацIцIунаго, цIва гIадай ханум
ХантIан яхъун ана цо рахъалдехун.
Хунзахъги Гъунибги гьелъие кьолеб
Кьурабазул бакъан рещтIана кочIолъ.

## ГIАРАБАЗУЛ  АЗБУКА

ГIарабазул азбука,
Азалияб, къудратаб,
Къулун, рорхун ва рохун,
Какал хIарпаца ралеб.

ГIарабазул алфавит –
Аллагьасул азбука,
КагIбаялъул рукъалда
Къудратаб нурлъун чIараб.

Как ахIулеб рагIула
МугIрузул борхалъуда,
Дагъистан тун рикIкIада
Дун нухда вукIаниги.

ГIарабиязул хIарпал,
ХIикматалъул суратал,
Сухъмахъ лъола нужеца
АхIул гохIил яхIалде.

БетIергьанасе дугIа
Гьабулел руго мугIрул.
МугIрузул дугIа бугIа буго
Дагъистаналъ гьабулеб.

ГIарабиязул хIарпал –
Къуръаналъул аятал,
Къулун, рорхун ва рохун
Дунялалда как балел.

*Тегеран,  май, 2017 сон.*



# Критика ва библиография

## НАБИ ГІИСАЕВАСУЛ КОЧІОЛ ДУНИЯЛ

ЦІунтІа районалъул Гьинухъ росулъа Наби ГІисаевас авар адабияталда жаниб ккуна жиндиего хасиятаб кьучІаб бакІ. ГІадан хІисабалдаги шагІир хІисабалдаги магІарулазда лъикІ лъалев Наби ГІисаевасул творчествоялъул аслияль рахъазул цояблъун рикІкІине ккола гІагараб ракьалде бугеб рокьул тема. Гьеб тасдикъ гьабула «БатІаго хирияб инсул ракьалде» абураб гьесул кечІалъги:

**БатІаго хирияб инсул ракьалде**
**Рокьул къеч буссинчІеб хъвана дица кечІ.**

Жиндирго къалмил налъи поэтасда бихьула гІагараб ракьалъул тІокІлъабазул, тІадегІанлъабазул, гьелъул ургъел-тІалабалъул бицун шигІру гьабиялъулъ. ВатІан гьесие ккола гІураб ракь, гьелъул гьуинаб гьава, гвангъараб бакъ, беричаб тІабигІат. РекІелъ бакІ ккурал гІагарал бакІазул бицун, битІахъе къеч буссунеб гьечІо шагІирасул. Цо-цо кучІдул цІалулеб мехалда ракІалде ккола кочІол магІнаялдаса, художественнияб камиллъи-цІилъиялдасагицин «цІумазул улкаялъул», рекІее гІагарал урхъарал бакІазул цІарал рехсей цІикІкІун кІвар бугеб гьечІодай гьесиеян. ГІицІго гІагараб тІалъиялъул росабазулгун бакІазул цІаразулъцин шагІирасда бихьулеб буго хасаб поэзияги музыкаги. Шавкъалда рехсолеб буго авторас гІагараб тІалъиялда ругел росабазул ва бакІазул цІарал:

**Дун тІаде вахуна борхатаб Хъебалъ.**
**Къаси-къад тІад хъахІал накІкІал сверулел.**
**Салам Асахъ, Хъури, ХутІрахъ, АзилтІа –**
**Инсул ВатІаналъул гьитІинаб бутІа…**

**ТІоцебесеб нухалъ гуро дун щолев**
**Шагьикье, Хъетохъе, Хъуйикье, ЧІакье,**
**ХъахІилал зобалазда цураб Цокохъе…**

Гьеб шавкъги гІишкъуги загьир гьабун хІалхьолеб гьечІо авторасул:

**ЦІунтІа – шигІру кьураб цІумазул улка**
**ЦІар дур рехсечІого хІалхьоларо дир…**

Умумузул ракь, вижараб тІалъиялъул беричаб тІабигІат поэтасе буго, НекІсияб Грециялъул мифологиялда Антейие киннигин, къуватги жанги кьолеб иццлъун. ГІадада гуро гьес ракІалде щвезабулеб бугеб Расул ХІамзатовас цІунтІадерил тІабигІат Швейцариялъулалда релълъинаби. Жив гьавураб ракь – беричаб тІабигІат бугеб букІиналда цадахъго, гІагараб ракь шагІирасе буго дунялалдаго тІадегІанабщиналъул иццлъун:

**Эбел-ВатIанилан гIадада гуро**
**ГIагараб ракьалде халкъалъ абулеб.**
**Дунял свераниги, гьебгIан хирияб**
**Хазина кибниги букIинчIо, гьечIо.**

Жинца кучIдул жиндирго ракьалъ «малъарал», ракIалъ гIишкъуялдалъун угьарал ахIулел ругин хъвалеб буго авторас:

**ГIагараб ракьалде рокьуца кьурал**
**Бакъназул вас ккола Наби ГIисаев.**

Щибаб ишалъего гIадин, рагIул устарлъиялъеги хIажалъула Аллагьасго кьураб гьунар букIин ва хасав шагIирасулъ гьеб цIунизе ва цебетIезабизе бажари гIейги. Гьаб кIиялдасаго нахъе ккараб гьечIо лъабабилебги – шагIир гьавураб ва гьес гIумру гьабун бугеб заман. Гьаб хIисабалде босани, Наби ГIисаевасул къисмат аза–азар гьесул гIелбащадал россияназул гIадаб букIана. Гьев вукIана пионерлъунги, комсомолалъул членлъунги, цIалана школалда, хадув тIадегIанаб цIалул заведениялда. Амма гьаб нух буго тIасахун яги къватIисахун бихьулеб гIумуялъул рахъ. ХIакъикъаталдайин абуни, поэтас нахъа тана расги бигьяб гуреб гIумруялъул нух.




Гьавуна Наби ГIисаев Чачаназул Эрсени абулеб росулъ. ЦIикIкIараб гIелалъул гIадамаз гьаб хIужжаялда щибго гIажаиблъи гьабиларо. Лъалеб букIахъе, хIал-зулму гьабун чачанал жидерго росу-ракьалдаса гочинарун хадуб, гьезул ракьалде гьединабго къагIидаялда гочинарун рукIана Дагъистаналъул мугIрузул районаздаса гIемерал гIадамал. Гьел тIадруссинчIого рукIинелъун, росдал советаз Чачаналъе ритIарал гIада-

мазул минабазул тIохал рахъулел рукIана. Гьединазда гьоркьор рукIана ЦIунтIа районалъул Гьинухъ росулъа гIолохъанал рос-лъади – ГIисаги Хадижатги. Гьезул тIоцебесеб лъимер Набиги гьавуна гьенив, гьенивго 1955 соналъ ана школалдеги…

Умумузул росу-ракьалде хIасратаб гIашикъаб асар бижиялъе гIиллалъунги батизе бегьула гьев чияр ракьалда гьавун вукIинги ва жиндирго эбел-инсул ватIаналде лъикIаланго сонал рарав чи вугеб мехалда гурони щвечIолъиги. Гьинухъе хъизан гочана васас анцIго сон байдал, ай 1957 соналъ. Доб букIана жидерго ракьалде тIадруссине чачаназе ва гьезул росабалъа тIадруссине магIарулазе изну кьураб заман. Гьанибго абун телин, Наби гIуна кIудияб хъизаналда, гьесул эбел-инсуца тарбия кьун гIезабуна анкьго лъимер – кIиго васги щуго ясги. Росулъ байбихьул школа гурони букIинчIелъул, кватIичIого Наби ине ккана Кидеро росулъе ва гьениб лъугIизабуна гьоркьохъеб школа.

ГьитIинго байбихьана хIалтIизеги: дол соназда районалъул школазда гIолел рукIинчIо педагогал ва гьединлъидал 1967 соналъ лъикIаб лъайги бажариги бугев гIолилав, районалъул лъайкьеялъул отделалъул гьариялда рекъон, учительлъун хIалтIизе лъугьана. Цин гьев витIана Махъалалъ байбихьул школалде, цинги Лъерулъ, ХIамаикьахъ микьгосонил школазда рахьдал мацIалъул ва адабияталъул мугIалимлъун.

МугIалимасул иш тIаде босараб тIоцебесеб къоялдаса байбихьун Наби хIалтIана хIаракатаб жигарчилъиялда жиндирго лъай ва махщел борхизабиялда тIад, амма гьесда бичIчIана хасаб лъай гьечIого, жив унго-унгояв мугIалимлъун вахъине гьечIеблъи. Ана цIализе. Цин лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб педагогияб институталде (гьанже – Дагъистаналъул пачалихъияб педагогияб университет), амма, берал сах гьаризе ккеялда бан, цIали гьоркьоб къотIизе тана. Цинги, 1971 соналъ, лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологияб факультеталде. Гьеб букIана анищ тIубайлъун – факультеталда гIолиласда дандчIвана филологияб гIелмуялде кIудияб рокьи бугел мугIалимзабиги студенталги. Отделение дагъистаниябгун-гIурус букIиналъ гьесие рес щвана магIарул ва Дагъистаналъул цогидал халкъазул мацIазул гIелмиял кьучIал лъазаризе, магIарул ва цогидал халкъазул классиказул творчествоялъулгун гъваридго лъай-хъвай гьабизе.

ДГУялъул филологияб факультет дол соназда улкаялдаго машгьураб букIана цIар рагIарал мугIалимзабаздалъун. Гьедин, студентазе цIакъ хирияв вукIана машгьурав гIалимчи, А. Веселовскияс ва М. Бахтиница жиндие дарсал кьурав С.Н. Бройтман. Кидаго бахIсазул къагIидаялда унаан гьес бачунеб букIараб тарихияб поэтикаялъул кружокалъул дандельаби.

Цогидав мугIалим – А.Ф. Назаревичасул хIаракаталдалъун гIуцIун букIана студентазул гIелмияб хIаракатчилъиялъул инситут – НИИФЛИ: гьез ракIарулаан халкъиял кIалзул гьунаралъул асарал, бакIарараб материалалъе кьолаан гIелмияб къимат, хъвалаан гIелмиял хIалтIаби. Цадахъ цIалулел студентазда гьоркьор дагьал рукIинчIо кучIдул, харбал хъвалелги. Литературияб цолъиялъул данделъабазда гьоркьор лъолаан хъвадарухъабазул цIиял асарал, гьезул хIакъалъулъ щивас жиндирго пикрабиги загьир гьарулаан, бахIсал унаан. Гьединаб ахIвал–хIалалъ кIудияб асар гьабуна Набил гьунар-махщел цIубаялъе. ЛъикIаб лъаялда цадахъго, гъваридго литератураялъул хаслъабиги лъана.



**Наби ГІисаевги Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан МухІамадрасул Расуловги.**

Художественнияб литератураялдехун рокьиги гІолиласулъ гьитІинго бижана. Цо къадаралда гьелъие сабаблъун ккана эбел Хадижат росдал библиотекаялда хІалтІулей йикІин. ГьитІинго тІадчІун цІализе байбихьана гІурусазул, дунялалъулго ва Дагъистаналъул литератураялъул классиказул асарал. Хасго гІагарал рукІана М.Ю. Лермонтовасул, А.С. Пушкинил, Генрих Гейнел кучІдул. Литератураялдехун рокьи щулалъизабуна гьайбатал мугІалимзабазги. Школалда цІалулелъул, гьединавлъун лъугьана рахьдал мацІалъул ва литератураялъул учитель Асадула Мансуров. Жеги гьитІинго – школалдаго байбихьана Набица кучІдул хъвазеги. Гьесда жакъаги кІочон гьечІо «ЦІалдохъан» абураб жиндирго тІоцебесеб кечІ «ЗахІматалъул байрахъ» районалъул газеталда бахъун бачІиндал, гьесул рекІее лъугьун букІараб рохел ва чІухІи».

Цебе абухъе, гІолиласул литературияб хІаракатчилъиялъе кІудияб цебетІей ккана университеталда цІалулел соназда – гьелъие лъикІаб асар гьабуна мугІалимзаби М.М. МуртазагІалиевас, М.Б. ГІалипулатовас, А.Ф. Назаревичас, Б.ХІ. Испагьиевалъ, Г.Н. Сивридица. Набица жигараб гІахьаллъи гьабуна факультеталда гІуцІараб литература бокьулезул цолъиялда. Редакторлъи гьабуна магІарул мацІалда бахъулеб факультеталъул «ГІаркьел» абураб къадал газеталъе, бищунго аслияб жо – гьев лъугьана хІаракталда хъвадаризе. ЛъикІаланго хисана гьесул хъвадарухъанлъиялдехун бугеб бербалагьи, гъварилъана ва бечелъана кучІдузул тематика, пасихІлъана мацІ. ГІолохъанав поэтасул асарал рахъизе байбихьана республикаялъул басмабазда, халкъалъ кьуна мустахІикъаб къимат. Поэтасул пикруялъул гъварилъи, хъвадарухъанлъиялъулъ лъугьараб цІилъи загьирго бихьула, мисалалъе, «ВатІаналъул хІакъалъулъ кечІ» абураб асаралдасан. МагІаруласул гІумруялда кІвар цІикІкІараб, гьесие хирияб нухлул образ, цин чІаголъула берда цебе:

**МугІрухъа мугІрухъе бортун унеб нух,**
**Бихьула кІичІараб борхьил рачІчІ гІадин.**

Цинги гьеб сверула жиндир заманалъул хІакъикъаталде, гьелъул кІвар бугеб рахъ загьир гьабулеб гІаламаталде:

**Гьел нухаз гьитІинго борхалъудасан**
**Дун гІатІилъиялде вачарав вуго.**
**Ва рикІкІен гІемерал гьал миллатазул**
**Гьудулзабахъе нух малъараб буго.**

Хадубги, жиндирго курсцояв Рабадан Рабадановасе сайгъат гьабураб «Гьудуласде» абураб кочІолъ нилъеда бихьула инсанасул гІолохъанал созназе хасиятаб рекІел гІатІилъиги, гьудуллъиялде, талихІаб букІинеселде гІорхъи гьечІеб божилъиги:

**КІваричІо, кІваричІо гІиси–бикъинаб**
**ГІайибги гъвелалги гьал гъалатІалги.**
**Гъулбасунеб буго дица цІидасан:**
**«ЦІуне гьудулзаби!» – рагІабазда гьоркь.**

Кодоб университеталъул дипломгун, 1976 соналъ гІолилав тІадвуссана жиндиего гІагараблъун лъугьараб Кидеро гьоркьохъеб школалде. Амма ракІалъ гьев ахІулев вукІана шигІрабазул дунялалде: мугІалимлъиялъе лъикІаланго сонал кьун ругониги, гьесул ракІ цІана творческияб хІалтІиялъе цІикІкІун ресал ругеб журналистикаялде.

1978 соналъ гьев вачІана районалъул «ЗахІматалъул рецц» газеталде, цин хІалтІана литературияв хІалтІухъанлъун, цинги – жавабияв секретарьлъун.

Заманалдасан шагІирасул пикрабалъ цІикІкІине лъугьана рахІатхвараб асар. Гьесда бихьана гІагараб ракьалъул гІадамазул тІабигІаталъе хІинкъи лъугьун букІин. Бихьана нилъеда сверухъ бугеб тІабигІат инсанасул гІамал-хасияталда, хьвада-чІвадиялда бухьараб букІин. Гьедин, «Гьаб кинаб замана, кинаб замана» абураб кочІолъ гьес хъвалеб буго:

**ХІалалаб, хІарамаб хал гьабичІого,**
**Кванала, гьекъола, бичула, уна,**
**Улкаялъул ургъел кІочарал чудказ**
**Чорок гьабун буго магІарул гьава.**
**ГьечІо цере гІадин чилулел лъарал,**
**Чан чороклъи бугеб гьезул тІиналда.**

1990-2000-абилел сонал нилъер халкъазе лъугьана цІакъго захІматаллъун: биххун ана гІемерал миллатаздасан гІуцІараб ва гІемерал захІмалъабиги къезарун гІемерал миллатазул хІаракаталдалъун щулалъун букІараб улка. Поэтасда кинго тІад рекъезе кІолеб гьечІо «къадруяб улка» биххиялда. Гьес абулеб буго улка биххун хадуб киса-кирего такъ-

сирал ва балагьал тIиритIанилан. Цебеккунисеб, ай советияб заман гьес рикIкIунеб буго унго-унголъунги талихIаблъун, живгоги гьеб бихьаразул цоявлъун. «ТалихIалъул тIагIам лъарас кидаго, калам дица гIадаб гьабизе буго», – ян хъвалеб буго.



**Наби ГIисаев эбелгун ва ункъгIалгун**

ВатIаналъул хIакъалъулъ шагIирасул пикру бухьараб буго жакъасеб къоялъе гIоло рухIалда барахщичIого къеркьарал цересел багьадурзабазда, гьезул гьунар, къохIехьей, бахIарчилъиялда ва, жинцаго гIадин, гIун бачIунеб гIелалъги, гьеб рекIелъ цIуниялда. Гьезие ритIухъавлъун вукIун, хъвалеб буго бахIарзазул хIакъалъулъги:

**ВатIан цIунун хварал хириял вацал,**
**Хвел къезе гьабурал къуватал нартал.**

Киназго гIадин разилъигун рехсола Совет хIукматалъул соназда гьукъун букIараб дин биччаялъул хIакъалъулъ шагIир Наби ГIисаевасги.

Огь, дида цIакъго цIакъ кватIун бичIчIана

Динул исламалъул тIокIлъи, кIодолъи, – абун хъвалеб буго шагIирас «Байтулман дунялалъ кколев ватана» абураб кочIолъ, гIицIго хIукуматалъ ихтияр кьеялдалъун гуреб, жиндаго бичIчIун, шагIирасул рекIелъ ккараб хисиялъул ракI рагьун бицунаго.

КъучIдасанго хисун бугин абизе бегьула поэтасул тарбия кьеялдехун бугеб бербалагьиги:

**ГIадамаз рехсолел тIахьалги цIалун,**
**ТIадчIун исламияб кьуна тарбия,**

– ян хъвалеб буго шагIирас.

Гьеб хиса-баси загьирлъулеб буго шагIриасул асаразул тематикаялъулъги: гьес хъвалел руго диниял суалазда хурхун асарал, кучIдузул героясе хасиятаб рахълъун лъугьуна дугIа гьаби, Аллагьасде гьардей. Поэтас

рорхулел суалал лъугьуна как-кIалалъул, хIеж борхиялъул, дугIа-алхIамалъул. Гьес хъвазе байбихьула диналъ тIад гьабураб хIеж борхулаго бусурбанчиясда гIарабазул улкабазда дандчIвалел лъугьа-бахъаралъул, бихьаралъул; гьенир рижарал рекIел хIалазул бицун асарал.

Амма инсанасул хьвада-чIвади, гIамал-хасият квешаб рахъалдехун гурони, лъикIаб рахъалдехун хисулеб гьечIо, цебего гIадин, жакъаги «модаялда буго» бикъа-хъами, хIамабагьадурлъи. Цебе гьединазда «мафия», «банда» абулеб букIараб батани, гьанже модаялде бачIун буго «умматин» рагIи:

**Ракъуца хвагиян, рехун нижги тун,**
**Бикъардизе бана квер мекъаб уммат,**
**Администрациян цо гIуцIи буго,**
**Царае рехараб мохмох гIадаб жо.**

Гьедин хъвалеб буго авторас гьанже росабальги районаздаги нухмалъуда ругел хIакимзабазул хIакъалъулъ.

«Жийго эбел гIадай гIамал берцинай» абураб кочIольги чIванкъотIун гIайиб гIунтIизабулеб буго рихьдаего дин гьабулездеги:

**Кверал бидул цIураз, цереги рахъун,**
**Аллагьу Акбарин ахIулеб буго.**
**Кодор чIумалги ккун «намус бацIцIадаз»**
**КIалал гьикъулаго бикъулеб буго.**

Гьабулеб ишалъулъ рацIцIалъи цIуни, кIигьумерчилъиялдаса нахъекъай, Аллагьасда цереги халкъалда цереги ритIухьго хьвади – гьеле шагIирасе бокьараб жо. Гьесул цIикIкIараб разигьечIолъи лъугьунеб буго халкъалъул гIамал-хасияталъульги хьвада-чIвадиялъульги кколел ругел лъикIал гурел хиса-басияз. Щибаб жиндирго мухъалдалъун ракIбацIцIадго рукIине ккеялде ахIулел руго шагIирас.

Щивас жинди-жиндир ургъел гьабулеб

Гьаб кинаб замана, кинаб замана, – ян ургъалида вуго шагIир. ГIадамазда гьоркьоб рикьи ккеялъ, ахир-къадги лъикIал гурел мурадазул гIадамал бергьунел рукIин бичIчIула гьесул асараздасан:

Квер мекъаз тIе-тIезе улкаги биччан,

Эркенго кьижизе кIолебищ дуда? – ян щивав чиясдехун хIитIаб гьабун вуссунев вуго автор.

ЦохIо бикъа-хъамиялдалъунги иш къокълъулеб гьечIо, гIемерал гIунгутIаби рихьулел руго вижараб ракьалъул ургъалида вугев шагIирасда. Дунялалда лъугьун бугеб лъикIаб гуреб хIалалъе, дагьабги мухIканго абуни, рухIияб хъарцинлъиялъе гIилла Н. ГIисаевасда бихьулеб буго гIун бачIунеб гIелалда жидерго тарих, халкъалъ нахъа тараб нух лъангутIи. ГIолил ясаздехун вуссун, поэтас абулеб буго:

**Кьалул байдабазда хваразда гьикъе**
**Жакъасеб къоялъул хIакъикъат, багьа.**
**Лъалеб гьечIо гьезда анцI-анцI гIасрабаз**
**ГIуцIарал гьайбатал нилъер гIадатал.**

**ГIагараб мацIгицин кIочене тарал**
**Тухьулабаз буго чара хвезабун.**

Гьедин, Наби ГIисаевасул рухIияб дунялалъулъ сокIкIун руго советияб заманалъе хасияталги, хадусел «демократиялъулин» абулел соназе ва жакъасеб къоялъе хасиятал рахъалги. Гьедин, жиндирго ракIалдехун гьабулеб калам хIисабалда хъвараб кочIолъ абулеб буго:

**Чияр гьийин кванани,**
**Дие мун хIажат гьечIо, – ян.**

ГIамм гьабун абуни, шагIирасул кучIдузулъ загьирлъун буго гIемер кьеразулаб нилъер заман.

ВатIаналъул хIакъалъулъ поэтасул пикру бухьараб буго гьелъул маданияталда, гIадатазда, гIамалалда. Жиндиего хасиятаб романтикиял сипаталги хIалтIизарун хъвалеб буго гьелъул хIакъалъулъ Н. ГIисаевас «ГIагараб ракьалде бугеб рокьуца…» абураб кочIолъ:

**Бокьула кьерилаз, кьурда эхетун,**
**АхIулел магIарул кучIдул рагIизе,**
**Ва годекIабазда хераз рицунел**
**ГIакъилал харбазул лазат босизе.**

Гьесда лъала, «магIарул кучIдулги» «хераз рицунел гIакъилал харбалги» рагIизе ккани, нилъер мацIал чIаго рукIине кколеблъи. Гьелъул магIна ккола умумуз нус-нус соназ цIунараб рухIияб хазина, нилъеца билизе биччалеб бугин абураб. Гьелъ буго, тIоцебесеб иргаялда нилъер гIаммаб бечелъилъун кколеб рахьдал мацIалъул къимат букIине кколеб къагIидаялъ гьабунгутIи. Гьеб шагIирас рикIкIунеб бугеб инсанасул хьвада-чIвадиялда данде кколареб, инсанасда рекъечIеб ишлъун:

**МагIарул гIадатги гIагараб мацIги**
**ГIад-хочI гьабулев чи бихьинчи гуро.**

ШагIирас кIудияб кIвар кьолеб буго тIабигIат цIуниялде. Беричаб гъветI-херги, гьарзаял рохьалги, цIорораб лъадал иццалги, рацIцIадал хIоралги лъугIун ине бегьула, гьезул тIалаб-агъаз гьабулеб гьечIони, инсанас гьезие жиндирго хинлъи кьолеб гьечIони. Поэтас хIаракат бахъулеб буго ихдалил тIоцересел бакъул чIоразда божун къватIибе лъугьараб, жеги «бетIер борхизе» кIолареб тIегь ццидалаб хасалил цIороялдаса цIунизе, гьитIинаб берцинлъиялъухъе кумекалъул квер бегьизе. «Борхе дандараб бетIер, дица мун цIорозе теларо», – ин абулеб буго гьес.

Вижараб тIалъиялъул гьайбатлъи-берцинлъи, гьелъул тIадегIанлъи шагIирасе загьирлъулеб буго эбел-инсул гIамал-хасиятaлдасанги, хьвада-чIвадиялдасанги. Эмен гьесие вуго гIакълу данд балев, малъа-хъва-

ял гьарулев, бихьинчияс гьабизе бегьулеб-бегьуларелъул кантIизариял гьарулев чилъун. БачIинахъего бичIчIичIониги, санал ун хадуб поэтасда бичIчIулеб буго щибаб инсул рагIиялъул, рорхунел суалазул ва тIалабазул гъваридаб ва кьучIаб магIна букIин.

РекIее жеги цIикIкIун асар гьабулеблъун бихьула эбелалъул сипат. ШагIирасе гьей ккола «лъугIел-ахир гьечIеб ургъелазул лагъ», ургъелаз гьелъул ракI ссудула «рецIцI ккараб ругъун гIадин». Эбел йиго бищунго хIалимайлъунги, бищунго хIеренайлъунги, «как гIадин» щурула поэтас «эбел, эбелан». ГIадада гуро, эбелъул сипат ракIалде щведал, поэтасда тIегь цебе чIолеб бугеб:

**Эбел, дида ккола киналго тIугьдул**
**Дур гьимиялдасан гьарун ратилин.**



**Наби ГIисаев лъималгун**

Инсулги эбелалъулги дарсал васасе руго бищунго къиматал рухIиял хазинабилъун. ШагIирасе гIагараб, гьесул рекIеда унтараблъун ккола чIужугIаданалъул тема. Цо къадаралда гьеб бухьараб буго живго поэтасул къисматалдаги: гьес рукъана эбелги, хирияй лъади ПатIиматги, гьитIинай ясги. Гьел камиял гьесие лъугьун руго бухIи къотIулареб ругъунлъун, рекIеда бараб гарацIлъун. Эбел йиго поэтасе бищунго къиматал гIумруялъул дарсал кьурай, гIумруялдехун гьесул бербалагьи бижизабурай, битIараб нухде вас ккезаюрай гIадан. Гьей «рикIкIад» йикIиналдаса жакъаги пашман вуго гьев:

**Гьереси бицани, гIин кьуризе мун**
**ГIемер рикIкIад йикIун ракI бакъван вуго.**

ШагІирасул асаразулъ цІикІкІараб бакІ кколеб буго рокьул хІакъ-алъулъ хъварал кучІдуз. Макъан тІамун ахІизе хъварал гІадал, бигьаял сипатаздалъун, цІикІкІарасеб мехалда гьаркьазулаб рекъонккеялъул (аллитерация ва гь. ц.) кьучІалда гІуцІарал асаразда цадахъго, поэтасул руго нилъер кІудияв рагІул устар Расул ХІамзатовас машгьур гьабураб, чІужугІадан тІадегІан гьаюн, рокьул асаралъул гъварилъиги, гІемеркьеразулаб хасиятги рагьун, инсанасул гІамал-хасияталъул гъварилъабазде вакки мурадалда хъварал кучІдулги. Йокьарай гІадан поэтас цее чІезаюлей йиго жиндир тІолго гІумруялъулго рохел кинигин, кидаго рекІелъа тІагІунареб талихІалъул асар гІадин, бихьинчи хІисабалдаги мугІрузул вас хІисабалдаги живго тасдикъ гьавулеб гІаламатлъун ва жеги гьелъул роценлъун.

РекІее асар гьабулел рокьул кучІдул гурелги, гьесул руго букІинеселде божилъигун, лъикІлъиялъ тІалъи босизе букІиналде хьулгун хъварал асаралги.

**ГІакълу бергьиналде хьул,**
**ГІишкъу бергьиналде хьул,**
**ГІумру бергьиналде хьул**

Дир буго. Дур бугебищ? – илан цІехолеб буго шагІирас цІалдолесда.

ШагІирасул лирика бечедаб буго батІи-батІиял жанриял къагІидабазул рахъалъги. Рокьул рисалатал хІисабалда хъварал асаразда цадахъго нилъеда ратула кучІдул-ракІалдещвеял, кучІдул-бахІсал, кучІдул-диалогал, кучІдул-портретал ва гь. ц. Лирикиял кучІдузда цадахъго нилъеда дандчІвала бегІерал сатирикиял асаралги, махсарадул кучІдулги. Гьединго гІезегІан асарал хъван руго авторас лъималазеги. Бечедаб буго асаразул формаялъул рахъги: поэтасул руго ункъмухъил, микьмухъил кучІдул. Хъван руго чанго поэма.

ГІемерал соназ Набица ракІарана цезазулги жиндирго росдалги маргьаби, гьеб материалъул кьучІалда хІадур гьабуна цезазул ва гьинухъдерил маргьабазул тІехь. «Цезазул ва гьинухъдерил маргьабазе» тІадегІанаб къимат щвана къаламцоязул ва гьеб басмаялда бахъизе хІадур гьабулеб буго.

ШагІирасул буго бацІцІадго цІунараб магІарул мацІ, бихьула лъикІаб пасихІлъи, цо-цо камилал образалин абуни абадиялъего рекІелъ хъван хутІула. Мисалалъе босани, хехго араб лъимерлъидул заман. Гьес гьеб данде кколеб буго кочІол мухъалда:

**Хирияб лъимерлъи, боржун ана мун,**
**БухІараб каранлъа кочІол мухъ гІадин.**

Яги:

**Недегьаб гьороца щурщула тІанхал,**
**Щибали бицунел яцал гІадинан.**

Цоги:

**Лъилалиго гьаракь – дурцин гуродай,**
**ГанчIида речIчIараб цIерлъун щущана.**

Наби ГIисаевасул кучIдул цIалидал, цебе чIола нилъер заманаялъул къварилъабазулги гIузрабазулги ракI унтун пикру гьабулев, тIекълъи къезабизе, ритIухълъи бергьинабизе бокьарав, хIалхьи лъалареб ракIалъул инсанасул сипат. ТIадегIанал руго поэтасул инсанасдехун ругел тIалабалги, инсанасдехун бугеб божилъи, хьулалги.

**ГIадамал рижарал рагъизе гуро,**
**ГIадамал рижарал рокьуе руго.**

Наби ГIисаев вуго гьунар цIубаялъул завалалда. Исана нилъеца кIодо гьабизе буго шагIирас 70 сон тIубаялъул байрам. Бокьун буго гьесие жеги чIахIиял бергьенлъаби гьаризе.

*МухIамад МУХIАМАДОВ,*
*ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб мацIазул,*
*адабияталъул ва искусствоялъул институталъул директор,*
*филологиял гIелмабазул доктор, профессор.*

# РакIалдещвей

## ГIАРИПОВ ХIАЖИ ВУКIАНА ТАЛИХIАВ ЧИ



Дун цоги нухалъ валагъулев вуго, чанцIулго дица цIалараб ХIажи ГIариповасул «Бекараб хвалчен» абураб тIехьалъухъ. Гъеб тIехьалда бицунеб буго Шамил имамасул заманалда цо магIарул росулъ ккарал лъугъа-бахъиназул, жамагIатго цадахъ лъугъун, гъеб росдал гIадамаз имамасе гъабураб кумекалъул. Къисаялъул аслияв герой Камалудин вуго тIадегIанаб яхI-намусалъул, кьучIаб гIамал-тIабигIаталъул, гIакълу-лъай камилав, жамагIаталъго адаб-хIурмат гьабулев чи.

Бокьула дие гьеб тIехь. ЛъикIаб босизеги, квешаб тезеги гIадан кантIизавизесел мисалаздалъунги хIужабаздалъунги бечедаб тIехь буго гьеб. Жинда сверухъ киналго лъугьа-бахъинал кколев, бокьараб ахIвал-хIалалда суал ритIухъаб куцалъ тIубаялъе нух батулев, киналъулъго мухIканлъи цIунулев Камалудинги живго къисаялъул автор ГIарипов ХIажида релълъун вихьула дида.

ГIезегIан берцинаб, гьадинал рагIабаздалъун лъугIулеб хъвай-хъвагIайги тIад гьабун кьун букIана ХIажица дие «Бекараб хвалчен»: «…ПатахIов МухIамадие, кIудияв вацасулаб рекIел хинлъигун кьолеб буго гьаб тIехь. Адабгун, саламгун (гъулбас) 24.02.2010с.».

Щивасул рукIунел ратила, гьанал гIагарлъини щиб гурин, росу-ракьцин батIиял, амма гIумруялъул нухда дандчIван, къисматалде лъикIаб асар гьабурал, рекIел унго-унгояб гIагарлъи лъугьарал, гьединабго гIагарлъи нилъедехунги букIарал, яги бугел, нагагьлъун нилъедаса цебе гьезие къадар щвани, нилъерго цересел гIадамазда цадахъ нилъеца рухIалги рехсолел дагьалго чагIи. Гьединаздасан цоявлъун вукIана дие КъахIиса ГIарипов ХIажи.

ХIажил цIар тIоцебе дида лъана шкоаллда цIалулеб заманалдаго «Гъудуллъи» журналалда бахъун букIараб гьесул «Чидар яс» абураб хабаралдасан. Гьелда бицунеб букIана рагъдаса вуссунаго Юсуп абулев гIолохъанчияс чIварай эбелалда аскIой ятарай щибго биIчIуларей гьитIинай Маша рокъое ячун ячIиналъулги, Юсупил абурай Майсаратица гьей, къватIул харбазухъги гIенеккичIого, жиндирго яслъун къабул гьаюраб куцалъулги. ТIоцебе цIализе щвараб асаралъухъ балагьун къабул гьавула цIалдолес цIирагIарав автор. Берцинаб, чвахун бачIунеб магIарул мацIалда, ракI тIаде цIалеб къагIидаялъ хъвараб гьеб хабаралъ гьабураб асаралъ анищ бижана дилъ хадубккунги ГIариповасул творчествоялъул-

гун лъай-хъвай гьабизе. Гьебго журналалда бахъараб ХIажил очеркалдасан рагIана дида тIоцебе генерал-полковник МухIамад Танкаевасул цIар ва гьесул багъадурал ишазул хIакъалъулъ.

ГIарипов тIоцеве дида вихьана дирго хъвара-тарал жалги росун «БагIараб байрахъалъул» редакциялде щараб мехалъ, араб къарнуялъул ункъоабилел соназул авалалда. Лъай-хъвайин абуна ккана, Литературияб институталдаса редакциялде практикаялъе вачIараб мехалда.

Практикаялъул анкь араб гIадаб заман букIана, ХIажица дида абуна, гьанив жанив чIун дуе щвезе жо дагьаб гурони букIунарин, дудаго лъалеб, дуего гIагараб темаялда макъала хъвазе мунги дудаги лъалеб Хунзахъ районалде ани лъикIаб букIинилан. Гьаруна гьес дие нухбитIиялъул малъа-хъваялги. Республикаялъул газеталъул редакциялъул мугьру тIад бугеб командировочноеги босун ватIаналде унев дир букIараб рохел гьанже бицун божиларо… Хадусеб соналъин абуни ГIариповас дун «БагIараб байрахъалъул» редакциялде кагътазул отделалде восана. Гьениб дир аслияб хIалтIи букIана батIи-батIиял бакIаздаса рачIарал кагътазул цIех-рех гьаби,  гьезул кьучIалда газеталъе макъалаби хъвай. ЛъагIелгIан заман индал, редакторас диде божилъи гьабуна, дие гIагараб, дир махщалиде данде кколеб культураялъулгун литератураялъул хIалтIи. Редакциялъулги хъвадарухъабазулги бухьен гьабизеги, газеталда рахъизе гьезул асарал тIаса рищизеги гьанжего гьанже цIалун лъугIун вачIарав гIолохъаняисда тIадкъай доб заманалда букIана кIудияб иш. Гьанжесев цIалдолесда  бицун гьеб бичIчIиларо.

Дун редакциялде ккана цIигьабун гIуцIиялъулин абулеб, гIемераб бахча-хьван букIараб жо рагьун бицине рес щвараб, унго-унголъунги хIалтIизе гъира балеб заманалда. Доб мехалда битIахъего редакторасул хIаракаталдалъун ва гьесул цевехъанлъиялдалъун газеталда рагьана «Тарихалъул тIамчал», «Маданият», «Дандерижи», «Дин ва гIумру», «ХIажатаб калам», «РекIеда бугеб кагътиде, «ХIенсеро» абурал ва цогидалги гьурмал. Гьезул цIаразго бицунеб буго кинаб цIилъи, гьогьен «БагIараб байрахъалде» дол соназда бачIарабали. ГIемер кватIичIого къватIире риччазе байбихьана щибаб анкьалъ, адабиятги, тарихги, маданиятги жанибе бачарал, кIи-кIи номер цолъизабурал шамат къоялъул газетал. Гьанибго абизе ккола, дол соназда редакциялде, аслияб куцалда конкурсалъулаб къагIидаялъ, хIалтIизе восана анлъго-анкьгониги гьунар-махщел бугев гIолохъанчи. ХIасил-калам, ХIажица щулияб кьучI лъуна цIияб заманалъул цIияб газеталъе.

Нижедехун, цIиял рачIарал хIалтIухъабаздехун хасаб, тIалабчилъиялъул балагьи букIунаан редакторасул. Данделъабазда нижер  гъалатIал рехсон бицинегIанасел бадибчIваял гьарулароан гьес. Коридоралъуб, яги цоги хабар ккараб бакIалда, махсаро хIисабалда рехсон, ракIалде щвезабулаан нижер макъалабазул лъикI ккаралги загIипалги бакIал. Щиб букIаниги гьикъун аскIоре ани, жиндирго пикруги бицун тIадеги жубалаан «мунго ургъун вихьеха», - илан. Гьеб «ургъун вихьехаялъулъ» букIана ХIажица нижее эркенго хIалтIизе, хъвадаризе рес кьун букIиналъул магIна. БукIунаан, «тана гьеб, ине бегьила», - илан гьес абулеб мехги.

Кибгоги хабар халат гьабулев чи вукIинчIо ГIарипов. Цогияз анцIго



**ХIажи ГIариповги ГIабдулмажид Хачаловги**

минуталъ бицаниги биIчIулареб жо, кIиго рагIудалъун мухIкан гьабулаан гьес.

Доб букIана кIиабизеги газеталъул редакциялде, редакторасул заместительлъун ХIажи вачIараб заман – 1998 сон. Цо къоялъ дун хIалтIулеб рокъовеги вачIун гьес абуна:

- Дуе культураялъул мустахIикъав хIалтIахъанасул цIар кьезе пикру ккун буго нижер, - илан ва бицана кина-кинал документал дица хIадур гьаризе кколелалиги.

- Жеги цудунго гьечIищ, ХIажи, дие гьеб, - ян абуна дица.

- Тана хабар, абураб гьабе, - илан нуцIаги къан къватIивехун ана ГIарипов.

Гьанибго абилин, хадусебго соналъ Дагъистаналъул Госсоветалъул ХIурматалъул Грамота дие щвеялъульги ХIажил гIахаьллъи букIун батилин тола дица.

Лъайги, гьунарги, гIумруялъул хIалбихьиги цояб цоялдаса нахъе ккечIого жиндилъ цолъарав, гьеб киналъго дуниялбихьи бечед гьабурав, мухIканлъи камиллъизабурав, къанагIатаб хасияталъул инсан вукIана ГIарипов ХIажи.

16 сон букIана ХIажил, доб заманалда КъахIиб (Шамил) районалъул «ЦIияб канлъи» газеталъул редакторлъун вукIарав Муса МухIамадовас редакциялде жавабияв секретарьлъун хIалтIизе вачараб мехалда. Хадубккун халкъалда гьоркьоб унго-унгояб машгьурлъи щварав кIудияв хъвадарухъанлъун вахъарав Мусал тIоцересел дарсаз лъадарана гIолиласулъ вукIинесев машгьурав журналистасул ва хъвадарухъанасул махщел. Хадуб ХIажица лъугIизабуна Ленинградалъул тIадегIанаб

партшколалда журналистазул отделение. ХIалтIана «Дагъистаналъул комсомолец» газеталъул редакторлъун, ДАССРалъул Министрзабазул Советалъул телерадиокомитеталъул председателасул заместительлъун, анцIила щугогIан соналъ нухмалъи гьабуна республикаялъул «БагIараб байрахъ» газеталъе, хадубги ДРялъул Пачалихъалъул Советалъул ва ХIукуматалъул пресс-хъулухъалъе. АнцIго соналъ бетIерлъи гьабуна Дагъистаналъул Журналистазул союзалъе. ЦIунана тарихиял гIелмабазул кандидатлъиялъе диссертация.

Кинаб хIалтIуда, киб бакIалда вугониги, ГIариповасда заман батулаан хъвадаризе, жиндирго творчество цебехун бачине. Гьедин рижана анцI-анцI очеркал, публицистикиял макъалаби, цогидалги жанразул асарал. Гьев вукIана къогониги тIехьалъул автор. Гьезда жанир руго тарихиялги жакъасеб къоялъулги бицарал гIемерал метериалал. Амма ГIариповасул творчествоялда аслияблъун ккола бахIарчилъиялъулгун патриотикияб тема. Гьел суалал рорхарал руго «Дагъистаналъул меседил цIваби», «Генерал Танкаев», «Гьадин бижула бихьинчилъи», «Муртазал къимат тIокIаб хазина», «ХъахIал къункъарби – ракIалдещвеялъул тIехь», «РакIалдещвеязулъги ракIазулъги даималъего», «Ана васал рагъде», «Бекараб хвалчен», Афгъанистаналда чIварал гIолохъабазул хIакъалъулъ лъабго том, Россиялъул БахIарчи ХIайдархан ХIажиевасул хIакъалъулъ ва цогидалги тIахьал. Шамилил заманалдаса байбихьун, къоабилеб къарнуялъул ахирал сонлаги гъорлъе рачун, нилъер бахIарчияб тарихалъул бицунеб буго гьезда. Бицунеб буго щибаб заманалда рахъарал, щибаб хIалуцараб лъугьа-бахъиналда гIахьаллъарал нилъер багьадурал гIолохъабазулги, гьезул къохIехьеялъулги мисалалда.

«Инкъилабалъул бахIарчиял росаби» абураб тIехьалдасан бихьулеб буго доб заманалда магIаруллъиялда букIараб ахIвал-хIал. Автор С.Стальскиясул цIаралда бугеб республикаялъул премиялъе мустахIикълъараб Социалистияб ЗахIматалъул БахIарзазул бицараб «Дагъистаналъул меседил цIваби» абураб тIехьалъул героялги гьезул ракIбацIцIадаб хIалтIиги хIаракатчилъиги цогиязеги мисал букIин бихьизабулеб буго ХIажица. Анкьго вас КIудияб ВаатIанияб рагъде витIарав Хунзахъа Муртазал къисматалъул ва гьесул васаз нахъа тарал рагъулал нухазул сипат-сурат цебе чIезабулеб буго «Муртазал къимат тIокIаб хазина» абураб тIехьалда.

Гьадинаб къимат кьолеб буго «Бихьинчилъиялъе даимаб хIурмат» абураб, Дагъистан Республикаялъул Пачалихъалъул премиялъе мустахIикълъараб, Афгъанистаналда чIварал гIолохъабазул хIакъалъулъ хъвараб лъабабго тIехьалъе жиндаго гьеб рагъул бухIи бихьарав генерал ГIумар МуртазагIалиевас: «Хъван рагIалде бахьана ракIалдещвеязул хIакъалъулъ тIехь. Гьеб сайгъат гьабун буго Афгъанистаналда чIварал дагъистаниязе. Журналист ХI.ГIариповас цIакъ кIудияб хIалтIи гьабун буго ВатIаналдаса рикIкIад тIадаб рагъулаб налъи тIубалаго битIун тIогьол гIужалъ гIумруялдаса ратIалъарал гIолохъабазул къисматалъул нухал лъазариялъе. БичIчIулеб жо буго, кигIанасеб хIаракатчилъи авторасе хIажалъарабали гьел васазул бихьинчилъиги, гьунаралги, гьединго гIага-божаразул ракIазул бухIиги тIехьалъул тIанчазде босизе».

КIудияб ВатIанияб рагъдаги, Афгъанистаналда рукIарал лъугьа-бахъиназдаги, хадуб хъачагъазул къукъабазде данде къеркьеяздаги гIахьаллъарав, гьенив абадиялъеги къанщарав чан гIолохъанчиясул хIакъалъулъ чан очерк ХIажи ГIариповас хъврабали лъаларо. Лъала гьел цIакъ гIемерал ругеллъи. Гьезул щибалъулъ буго щивав гIолохъанчиясул къисмат, гьезул гIумруялъул ахирисел лахIзатазул сипат-сурат, гIага-божаразул ракIазулъ хутIарал сахлъуларел ругъназул бухIи. ГIажаиблъи гьабизе ккараб жо, гьегощинал васазул цоцазда релълъарал гIадал къисматал рагьизе ГIариповасда батун буго батIи-батIияб нух, цIалдолезе асар гьабулеб такрарлъи гьечIеб цIи-цIияб къагIида. Жиндир хIакъикъиял героязухъ гьев валагьулев вуго гьезул бищунго цересел гIадамазул бераздалъун. Гьес щибаб лъугьа-бахъин биччалеб буго жиндирго рекIелъан. Гьелдалъун бихьула авторасул рекIел гIатIилъиги журналистасул махщалил тIадегIанлъиги.



***КвегIиса кваранидe:*** **цебесеб кьерда лъабабилев ХIажи ГIарипов**

Гьеб ккола рикIкIен гIемерал сапаразул, ракIалдаса унарел дандчIваязул, хIужибиги баяналги цIехолаго араб гIемераб заманалъул ва кагъат-къаламгун тIамурал сардал-къоязул хIасил. БатIи-батIиял рагъазда чIварал ракьцоязул хIакъалъулъ ракIалдещвеязул тарихиял асаразул автор хIисабалда ХIажица халкъалъул рекIелъ бан буго даимаб си.

ХI.ГIариповасул гьел тIахьазул, гьезда ругел очерказул кIудияб кIвар буго жакъа къоялдаги хадусел гIелазеги. Гьез ахIулел руго гIолилал яхIалъулги чилъиялъулги байрахъ борхатго кквезе. ВатIаналъул эркенлъи цIуни щивав чиясул тIадаб налъи букIин бихьулеб буго гьездасан.

ГIемеркьеразулаб, гIемеррахъазулаб буго журналист, публицист, хъвадарухъан ХIажи ГIариповасул творчество. Гьеб бихьула батIи-батIияб заманалда, батIи-батIиял темабазда хъварал макъалаби данде росараб «РекIел пикрабиги рахIатхвеялги», жиндирго гIагараб росдал цебесебги жакъасебги гIумруялъул бицараб «НекIсияб ва цIияб КъахIиб», исламияб диналъул гIалимзабазул къисматал рагьулеб «Баракат» абурал ва цогидалги тIахьаздасан.

Жакъа цIалун, метералде херлъулел макъалабиги очеркалги къанагIатги дандчIваларо ГIариповасул. Пуланав чиясул хIакъалъулъ хъвалеб бугони, гьесул къисматалдаса, гIумруялъул лъугьа-бахъиназдаса, гIамал-тIабигIаталдаса цогиязги мисал босиледухъ кьолаан гьеб цIалдолезухъе ХIажица. Яги бокьараб суал борхулеб бугони, гьелъул кьолболъе ваккун, гьеб суал бижиялън гIиллабиги баянго кьолаан гьес, бугелъул бицун течIого, гьелъул букIине бегьулеб хIасилги цебечIезабулаан.

ГIариповасул цоги лъикIаб рахълъун букIаная, жинда цебелъураб масъала гIатIидго борхи, лъица цIаланиги, цIаларав чиясе пайда босизеги ургъизеги жо гьесул макъалабаздаги тIахьаздаги букIин. Масала, «НекIсияб ва цIияб КъахIиб» абураб тIехь кодобе босарав чиясда ратизе руго тIолабго магIаруллъиялъул тарихалъулги тIанчал. ЦIар-цIарккун гIахьаллъарал гIадамалги рехсон, гьениб мухIканго бицунеб буго 1923 соналда КъахIиб букIараб магIаруллъиялъул гIалимзабазул съездалъул. Доб заманалда кIудияб кIваралъул мажлислъун букIараб гьеб дандеруссиналъул жакъасел гIадамазеги пикру гьабизе бакIал камун гьечIо. Гьединал мисалал гьеб ва цогидалги ХIажил тIахьаздаса гIемер рачине бегьула.

ХIажи ГIарипов магIарулазда лъалаан лъикIав таржамачи хIисабалдаги. Гьес авар мацIалде руссинаруна некIсияб Сириялъул «ГIакъилав Ахикарил хIакъалъулъ къиса», Н.Довженкол «Даруял хурдузул балъголъаби», ЧIохъа ХIажигIалил «Шамил лъалесул хабар», Сириялъул, Китаялъул, курдазул, чачаназул, ингушазул маргьаби, некIсияб Китаялъул кицаби ва абиял, жеги гIемерал цогидалги асарал. ГIемер махщалида, роцIараб, бацIцIадаб, чвахун бачIунеб магIарул мацIалда, цIалдолезул ракIбалеб куцалда руссинарун руго ХIажица гьел киналго.

Гьанир рехсон толел руго ХIажи ГIариповасул махщелчилъиялъул цоцо рахъал. Бегьилаан гьезул дагьабги гIатIидго бицинеги. Гьелъул хIакъалъулъ хасаб, кIудияб макъалаги хъвазе бегьила. ХIажи вукIана Аллагьас лъикIаб гьунар кьурав чи. ГьединлъидалиН гьесда ричIчIулел рукIарал хъвадарухъабиги, журналисталги, цогидалги гьединалго махщелазул гIадамалги, гьабулеб букIараб гьединазул захIматалъул хIурматги къиматги. ГIарипов вукIана, цадахъ хIалтIулезе, кинал рахъал росаниги, мисалияв инсан. Редактор хIисабалдасаги цIикIкIун гIадан хIисабалда адаб-хIурмат гьабулаан гьесул киназго. Гьеб адаб-хIурмат гьесдехун хIалтIудаса ун хадуб жеги цIикIкIанин ккола дида. Мех-мехалда редакциялде вачIунаан гьев, ваккулаан щибаб рокъове, щивасе салам кьезе. Гьединав вукIана ХIажи ГIарипов.

АнкьгогIан сон ана ХIажи Аллагьасул къадаралде щваралдаса. Гьанжеги унго-унгояб рокьигун, хинлъигун ракIалде щвезавула ГIарипов, гьев лъалев вукIанщиназ. Жиндир хIакъалъулъ гIадамазул лъикIал ракIалдещвеял тарав чи талихIав чи вукIунин тола дица. Гьединавлъун хутIана киназего ХIажи ГIариповги. Ахираталъул рокъовги лъикIал гIадамалгун ватаги гьев намус бечедав, чилъи кIудияв инсан.

***МухIамад ПАТАХIОВ.***

# ЦIиял кучIдул

Манарша ГIИСАЕВА



## ГЬАБГИ ДИЕ

Гьабги добги диейин дунял ххазе лъугьарав,
ЗагIипав цо лагъасул залимав шагь гIунила.
ГIаламалда рухI лъурав живго Бичас кинигин,
Кинавго чи квегъизе квешаб нух рагьанила.

РакIалъ хIисаб гьабичIо дунялалъул гьоболас,
Гьоболлъиги рехун тун вуссунеб цо рукъ бугин.
РекIелъ жахIда барщана, бальго чидай къор гъуна,
Бералълъ хъантIи тIегьана, хъамалчилъун лъугьана.

Лъай-гIакълуялъ цIехана гIарацги хIакимлъиги,
ХIилла-макруялъул хан хурхун чIана тахида.
ХIарамлъи гьесул рагьун, кIалъарав тIагIун ана,
ХIакъ гьесул рагьулесда чарамул гулла щвана.

Чиясда цIоб лъолареб цIар анила ханасул,
Ханлъияллдаса араб хъурмихъего лъугьиналъ.
ХъантIарав фиргIавнасул гIорцIулареб гIамалалъ,
ГIумру мискин халкъалъул гIазабалде тIамула.

ГIифритгун рекъарав гьев, гьойдухъе гьесул лагъзал,
Гьаб дуниял квегъизе квер биххун чабхъад ана.
ГIаламалда кьан барав, иманалда мугъ барав,
Бергьарав хIакимасе хIелхIелчагIаз чест ккуна.

ХIалихьатаб къапилалъ ворхун ккурав капурчи,
Куфруялъ керенги цIун квешаб хIалалъ хьвадана.

КантIизе гIураб гIилла гIемераб бихьаниги,
ГIорцIулареб гIамалалъ тавбуялде виччачIо.

Вижараб умматалъул адаб тарав гьасие,
Аллагьасул нагIана хехго тIаде гIунтIана.
ГIадамасе зарал ккун, пашманлъулеб мискин халкъ,
Ханасде щвараб балагь баркун кепалда руго.

Хвезе хиял букIинчIев къосарав жасусасе
ЖужахI баркун киналго рохел гьабулел руго.
ГIаламалда гурхIичIев рахIму гьечIев шагьасе,
КъабихIаб къадар щведал щукруялда халкъ буго.

## ГЪАЛБАЦI ЧУЧУЛА

Рохьоб ханлъи щвараб гъалбацI чучула,
Чакъалазул боялъ гьужум гьабуни.
Гьаваялда лочнол чара тIагIуна,
ТIаде ракIарани гъудузул тIелал.

ТIутIаз сверун ккураб тIалил наялда,
Нахъа бахчун бугеб балагь бихьичIо.
Бахьинал лугбазда гъара базегIан,
Гъиз рекIелъ бахчарал хIакълъичIо асда.

Халатаб логода тIад чадир цIайдал,
ЦIудул гьункьи буго гьанже чудкузул.
Чадихъ ияхI бичун гьвел хъулухъ щвараз,
Хъамихъул гьабулеб магIишат буго.

БацIил берал цIорон эркенлъи щварал,
Эркенго свердилел гьасул тах сверун.
ЦIиркъилал хIатIазул хIал босун индал,
ХIасил битIанилан руго щурщулел.

Дур квердаса кванан ругьунал кутуз,
Кеп босулеб буго дур чуриялъул.
Кидал такрарлъичIеб лъаларо дида,
Дурго гIадаб гIажал гьазда нахъаги.

## РАХIАТАЛЪУЛ ГЬУНАР

Унго цо рахIаталъухъ бугебщинаб гьунар щиб,
Гьабизе лъан хадуса ханлъи буго гьеб чорхол.
РахIаталъ хIалхьун тола, хIалимаб гIамал кьола,
ГIуждаса ун цIикIкIани, цIоб тараб унти кьола.

Кьаралъул черх сурула, сабруялъ рехун тола,
РекIкIаб кIвахIалъ кIичI битIун, кIиябго бох бухьуна.
Бакъараб хъизан кьола, хъантIараб гIамал кьола,
ГIадамазда сурараб язихъаб яшав кьола.

ЯхI-намусалъ рехула, рекIелъ жахIда бижула,
Жив рахIаталъул асир, асда хехго кIочона.
КIудияб гьунар бугеб рахIаталъе лагълъуге.
Рекъараб къагIидаялъ къачIай черхалъул гьобол.

## ХЕРЛЪИ-ЗАХIМАЛЪИ

ТIаде гIунтIун щолеб ригь гьечIеб херлъи,
Хиял жеги свинчIеб ракIалъул гурхIи.
Гочун арал къояз цадахъ цIан араб,
Берцинлъи, гьайбатлъи, унго барахщи.

Щвараб къахIан кквечIо – тIалаб гьечIолъи,
Щолелда чIухIана – унго гIадаллъи,
ГIанчIлъиялъ ханлъи лъун зурун гIолиллъи,
Заман индал дида лъараб зигарди.

Зарраялъ лъалкI лъураб нухлул къварилъи,
Къасдазул, хьулазул аман халалъи.
Хасел загьирлъараб чорхол сурукълъи,
Сабруялъ рехараб ботIрол загIиплъи.

Загьрулъун гьекъараб гIумрудал кьогIлъи,
Заманго щвелалде херлъи-захIмалъи.
Хадуб инагьдулеб жаниб ракIги тун,
РухI чорхолъа тIури – аман ракI гурхIи.

## САБУРАБ ГIАМАЛ КЬЕ

ГIалхуда меседил кьер чIвалеб бугин,
ГIарцул кунал журан гъал дирги бугин.
Гъугъдулъ басандулеб лъар сасун бугин,
Соназ сси бахъарал дир хIатIал гIадин.

ГIисинккун щенолеб цIад халалъанин,
Хиялазда хурхун пикру щущанин.
Щобазда гIодулеб гьуриги бугин,
ГIанаби чурулеб магIуги бугин.

Чвахулеб гIор гIадин гIумруги анин,
ГIанчIаб завалалда дунги херлъанин.

Хвалил телги къабгІун унтиги щванин,
Щукруян кантІулеб керенги гьечІин.

Щибго жаниб гьечІел хулжалги ругин,
Хвел къабул гьабизе къуват кье, Аллагь.
Къадаралда цее сороле йигин,
Сабураб гІамал кье тавбу гьабизе.

## САБРУГИ АДАБГИ

Чиясул гьумералде хІаялъул нур цІалеб,
Аллагьасул аяталъ кІодо гьабун бицараб,
КІиго берцинаб рагІи инсанасе насиблъун,
Илбисалъул рекІелъе рукІкІбилъун жал хІунсулел.

ХІикматал калимаби куплеталъе кинигин,
Кирго даим рехсолел, рохел кьолел рагІаби,
Ракьалда инсанасе талихІалъе ракарал,
Рокьукъаб гІамалалъе нугІлъиялъе рахъунел.

Адабалъул берцинлъи, сабруялъул бечелъи,
Гьаб кІиябго рагІидул рагІал гьечІеб кІодолъи.
КІудияб даража кьун Аллагьас нуж хьихьила,
Адабгун сабруялъе сурат кІодо гьабуни.

Сабру гьабе хириял, алжаналъул кІулин гьеб,
Адаб цІуне гІадамал, цІаялъ рухІунгутІизе.
ЦІаргин гьан алжаналъе насиблъизе бокьараз
Берцинго чорхолъ цІуне сабру, адаб, гІаданлъи.

## ЛЪУГІУН ГЬЕЧІО БАХІАРЗАЛ

БукІанин, рукІанин, бицунеб буго,
Ругезеги ахІе цо-цониги кечІ.
Абуге лъугІанин нилъер бахІарзал,
ЛъугІичІо, лъугІизе ресги гьечІо гьел.

Нилъер бидурихьалъ хьвадулеб бидулъ,
БахІарчилъи буго дол умумазул.
Дагъалъул тІогьазда цІваби рукІаго,
ЦІарги, цІаги нилъер цІунун хутІилеб.

ЦІумазул борхалъи бикьун кьурал нилъ,
Бичас кІодо гьарун, ислам щварал нилъ,
Иманалъул дарсал дурус гьарулел
Устарзабазулги баркат щварал нилъ.

**Щаклъуге, хириял, холеб бугин яхI,**
**Хваликьа хIинкъарал дагьлъулел ругин.**
**Дудего ваккун те, мунго лъикI вукIа,**
**ЛъикIал дурго рахъал наслуялъ кквезе.**

**Кинабго хун гьечIо, хвезе рес гьечIо.**
**Хабалъе босичIо умумаз намус.**
**Ирсалъе тун буго, ирс босун буго,**
**БахIарчилъиялда хIур хъвачIел руго.**

**ХIурмат-адабалъул нуралъ ракI цIурал,**
**ЦIар хIалалал васал Дагъистаналъул.**
**Дора Россиялда, тIолго ракьалда,**
**Рикь-рикьун къеркьолел гIемерал руго.**

**Къулуге ракьцоял, пашманлъуге нуж,**
**ХIабургъарал гьечIо киналго иццал.**
**Кинида бущараб лъимадул бадиб,**
**Бетараб магIугIан рацIцIадал руго.**

**Ракьалда гьел иццал чIаго рукIаго,**
**ЧIухIи нилъер бекун рагIизе гьечIо.**
**Гьороца рахъ-рахъалъ чIвараб кьишни-къул**
**Кьварарал васазул хIатIакь букIана.**

**ХIакъирлъи тIогьазда ругьунаб гьечIо,**
**Гьелъул бакI рагIичIищ балкан балеб кIкIал.**
**Борхалъи босула сси бугел васаз**
**Сиртазул тIогьазда бисаца гIадин.**

**Сонисел бахIарзал цIадулъан ана,**
**ЦIунун гьезул цIарги нахъе хутIана.**
**Жакъасел бахIарзал, гIетIулъги тIерхьун,**
**ГIасилъи гьукъизе къеркьолел руго.**

**Къуле магIарулал, кьабе гьезий хъат,**
**Гьезул цIарал росе цIияб тIехьалде.**
**ТIаде-тIаде гIолез, Шамилго гIадин,**
**Щивасул кIутIбуца кIодо гьаре гьел.**

## ЧIАРАДИСЕЛ

**Мун Дагъистаналъул каранда бараб,**
**Цо хасаб шапакъат ЧIарада район.**
**ЧIахIиял гьунараз берич гьабураб,**
**Бергьенлъаби росун васаз къачIараб.**

**Къаралал, кьесерал, рисгIор, арчисел,**
**Мукракьгун шалисел цолъун гIураб ракь.**

Россиялъул гъежалда хураб курхьенлъун,
КенчIолеб дур чIоралъ чIухIун Дагъистан.

ЧIарада, чIахъаяб чIагояб улка,
Умумазул дарсаз дурус гьабураб.
Доба нахъа тараб тарихалъул хатI,
Меседил хIарпаца къачIан буго дур.

Мубаракзабзул зоб цIураб баркат,
ЦIадал чвахи гIадин чапун бараб ракь.
Росу мажгиталъул минарабазда,
Муъминазул гьаракь берцинаб ватIан.

Бичасул саламалъ кIодо гьареял,
КIодолъи босарал сси бугел васал.
Васазул каранда рекIел канлъи лъун,
Ккаралъур ратулел яхI бугел ясал.

Россиялъул керен кенчIезабурал,
Орденал росарал васал ЧIарада.
ЧIухIиги къадруги нужер борцунеб,
Роцен гурищ нижей нужер шапакъат.

ЩагIирги, гIалимги, гIакълучагIиги,
Чарамул ракI бугел гучал васалги,
ЧинигIан рацIцIадал ясал куцарал,
Умумул ратиялъ рорхун ана нилъ.

Гъезул гIакълуялъул гIор гьекъараца,
Гьулимаргъал бана дуда, Дагъистан.
Гьеб дур накуялда накабиги чIван,
ЧIарадаса васаз ахIанщинаб кечI.

Кодоб тIамур ккураз бакъналъги сокIкIун,
Цо гьеб дур цIаралда цIумур балеб куц.
ЦIар Дагъистаналъе хIалалал васаз,
Россиялъул тIогьиб тIад байрахъ чIвана.

ТIолабго дуниял хIайран гьабурал,
Гьайбатал васазул эркенаб улка.
Ана босун дур цIар, ЧIарада район,
ЦIвабзазул зодобе гьаб Дагъистаналъ.

## НАФСАЛЪ БАСРА ГЬАЮНА

Я дир хирияв Аллагь, тIасалъугьа БетIергьан,
Дуца кьураб босизе гьунар гIечIей дидаса.
ГIайиб бацIцIун цIунун те цIобал гIатIидав Халикъ,
Хадуб хваяб дунял ккун, дун къосине йиччаге.

Къиямасеб къоялда йитIун тIаме я, Карим,
Кодоб кьураб боцIуе дунго йикIана лагълъун.
Лаилагьа илаллагь кIутIбуца щуричIого,
Щолел гъурщалги рикIкIун биччан батана заман.

Заманалда гIайиб чIван, дунго мекъи хьвадана,
Дунялалда бугьтан лъун нафсалъ басра гьаюна.
Бугеб, кьурабги беццун щукруялъе кантIичIо,
ЦIоб гIатIидав БетIергьан, дуца тархъан гьае дун.

Дур расуласул хIадис хIисаб гьабун цIаличIо,
ЦIунцIрахуна гьанже черх чуруляреб мунагь лъан.
Муъминазде регIечIо, муслиматал рикIкIинчIо,
РакI бухIана я, Вадуд, рахаларищ дий жужахI.

Дир ккарал гъалатIазда тIасалъугьа мун, Бечед,
Биччан тараб замана, тавбу астагъфируллагь.
Я, Гъафуру-я, РахIим, рухI босе иманалда,
Я, ЛатIифу я, Аллагь, алжан насиб гьабеги.

## ТIАДЕГIАНАБ ЧИН

Дунялалда бищун тIадегIанаб чин
ТIоцебе босана чIужугIаданалъ.
ТIагьаяс жинцаго сайгъат гьабураб,
ТIолабго гIаламалъ къабул гьабураб.

Гьеб чин мустахIикъай хIакимги йиго,
ГьелъулгIан къадруяб хьулухъги гьечIо.
Гьелъие къуларал къабихIлъуларо,
Гьелъул хIелхIедиги хIалихьлъуларо.

Гьаб ракьалда бугеб азарго мацIалъ
Азарго цIарги кьун, шавкъалъ ахIула.
Аллагьас жинцаго кьураб чиналде
Дирги рахьдал мацIалъ эбел ахIула.

АхIизе берцинаб, ахIулъ хIеренаб,
Гьаб къокъаб рагIуда бараб инсанлъи.
Инсухълъи цIунизе, цIар гьесул кквезе,
Аллагьас йищарай кIудияй хIаким.

КIудияб даража дуе хирияй,
Халикъасулаб борч бацIцIад цIунарай.
Бичасул рахIмат-цIоб тIаса унгеги,
ТIадаб налъи бацIцIад цIунарай эбел.

# ГIакълуялъул дандерижи

## ГЪ В Е ТI

ГIицIаб авлахъалда букIанила, аскIоб кигIан гьитIинабги заз-хъарахъгIанасебцин бижараб жоги гьечIеб кIудияб гъветI. Къаси сардилъ «чанаве» вахъарав цIогьорасда бихьанила гьеб гъветI. Гьесда ракIалде кканила жинда хадуб хъаравуллъи ккурав чи ватилин гьевилан. ЦIогьор цIакъ хIинкъанила.

Гьединго сардилъ йокьулей ясгун дандчIвазе вачIунев вукIанила гIолохъанчи. Гьесда гъветI жиндир йокьулей ятилин кканила. ГIолохъанчи цIакъ воханила.

Маргъабазул багъадурасда гIажаиблъарав, гьев вихьизе анищ ккарав цо гьитIинав вас вукIанила. Гьесдаги батанила гьадабго гъветI. Васги цIакъ хIайранго балагьанила гъотIохъ, гьеб маргъабазул багъадур ватилилан ракIалдеги ккун.

Гьедин, щивав чияс щибаб жоялъе жиндирго пикрабазда борцун кьолила къимат.

## ДУЦА ТIОЦЕБЕСЕБ ГАЛИ ТIАМУНА

Цо гIакъиласухъе вачIанила гIолохъанчи, мунго гIадав гIакъил вахъине диеги кумек гьабеян. ЛъикI бугин, дун ургъилин, мун дица жаниве ахIизегIан къватIив чIаян абунила гIакъилас. КъватIиб чвахxунцIад балеб букIанила. ЛъикIалан заман индал гIакъилас гIолохъанчи жаниве ахIанила ва цIалтун виччарав гьесда гьикъанила:

– Гьадаб чвахxунцIадакь чIун вугеб мехалда дуда ракIалде щиб ккараб? – илан.

– КигIан кIудияв гIабдалха дун вукIине кколев гьаб чвахxунцIадакь чIезе абун хIисаб гьабуна дица, – ян жаваб кьунила гIолохъанчияс.

– Гьелеха, гьудул, дуца гIакъиллъиялде тIоцебесеб гали тIамуна, – ян абунила гIакъилас.

## ЩИБАБ УНТУЕ ДАРУГИ БАТIИ-БАТIИЯБ БУКIУНА

ВукIанила киса-кибего цIар рагIарав беразул тохтур. Гьес жиндирго махщалие ругьун гьавулев цо гIолохъанчиги вукIанила. Цо къоялъ тохтурасухъе вачIанила тIириги канлъи бихьуларев чи. Гьесие дару гьабизе тIадкъанила тохтурас гIолохъанчиясда. Абунила, дуца унтарасул кIиябго beралда тIад лъезе кIиго панкъ гьабейилан. Малъанила гьел панкъал хIадурулаго гьезда гъорлъе кина-кинал хурдузул лълъимал журазе кколелалиги. Панкъал тIад лъедал беццасда канлъи бихьанила. Гьесул рохалиеги, кьолел баркалабазеги гIорхъи букIинчIила. Дагьавги цIакъ гIолохъанчиги воханила, жинца беццавги канлъизавунилан.

Гьадавго гIолохъанчиясул мадугьалихъ вукIанила, тIубанго гьечIониги, лъикIаланго канлъукъав чи. Гьесул бераздаги лъунила гIолохъанчияс гьадабго къагIидаялъ жинцаго гьарун панкъал. Мадугьал, цебе букIарабгицин канлъиги ун, тIубанго беццлъанила.

ГIолохъанчи, цIакъ рахIатхун, гIодилаго вачIанила жиндирго мугIалим-тохтурасухъе. Биценила жинцаго гьабураб даруялъулги, гьелъул ккараб пашманаб хIасилалъулги.

– Дунялалда берал унтарав чам чи ватаниги, щивасул беразул рукIуна батIи-батIиял унтаби. Гьезие щивасе рекъараб батизе ккола даруги. Киназего цого дараби гьаруни, унтичIелги унтула, хIасилги гьадаб дур гIадаб ккола, – ян абунила цIар рагIарав беразул тохтурас гIолохъанчиясда. – Дур тохтур вахъунаро, богогьан лъугьинеги бегьула мун. ХIалбихье. Нух битIаги.

## ХАДУБ ЩИБ?

– Дун цIализе ворчIана университеталде, – илан рохел биценила инсуда васас.

– ЛъикI бугоха, дир вас. Хадуб щиб? – ян абунила инсуца гьесда.

– Хадуб щибха букIинеб цIалила щуябго соналъ.

– Хадуб щиб?

– Вахъина юристлъун, хIалтIила адвокатлъун.

– Хадуб щиб?

– Ячина чIужу, гьарила лъимал.

– Хадуб щиб?

– Тарбия-лъай кьела лъималазе, гьабила гIадамаз гIадаб гIумру.

– Хадуб щиб?

– Херлъараб мехалъ ина хIалхьиялде.

– Хадуб щиб?

– Хадуб щибха букIинеб, эмен, къоял лъугIидал инаха киналго гIадин Абадияб рокъове. Анив толев чи щивниги вукIунарелъул.

– Хадуб щиб?

– Доба кин щиб букIинебали лъидаха лъалеб, дада?

– Гьеле гьеб, «доба кин щиб букIинеб?» абураб суалги цо лахIзаталъги кIочон течIого гьабе, дир вас, дуца гIумру. Гьеб мехалда вохизе вуго мун дунялалдаги ахираталдаги.

## ХАНАСУЛ ЛЪАБГО ГIАКЪЛУ

ВукIанила гучав, бечедав, цадахъго цIакъ гIакъилав цо хан. Гьесул хIукму кканила цIияб шагьар базе. РакIаранила жиндир вилаяталда ругел киналго устарзаби. Гьезда гьоркьов вукIанила анкьалъ цебе хъизан гьабурав гIолохъанчиги. АнцIила щугониги сон банила шагьар балеб. Кинабго хIалтIи лъугIидал ханас устарзабазда абунила, бокьарасе дица нуж разияб, нужер хIалтIуда рекъараб мухь кьелин, бокьарасе лъабго гIакълу кьелин. Нужецаго тIасабищейилан.

ЦохIо гьадав гIолохъанчияс хутIизегIан, киназго жидее хIалтIухъ кколеб гIарац кьеян абунила. Гьезие гIарацги кьунила ханас, гIолохъанчиясе, гьес абухъе, лъабго гIакълуги кьунила.

– Дуца киданиги щибниги жо дуда лъаларев чиясухъе божилъи гьабун кьоге, – гьеб буго дир дуе тIоцебесе гIакълу, – ян абунила ханас. – Дуца киданиги гьоболлъи баге херав росги гIолохъанай чIужуги йигеб рокъоб. – Гьеб буго дир дуе кIиабилеб гIакълу. Лъабабизеги, – ян абунила ханас, – дуца щибниги жо гьабуге ургъун, гIакълуялда борцун, сабруялда цIехон гурони.

Гьединги абун, ханас гIолохъанчиясе кьунила кIиго панкъги, рокъове щведал гурони бекизе бегьуларин малъа-хъвайги гьабун.

Гьедин нухда унаго устарзабазда хадур гIунтIанила лъабго чол рекIарав. Гьез нухлулазда абунила, нужеего нух бигьалъиялъе кодоб бугеб къайи-цIа жидехъе кьейин. Дов гIолохъанчияс хутIизегIан кьунила цогияз гьезухъе кодоб букIарабщинаб. ГIолохъанчиясдайин абуни ханасул тIоцебесеб гIакълу ракIалде щванила. Чол рекIаралги, нухлулазул буголъи кодобе щведал, чуязда цIалалги кьабун, рихьулеб мухъ-рахъ тун тIагIанила.

Гьедин унаго-толаго, буголъиялдаса ратIалъарал цогиял устарзабиги гьадав гIолохъанчиги маркIачIул гIужалда цо росдал рагIалде щванила.

КIутIанила цебе батараб рукъалъул нуцIида. НуцIа ричIанила ригь арав чияс. Гьесда нахъа яхъун чIун гIолохъанай гIаданги йикIанила. Цогияз гьениб гьоболлъи банила, ханасул кIиабилеб гIакълу ракIалде бачIарав гIолохъанчи нахъе анила.

Сордо бащалъараб мехалда бахъанила гьадаб рукъалъул хважаиналъул ахIи-хIур, гьалбадерица жиндир рос чIванилан (хIакъикъат кинаб букIарабали Аллагьасда лъала). Мадугьаллъи, росу-жамагIат бакIарун гьез дол устарзабиги чIванила.

Гьедин живго хутIарав гIолохъанчи, чанго къоялдаса къаси боголил гIужалда рокъове щванила.

НуцIил кIалтIаги чIун гIенеккидал, чIужугIаданалъулги бихьинчиясулги гара-чIвари рагIанила жанисан. Лъади дие хисун йигеб къагIидахаян кутакалда ццим бахъанила гьесул ва кIанцIун жанивегун кIиялго чIвалин чIегIераб пикру паркъанила ботIролъ. Гьеб лахIзаталъ лъабабилебги ханасул гIакълуялъ кантIизавун, щибго лъазе течIого нуцIида кIутIанила. Рагьанила лъадуца нуцIа. Рос вихьаравго, гьесда кIалъа-ралъазецин рекIеда ятичIого, гьелъ ахIанила:

– Гьале, дир вас, дур дада гьалщинал соназ мунги дунги урхъун рукIарал, – илан.

Векерун вачIун вас инсул гарбида хурханила…

Рукъалъул хважаин вачIиналъул хIурматалда лъикIаб тепси гIуцIанила лъадуцаги васасги. Цинги гьес дал панкъал реканила. Гьезда жаниб бугоанила дол талихI къарал цогиял устарзабазе кьуралдаса гIемерго цIикIкIараб месед-гIарац…

## ЛЪУКЪАРАБ РЕКІЕЛЪ ЛЪАЛКІ ХУТІУЛА

ВукIанила цIакъ гIамал мекъав, сабру гьечIев, гIиси-бикъинабжоялъе гIологи гIадамасда адаб тун рагIи абулев гIолохъанчи. Гьесул гIамал-тIабигIаталъ инсул кутакалда рахIат хвезабун букIанила.

Цо къоялъ инсуца васасухъе кьунила гIемерал магIалги квартIаги. Ва абунила, дурго ццим бахъанщинахъе, дуца нилъерго азбаралда бугеб кавуялда цо-цо магI кьабейин.

ТIоцебесеб къоялъго анцIгониги магI кьабанила гIолохъанчияс кавуялда. Гьединго хадусел къоязги кьабун лъугIанила магIал. Гьеб бициндал, инсуца васасда абунила, гьанже гьединго ццим бахъун, сабру хун лъугьиндал, цо-цо ккун рахъейин гьел магIалилан. Заманалдасан васас инсуда абунила рахъун лъугIанилан. Цинги инсуца васасда абунила, балагьейин, кигIанго дуца магIал рахъаниги, картIал кирего унарин. Гьедин дуца ракI лъукъарал гIадамаздаги гьеб киданиги кIочон толарин, гьезул каранда, гьаб кавуялда картIал гIадин, сахлъуларел ругънал хутIулин.

## ГIУМРУГИ ХУТIАНЩИНАБГИ

Цо мугIалимас чанго соналъ цIализавулев вукIанила анцIго мутагIил. Жинда лъалебщинаб гьездаги малъун, ахир интихIам (экзамен) гьабулеб къо тIаде щванила. ГIакъилав мугIалимас, гьезие кинаб лъай щун бугебали гуреб, лъаралдасан хIасил кинаб гьабун бугебали борцине хIукму гьабунила. Гьес щивав жиндир цIалдохъанасда цебе лъунила анцIго батIияб чащкаялда жанибе тIун кофе. Гьезул цоял рукIанила меседил, цоял гIарцул, хIасил-калам цоял берцинал, цоял гIадатиял чащкаби. Щивас хIаракат бахъанила берциназдаса берцинал, хирияздаса хириял чашкаби тIаса рищизе. Кофе гьекъон лъугIизегIан гIолохъабазул рахIат хвезабизеги рекъон бихьичIого, ахирги мугIалимас абунила:

– ГьабсагIат нужеца гьекъараб кофе букIана, кинал чашкабазухъе тIун бугониги, цого кофе. Амма нужеца хIаракат бахъана цоцазул адаб тун, лъикIал, берцинал чащкаби тIаса рищизе. Гьезда жаниб бугеб жоялъул пикруцин гьабичIо нужеца чашкабазул гурони. Ургъун хIисаб гьабуни, кофе буго гIумру, чашкабийин абуни, цоги хутIарабщинаб нилъеца кIвар гьабичIого таниги бегьулебщинаб, щибниги пайда гьечIебщинаб. Нужее дидаса гIелму щун батизеги бегьула. Амма гIумруялъе пайда босизе лъачIони, гIелмуялъулги кинабгIаги мунпагIат букIунаро. Бихьулеб буго нужер ахирал сонал гIадада ун рукIин. Нуж лъаларо, дун гьелдаса цIакъ рекIекълъана.

Гьединги абун мугIалим, ругелъур жиндир рукIарал цIалдохъабиги тун къватIиве анила.

# ГIадамал ва къисматал

## БАХIАРЧИЯЙ ЧАЧАНАЙ

I974 соналъул май моцIалъул ахир букIана дунги, эменги Чачаназул ЧIарбилазул тIадлъиялда бугеб Буни росулъа АсхIаб абулев гьоболасул кумекалдалъун, гьенив вугев вехьасухъе нижер гIи щвезабизе араб заман. Росдаде тIадехун бугеб, Келъу кIкIалахъе балагьараб лабаллъиялда эхетарал чIахIиял кIиго къоноялда аскIоре ракIарун рукIана вехьасухъе гIи кьезе рачIарал чачаналги цогидалги. Их бачIиндал, ризго бижараб гIурччин харида гьоркьоса раккарал кьер-кьерал тIугьдуз тIанса гIадин берцин гьабураб гьеб тIалъиялдаса сверухълъи бихьулеб букIана хъатиниб лъураб гIадин.

Гьеб гьайбатаб тIабигIаталъ тIолабго сверухълъи берцин гьабун бугониги, гьенир бакI-бакIазда ругел, чIвадназдеги сверун, мичIчIалъ цIурал росаби рихьидал, дир ракIбухIиялъ хIал дагьлъизабун, чорхолъ авадан-лъи дагьлъана. Гьалдаса лъеберго сон цебе гьаниб ЧIеберлой районалъул тIалъиялда ругел, чIахIиялги, гIисиналги 60 росулъ ва рикIкIен гIемерал кулабазда, чачанал- ламуразул I5 азарго чиясул гучалда чвахулеб гI-умру букIана. Амма гьеб гьоркьоб къинабуна I944 соналъ Сталинилаб репрессиялъ хIалгьабун чачанал Гьоркьохъеб Азиялдеги гочинариялъ. Гьезул росаби чIвадназде сверана ва гьеб тIалъи цого гьури басандулеб ва боцIуе бугеб гIалхул бакIлъун хутIана…

…Чачанал тIадруссун рачIиндал, гьел росаби гIисинккун гIуцIизе ва гьениб гIадамасул гIумруги чIаголъизе лъугьана…

АсхIабихъги вукIун, цо дагьав кватIун тIаде щварав эмен, саламги кьун, лъидехунго берги щвезабичIого, битIахъего гьел къаназде аскIове-ги ун, цере хъаталги ккун, дугIа гьабизе лъугьана…

– ХIасбула, гIорхъабазе лъурал гьал къаназегийш дуца дугIа гьабулеб? – ян абуна гьенив вукIарав цо гIолохъанав чачанас.

АскIор рукIарал киналго релъана.

– Нуж релъизе ккараб жо гьаниб щибго гьечIо, щаяли хадуб дица нужее бицина, – янги абун гьев дугIа гьабизе лъугьана…

Цинги инсуца бицана:

### – 1 –

Гьеб букIана I944 соналъул март моцIалъул авал. Фашистал гъурулаго, гъалбацI гIадин вагъулаго, кьалда квегIаб кверги гIайиблъун, рокъове тIадвуссунев ХIасбула, поездалда вачIунев, Грозныялъул вокзалалде щвараб заманалда бакъанил гIуж букIана. Лъазабуна гьениб поезд сагIаталъ лъалхъизе бугилан. Поезд чIарабго, ХIасбула гIедегIана рагъда ва госпиталалда цадахъ вукIарав гьудул, чачанав ХIабибил ругьел борхизе, гьениб вокзалалда бугеб цо тукада хIалтIулел ругел, гьесул бахIаралъул эбел–инсухъе ине.

ХIабиб вукIана бахIарчияв чачанав, чанги фашистазул «мацI» кквезе гIемер разведкаялъ хьвадулев унго-унгояв разведчик.

ХIабибица абулеб тукаде жанив щведал, ХIасбулада гьений ятана гьоркьохъеб ригьалъул, ретIа-къарай, чIегIеркIкIубай йичарухъан.

– ХIурматияй, гьанир цереккун хIалтIулел рукIарал рос-лъади чачанал кире арал? – ян гьикъана ХIасбулаца чачан мацIалда гьей йичарухъан чачанай ятилин ракIалдеги ккун.

– Дун чачанай гуро, солдат, дур чачанал «лъикIал рукIун» Сибиралде ритIана, – ян гIурус мацIалда жаваб кьуна тукенчIужуялъ.

– Кин Сибиралде ритIарал? Щай Сибиралде ритIарал? – ян гIурус мацIалда нахъеги суалал кьуна ХIасбулаца чачаназул къисмат лъазе бокьун.

Гьесда лъалеб букIинчIо чачанал хIалгьабун Гьоркьохъеб Азиялде гочинаруралльи.

– Солдат, дица абуна гурищ дуда, гIурус мацIалда гьел «лъикIал рукIун» гочинарунилан. Дуда кIочон тоге къадаздаги гIундул рукIунеблъи, гIемер цIехолдулев вугони, мун рокъове щвеладайха…

– Дунни рокъове щвела, амма щвелел лъаларо рокъоре, нилъер эркенлъиги цIунун фашистазде данде жакъаги рагъулел ругел, дир полкцоял дол бахIарчиял чачаназул анцI-анцI солдатал. Чачаназул васал ВатIаналъе гIоло рагъулел руго, гьезул умумузда абуни ВатIан тезабун буго-ха, – ян рази гьечIого абуна ХIасбулаца ва гьенив аскIов вукIарав гъеж гьечIев, гIурусасдехун берги щвезабун, тукадаса къватIиве лъугьана.

Поезд иналде перроналда бугеб скамейкаялдаги кIусун, ХIасбулаца кваранаб квер хIалтIизабулаго, кисеталъуса махоркаялъул тамахьоги бахъун, газеталъул тIанчил гьитIинаб къотIелалда хьалиян кьурана ва спичги хъинтIун, гьелда цIаги лъун, чачаназул ургъел гьабулаго, гьеб бухIизе лъугьана. Хьалияналъул бащадалдаса цIикIкIараб бухIун лъуг1ун букIун батила НКВДялъул патрулалда вугев солдат гьесда аскIове вачIараб мехалда.

– Солдат, рихьея дур документал! – ян хъачIго абуна патрулалъул кIудияв капитанас.

ХIасбула гьаругьинан тIаде вахъана, шинелалъул маргъалалги ричIун, гимнастеркаялъул чвантиде тIаде даларал медалал цо рахъалдаги гьарун, гьениса бахъун военный билет ва лъукъиялъул хIасилалда армиялдаса эркен гьавиялъул кагъат бихьизабуна.

– Мун рагIулаха хIукуматалъ гьабуралда разилъи гьечIолъи загьир гьабулев чи, – ян абуна капитанас тIадвуссун документазул хал гьабулаго, – солдат, мун нижгун цадахъ вилълъине ккола.

ХIасбулада бачIинахъего бичIчIана тукенчIужуялъул кIал гьезухъе щун букIин ва гьез жив сурав босичIого нахъе виччазе гьечIевлъи. Гьес гьезда гьарана поездалдаса жиндир къайи лъолеб къандалъо босизе ине ихтияр кьеян. Киса, гьез гьесул гьари гIадахъ босичIо.

Вокзалда жаниб бугеб жанахIалъувги вачун, гьенив вугев дежурниясул тIалабчилъиялдаги кьун, капитанас лъазабуна гьав майор вачIинегIан кивниги виччагеян, гьасул кинабго цIех- рехалда вугин гьеван.

ГIураб заман бана ХIасбулаца майор вачIинегIан хIалаккун валагьун чIун, гьесул ракI гIедегIун букIана поезд иналде, амма майор вачIунев вукIинчIо.

Поезд ине хIадурлъулеб букIиналъе хадуб цебе лъабго гудокалъул гьаракь бахъана.

– Гьалмагъ лейтенант, дир поезд ине хIадурлъулеб буго, доба дир къайи-матахI буго…Щиб гIайибгун дун гьанив чIезавун вугев? – ян абуна ХIасбулаца гIодове виччан.

– Гьеб дида лъаларо, майор вачIиндал гьес бицина кинабго. Дир кинаб букIаниги мун нахъе виччазе ихтияр гьечIо, – ян абуна дежурнияс, коридоралъул нуцIа рагьулеб гьаракь бахъиндал тIадеги жубана, – гьале вачIунев вугин ккола, – ян.

Гьеб параялъ майорги ХIасбулаца къайи лъолеб къандалъо божун тун вукIарав, гIажизав рагъухъан старщинаги жанахIалъуре жанире лъугьун рачIана. Майорас вачIинахъего чвархъан ХIасбулада цебе рехана къайи лъолеб къандалъо.

– Гьав дур гьалмагъ, цIакъ дур рахъ кколев чи вихьула. Нижеда божичIого, живго вачIана гьаб духъе щвезабизе. Старшина, гьанже мун ине бегьула, – ян абуна майорас, – солдатасе гIадлу нижеца гьабила…

– Гьалмагъ, майор, солдат ВатIан бокьулев бахIарчи вуго, – янги абун щибго жо лъаларев старщина къватIиве ана.

Поездалъ, ине букIин лъазабиялъе, жеги гудок кьуна.

– Рагье! – ян кьварун буюрухъги кьун, къандалъоялде аскIовегIанги вачIун, чIвараб магI гIадин цо кьуричIого гьениса бахъулеб къаялъул хал гьабун чIана майор.

Гьесул ракIчIун букIана, солдатас рагъдаса босун бачIунеб кинаб букIаниги трофей, яги таманча жо гьениб батиялда. Кьварун вакъарав, мискинав солдатасул щибха букIинеб, гIиси-бикъинаб жо гурони: чIужуялъе босараб, кIазги, кIиго-лъабго банка гьаналги, гьарурал чадазул чамго гургабиги, чакмаялги, цо чамго сапунги ва ХIабибица жиндир абуралъе битIараб Оренбургалъул хIулидул шалги.

Поезд унеб гьаракь бахъана, рельсазда кIутIизе лъугьана гьелъул гьакибурдул.

– Рикъарал ратила, – ян абуна майорас гьаракь борхизабун.

– Гьалмагъ, майор, мун цо дагьав гIорхъолъан ворчIулев вугин ккола. Дун цIогьодилев гуро вукIарав – дун ВатIан цIунун вагъулев вукIана… Гьал дица рикъарал рукIин дуца чIезабизе ккела. Гурел гIайибал дида гIунтIизарулаго дуца дун поездалдасаги гъоркь хутIизавуна, – ян ццин бахъун абуна ХIасбулаца.

Майорас жаваб кьечIо. Гьев рокъов жанив рекъделаго хьвадулев вукIана. Бихьулеб букIана гьев фронталда гIажизлъиги ккун, Грозныялде хIалтIизе витIарав вукIин. Байбихьана сурав босизе, суалазда хадуб суалал кьун солдатасда кIал гьикъулеб букIана майорас. Гьесул кIалъаялдаса бичIчIунеб букIана, гьев хъулухъалъулаб хIакимлъиялдаса чIухIарав, пахрулъи рекIелъ бугев ва бакIаб гIамалалъул, гIадан вичIчIуларев чи вукIин.

– Гьалмагъ, майор, кинал суалал дуца кьуниги, цоги бицине жо дир гьечIо, тукада жаниб ккараб дица дуе цо хисизабичIого битIун бицана, – ян абуна ХIасбулаца таваккалго.

– Дие дур гизмаби хIажат гьечIо! Чачанал пачалихъалде данде чIарал рукIун гочинаруна, мун абуни гьезул рахъ кколев, коммунист партиялъ

гьел гочинариялъе гьабураб хIукму мекъаблъун чIезабулев рагIуна. Мун гIадиназде абула «халкъалул тушманилан», – ян майор ццидахун ахIдон кIалъалев вукIана.

ХIасбула кигIан жанисан ццидал цIун вачIунев вукIаниги, ургьиб гьебги къулчIун, сабруялда чIана. ГIенеккун чIеялъе гIиллаги букIана гьесда бихьана лъеберабилел соназда, росдал гIемерал чагIи, хасго чачанлъиялда дибирлъи гьабулел рукIарал росуцоял гIалимзаби Сталинилаб репрессиялъ тIагIинарулел. Гьебго репрессиялъул къурбанлъун лъугьана щибго гIайиб гьечIев, гIажизав, херав 75 сонил гIумру бугев, ХIасбулал эмен ШагIман. ШагIманица чачаназул рахьги ккун, Советияб пачалихъ биххизе ва дин цIилъизе бугин халкъалда жаниб пропаганда гьабулеб бугилан, гIайибги гIунтIизабун, битIун ВатIаналда къо ккараб мехалда, I94I соналъул сентябралда пачалихъалде данде чIаравилан гьев репрессиялъул кIичIикье ккана. Вас ВатIан цIунун вагъулев вукIана, эмен абуни пачалихъалде данде чIарав абун, араб бакI лъачIого тIагIинавуна.

ХIасбула гIенеккун чIеялъ майорасул жеги ццим бахъана, гьес тIаделъун рекъечIел суалалги кьун, солдатасухъа рагIи бахъулеб букIана. Инсуе гIадинаб гIумруялъул ахир ккеялда хIинкъи букIаниги, ХIасбулаца ккараб ккун букIайилан, майорас кьурал суалазе битIун, кьварун жавабал кьуна.

– Советияб халкъалул вождь И.В.Сталиница чачанал ва цогидал миллатал гочинариялъе гьабураб хIукмуялда мун разияв гьечIоха, – ян гъоркьанги валагьун сихIирго суал кьуна майорас.

– Сталиница гьабураб хIукму мекъаблъун гьабулев чи гуро дун, амма чачаназдехун бугеб дир рокьи, свинабизе лъилниги ихтияр гьечIо. Гьел руго къвакIараб гIамал-хасияталъул, жидерго миллаталде ва гIагараб ракьалде рокьи цIикIкIарал гIадамал. Гьезул васаз бахIарчилъиялда нилъер ВатIан цIунулеб дида бихьана. Нусго чи чачаназул квешав ватани, аза-азар чиясе тамихIишха гьабизе кколеб?..

ХIасбулал кIалъай рагIалде щун букIинчIо, кIутIичIого, чвархъан нуцIаги рагьун, жаниве вачIана гъеж гьечIев дов тукада вукIарав гIурусав.

– Игорь Васильевич, – ян вачIинахъего майорасдехунги вуссун кIалъазе лъугьана гьев, – дой тукада йигей малгIуналъ бицараб ритIухъги гьабун, гьав пакъирав нилъер ВатIаналъе гIоло вагъулаго лъукъарав, гIажизав солдатасе тамихI гьабизехъинцин гуриш мун вугев? Гьасда гIайиб гIунтIизабизе гьениб ккараб жого гьечIо, – ян абуна бох гьечIес майорасде бадибчIвай гьабулаго.

– Дица гIайиб гIунтIизабизе жого тун гьечIо гьас, нилъер хIурматияб хIукуматалъ чачанал гочинариялъе гьабураб хIукму мекъаблъун чIезабулев гьав вукIадго, гьасие тамихI гьабичIого кинха телеб? – ян абуна майорас.

– Майор, гьечIеб гIайиб гIунтIизабизе лъугьунге. Дуда рагIичIо ва дуда бихьичIо! Гьав солдат дуда вичIчIизе ккола, Советияб политикаялъ гьав куцан вукIин вихьула инсан вокьизе, гьесие чачанал рокьи гьеб нилъер улка бокьи ккола.

– Гьалмагъ, полковник, дир хIалтIи ккола Советияб пачалихъалъул политикаялде данде чIаралги, рахчарал чачаналги ва гьезул рахъ кколелги цIехей, – ян хъачIго абуна майорас.

ЖанахIалъуб жаниб гIурабго заманаялъ сихIкъотIи лъугьана, хадур кIиявго цоцаздехун ишанги гьабун, нуцIаги къан жанисеб рокъоре ана.

Рагьдухъ бецIлъулеб букIана. Дежурнияс чирахъги бакун, гъорлъан канлъи биччаларел, тIулакьерал гордаригъал данде рачана.

– Содат, дуцаго дуе хIукму хъваге, чачаназул гъачагъазул рахъги ккун гIадада туснахъалъубе нух бухьунге… Нилъеда гьоркьоб бицунеб буго, дуца жаниб теха… Гьев майор бицараб жо бичIчIулев чи гьечIо, чиясда тIадчилъи гьабизе щвани гьелдаса вохулев ва жиндирго чIухIи бихьизабизе бокьулев хахол вуго. Дуда гIайиб гIунтIизабулей дой тукенчIужуги, гьес хьвадизаюлей, кIал квешай гважи йиго…. Гьесул кIичIикье ккарав чи, бацIил кIалдибе ккараб чангIанцин ворчIуларо, гIайиб букIа, букIунге гьесие хех жанир къвазаризе бокьула. Гьелъ мун цIодорго вукIа. Амма дуе кумек гьав гъеж гьечIес гьабилин ккола. Живго гьев вуго майор вукIараб полкалъул командир – полковник. Гьес хвалдаса хасар гьавурав вукIиналъ майорас гьесухъ гIин тIамизеги бегьула, – ян абуна дежурнияс.

ГIурабго заман жанисеб рокъобги бан, полковникги майорги дежуркаялде рачIана. ВачIинахъего майорас дежурниясда лъазабуна солдатасухъе документал тIадруссинареян. ХIасбуладехунги вуссун хIинкъабиги кьун ахIдезе лъугьана ва ахиралда лъазабуна къайиги босун жиндир берда цевеса тIагIаян.

Мугъалда къандалъоги чIван, гъеж гьечIесе баркалаги кьун, ХIасбула къватIиве лъугьана. Рагьдухъ бецIлъун букIана, вокзалалъул поездал чIолеб рахъалдеги ун гьес Дагъистаналдехун унеб поездго гьечIодаян цIехана.

ТIасияб къоялъул къаси гурони Дагъистаналде унеб поездги батичIого, вокзалалде жаниверги ун, гьениб чIобогояб бакIги балагьун гIодовги чIун, лъукъараб квералда катан жемизе лъугьана.

ГIемер заман гьоркьоб инчIо. «Ассаламу гIалайкум!» – ян абулебги рагIун, ХIасбула тIаде ворхидал, гьев хIикмалъун хутIана. Гьесда цере эхетун рукIана яцалъул бетIергьанчи АбдулхIамидги, мадугьалзаби ХIусенил МухIамадги, Давудги, МухIамадзагьидги. Хъваш-башги гьабун, гьел габунир хурхана. Гьел рукIана росдал ва Болъихъ районалъул росабазул колхозалъул данде гьабураб кьарияб хIораб боцIи пачалихъалъе, армиялъе Грозныялде кьезе рачIарал. Жидер рукIарал гьалбал гочинарун рукIиналъ, гьел сордо базе вокзалалде рачIун рукIана.

**– 2 –**

Сордо вокзалалдаги бан, радал цудунги рахъун, гьел жидерго чуял рачине боцIи кьураб базаялдеги ун, гьенисаго тIадруссун рокъое ине сапар бухьана. ХIасбулаги вукIана гьезда цадахъ иргадал хисун чодаги рекIун унев. Гьезда цебе абуни букIана халатаб хIинкъараб сапар. Гьел ине кколаан Щубутисахун Келъуреги рачIун чIарбилазул тIалъиялде ва гьенисан гIагараб росулъе. Нухда ратулел киналниги чачаназул росаби гьезул гIадамал гьечIолъиялъ чIороголъун рукIана. Амма гьенир росдал свери къоноялда чIун рукIана солдатал. СапарчагIазулги гьез щибаб рищи-рищиялъул хал гьабулаан, хасго тIад чIей гьабулаан ХIасбулада, гьев армиялдаса лъутарав дезиртир ватилин ккун…

МугӀрузде рахарабгӀан гьениб квачан букӀана, жеги гӀазу биун букӀинчӀо.

МагӀарда бугеб гьитӀинабго росдаде цере гьел щварал мехалда маркӀачӀул какил заман букӀана. СапарчагӀазул хӀукму ккана гьениб сордо базе. Щивасул гьезул гьаб росулъ гьалбал рукӀана, амма пайда щибха бетӀергьабиги гочинарун чӀороголъун ругел мина-къаялда цого гьури басандулеб букӀана. АбдулхӀамидил гьоболасул бакӀалда рештӀенги гьабун, чуял парахат гьарулелъул, чвархьан азбаралъуре жанир лъугьун рачӀана битӀизе яргъги гьабун армиялъулал.

– Кверал рорхе! РечӀчӀизе буго цо кьурун хадуб! Щивав цо-цо ккун документал рихьизаризе нижеде аскӀоре рачӀа… Солдат, мун вачӀа тӀоцеве…

Щивасул документал хал гьабидал гьезде абизе жо батичӀолъиялъ лейтенантас лъазабуна мугӀрузда рахчун чачаназул гъачагъал ругилан, хасго гьезул тушман рагъул форма ретӀарав чи вугин, гьездаса цӀодорго рукӀайилан. Гьебги абун армиялъулал Щубутерехун ралагьун ана.

СапарчагӀаз цӀул-цӀаялъе хӀадурлъи гьабуна, мадугьалихъ ругел рукъзабахъе ун квине жо цӀехана, амма цӀакъ дагьаб макъаб жо гурони батичӀо, кинабго армиялъулаз бакӀарун нахъе ун бугоан. Цо кӀудияб минаялда гьеб цӀехолаго, гьезда киданиги кӀочон течӀеб, ракӀгьанцӀизабулеб сурат бихьана: каранде гьитӀинаб лъимерги къан, къинай гӀолохъанчӀужу йигоан гьоралда цее чӀван рехун, гьелъул мачӀазде щвезегӀан бохдул хъарсулеб бугоан  цо таращ ва гьениб аскӀобго бетӀер борлъун чӀвараб кутакаб гьойги бугоан.

Давудицаги, АбдулхӀамидицаги гьениб батараб белги  кьабун, гьвелтӀинчӀ чӀвана. ЧӀужугӀаданалъул ва лъимералъул къаркъалабаздаса квешаб махӀ чӀвалеб букӀана. КӀиясго гьел росун рокъор жаниргьи лъун, тӀад нуцӀаги рахан, гӀедегӀана бихьараб кинабго цадахъ ругезда бицине ине.

– Дида бихьараб тушманасдацин бихьизе Аллагьас хъван батугеги, – янги абун угьун хӀухьел биччана Давудица, – гьел гочинаризе армия бачӀараб къоялъ дунги дир кӀиявго вацги Коло росулъ вугев нижер гьоболасул вас рагъда чӀван вугиланги рагӀун зигариялъе ун рукӀана. Рогьалида тӀадеги рачӀун аскарияз чачанал рукъзабахъа къватӀирги гъун, боцӀи гӀадин цере къотӀана, талихӀалъ кодор паспортал рукӀиналъ ниж дагъистаниял ругилан тана. Нижер херав гьоболгун цадахъ, росдал гӀажизал херал чагӀи, чамго унтарал руччаби чангъидаги рухьун,  цӀерчӀвараб, тӀаса гӀодобе бараб лабаллъиялдаса гъоркьеги риччан, гъора кӀкӀалал гъварилъухъ щущазаруна. Армиялъулаздаса хӀинкъуца холаго, рахча-кьерун, гьеб кӀкӀалал рагӀалда бугеб гьитӀинабго майданалда кӀиго къоялъ цадахъаб хобги бухъун нижеца хваразул I2 жаназа букъана. Гьеб тӀалъиялъул киналниги росабазул халкъ кодоб жо босизе цин течӀого, цӀорораб хасалил заманалда, накалде бахараб гӀаздал нухдаса тункӀида гъоркь цереги къотӀун, Монуха росдада цере ракӀарун руго. ЧӀвалел рукӀин лъайдал унтаралги щокъалги щибго хӀаллъазе течӀого, гӀагарлъиялъ кумек гьабун, гьенире рачӀун рукӀун руго. ГӀаздаца рацарал Ламуразул мугӀруздаса цереги къотӀун, рачана гьел мугӀрузул чачанал Грозныялде щвезегӀан. Чамал гьезул нухда ракъунги квачанги хварал?  Нухда рилълъине кӀоларел Монухалъул мажгиталъуре жанир гъурал гӀемеразе

абуни армиялъулаз «гъабуна кумек», тIаде тIохги тIезабун, гьел гьенир цадахъго рукъана… Гьениб тараб вахIшияб лъалкIалъул хутIелал, тIадруссун рачIунаго, нижедаги рихьана, вачун, гьадин витIун рокъове аянги абун, гъоба гъварулъуда бугеб АнсалтIа лъарахъе вортизе виччан вуго. АнсалтIисезул, рахалазул ва нилъер росабазул гIадамазул гIемер чагIи ун рукIанагьел рукъизе абун, – янги абун хабар лъугIизе тана Давудица.

– Аскариял рачIиналде, метер цудунги тIаде рахъун нилъеца иншааллагь, гьел эбел васги рукъила, – ян абуна МухIамадзагьидица.

Чамго нухалъ горда кIутIулебги рагIун, гьаб сардилъ гьаниве вачIунев чиго щиван ракIалде ккун, сапарчагIазул цояс нуцIа ричIана.

– Бегьилиш нужехъе гьоболлъухъе ячIине, – ян абуна чIужугIаданалъ чачан мацIалда.

– Бегьила, бегьила, щай бегьулареб? – ян чачан мацIалда жаваб кьуна нуцIа ричIарас, гьелъие нух кьолаго.

Чалу хураб чирахъалъул канлъиялда гъоркь чIун йигей, карандаса гъоркье дурнабиги дализарурай, мугъалда автоматги барай чIужугIаданалъул рахIхун букIин бихьулеб букIана.

Гьелъ МухIамадзагьидида аскIоеги ун, жий лъаларищан цIехана.

– Лъана, гьанже лъана, – ян абуна МухIамадзагьидица ясалъул гьурмахъги балагьун, – мун йиго дир хирияв гьобол Щуботиса АхIмадхIажил яс СалихIат.

Гьоболасда жий лъайдал, СалихIат магIу кквезеги кIвечIого, МухIамадзагьидида хурхана. Гьелъ гIодилаго абуна: «Дур гьалбал тIагIана, дир халкъалда Сталиница ВатIан тезабуна», – ян.

Гьелъ бицана рохьазда яхчун йигей жинда боцIи бачун рехе унел нуж рихьанин ва тIадруссун рачIине рукIинги лъан, хIалаккун нужехъ ялагьун чIун йикIанила.

Ясалъул хIатIал, кверал, камилаб гьумер сурмахизабун, цуризарун рукIана квачалъ.

Нухлулаз яс кваназаюна, цIа бакун хинлъизаюна, хабар - каламалда кватIизегIан рукIана…

СалихIат йикIана щуго васасда гьоркьой гIанчIго гIурай цого цо йигей яс. ТIаде бачIараб чIунтаяб ВатIанияб рагъде кIиявго вацги, жиндир абуравги индал аваданлъи лъугIана гьелъул. Цояв вац ВатIаналъе гIоло рухIги кьун, кьалда бахIарчиго хванилан хабар бачIаралдаса гьелъул чIаголъи лъугIун букIана. Амма лъидаха ракIалде кколеб букIараб гьеб Советияб халкъалъул кIудияб къварилъиялде тIаде чачанал зулму-хIалги гьабун гочинарулеблъи…

I944 соналъул 23 февралалъ, радал цудунго кавуялда кIутIулебги рагIун, СалихIат рагьде йилълъана ва щал гьелали цIехана.

– Откройте! Быстрее откройте, а то мы её сломаем, – ян ахIи бахъана кавудул къватIисеб рахъалда.

СалихIатица жавабги кьечIого, гьаругьинан каву ричIана. Гьелда цере эхетун рукIана яргъид гIуцIарал, рагъул форма ретIарал кIигояв. Дагьал цереги ццидахун ахIделел рукIарал гьел гьайбатай яс жидеда цее эхетидал хагарал гIадин ралагьун хутIана.

– Жанире рилълъа, дица гьабсагIат хIадурила нужее кваназе жо, – ян абуна СалихIатица ракъунги квачанги ругел солдатазухъги ялагьун. –

Дир кIиго вацги вуго вагъулев  фащистазде данде, цояв вац чIванилан абун кагъатги бачIана…

– Ясай, гьереси бицунге! Нуж чачанал лъиде данде рагъулел ругел хIукуматалда лъикI лъала… Рокъор щал ругел? – ян абуна офицерас хъачIго.

– Дица тIалаб гьабун ругел, бусаде ккарал дир кIудаби руго, –ян абуна ясалъ.

Армиялъулал цебехун ярагъги битIизабун, чвархъан рокъоре жанире лъугьана. Солдатал жанире рачIиндал, рагъда вугев жидер васасул хабар босун рачIарал ратилин ракIалдеги ккун, херал роха-хинлъун тIаде рорхана.

– Гьаб росдал кинабниги агьлу бакIарулеб буго росдал советалъул минаялде цере. Хехлъи гьабун рахъа тIаде! – ян херазе буюрухъ кьуна лейтенантас.

– Унтиялъ гьенире рахъине кIолеб хIалалда гьечIо, дир лъимал, – ян абуна херас хIалимго бацIцIадаб гIурус мацIалда, – ниж гьай нижер ясалъул ясалъул цIобалде ккарал, хабалъе бох гIунтIарал, гIажизал гIадамал руго. Нижедаса хIажатаб жо батани, гьанибго тIубазабила гурищ?

– Дица гьикъулеб гьечIо унтаралищ яги сахалищали, дие буюрухъ буго нуж гьаниса росдал советалъул майданалде рачине.  Хехго тIадеги рахъун гьенире рилълъа. Инкар гьабулезда речIчIизе буго, – ян кьварун лъазабуна лейтенантас.

– Щиб гIайиб ккун нижеда речIчIизе кколеб? – ян абуна херас.

– АхIаралъуре ине инкар ккурал – гьел пачалихъалде данде чIарал руго, пачалихъалде данде чIаразда речIчIизе нижее ихтиярги кьун буго. Нуж, чачанал, Советияб пачалихъалде данде чIарал рукIиналъ, хIукуматалъ буюрухъ кьун буго нуж гьаб чачанлъиялдаса гочинаризе…

– Нижер васалги Советияб улка цIунун фашизмаялде данде рагъулел ругелъул, ниж херал гIадамал щиб гIиллаялъ гочинаризе кколел? – ян нахъеги херас гьоркьов къотIизе армиялъулавги гьавун суалал кьуна.

Лейтенантасул ццим бахъана вахъая цо тIаде дие накъиятал цIалулев вукIинчIогоянги абун,  гьес херав рукьги ккун бусадаса цIан, гъоркье вахъинеги гьавун, рукъ бакьулъе цуна. Унтарав херав черхги ккезе кIвечIого, чвархъан гIодов  ккана.

Гьеб параялъ, печалда цее квалквадилей йикIарай херай, гьениб кIалалъ букIунеб  гьитIинаб гIаштIиги босун, хъваштIан тIаде яхъана ва лейтенантасдехунги юссун, дела нагIатхилаянги абун гьесда тIаделъана. Хералъ гIаштIи жиндир гIадалъ кьабизехъин букIин бихьарав солдатас, гьей автоматалъул хъунтахъги кьабун, накабазда ккезаюна. Хералъул кIалдисаги магIарзухъанги би чвахизе лъугьиндал, херасул чорхолъе гьалаглъи бачIана. Бугеб рухI-жанги данде бакIарун, тIадеги вахъун, гьес къаданисан ханжар босана, амма лъалиниса гьеб бахъизе лъугьиндал, лентенанатас херасул ракIелъ таманча речIчIана. Гьев, бекараб чIало гIадин, рукъ бакьулъ чIарбиде щапана. Рос чIвайдал херай, чIчIичIчIидилаго, нахъойги гIаштIиги босун тIаде яхъине жуядал, солдатас бугеб хIалалъ гIадалъ хъунтахъги кьабун чIарбиде щапизаюна.

СалихIатида цере чIван гIодор лъуна кIиялго херал. Гьезие кумек гьабизе жий лъугьани, херазего гIадаб гIададисеб хвел щвезе жиндие-

ги букIиналъ, гьей гIедегIана солдатал ракIалде рачIиналде, рагъде арав эбелалъул вацас жинда божун тун букIараб наган таманча, бахчаралъуса-ги босун, гьездаса къисас босизе. Армиялъулал рагьде рачIиндал, ясалъ цин лейтенант, хадув солдат чIвана…

– Хварал кIудаби тIаде жоги рехун тана дица. ТIад хинаб ретIелги ретIун, чIварав лентенантасул таманча, дурнаби ва солдатасухъа автоматги босун, дун лъидаго йихьичIого, рохьое тIурана. Гьенисан дурнабаздаса бихьулеб букIана дида росдал гIадамал гIи-боцIи гIадин цере къотIулел, гьезде кьвагьулеб. Руччабазул ва лъималазул чIчIичIчIидиялъ тIад босун букIана сверухълъи. Халкъ нахъе бачун индал, армиялъулаз щибаб мина-бакIалда чIухьал рана. Гьенир ратарал гIи-боцIи нахъе бачун ана. Дунял рукIкIиналде рохьоса дица сапар бухьана Шуботибе, гьенир ругел дир эбел-инсухъе. Сордилъ щвана дун гьение. ГьечIоан росулъ кинабгIаги чIаголъи. Цого рикIкIадаса рагIунаан солдатазул релъа-хъуй… Нижер ва мадугьалихъ бугеб кIиго мина бугоан рухIун. Гьенир жеги свинчIого ругоан цIадул сунтрал. Гьелъул канлъиялда гъоркь дида бихьана гьенир чIварал кIиго херал мадугьалзабазул жаназаби. Гьел рихьидал дир рекIел хIал дагьлъана. Эбел-эменги чIван ратилин абун ракIалдеги ккун сверухълъиялда балагьизе лъугьана. БитIун гьеб заманалда рикIкIадаса кьвагьун рачIунел ракулел (трассирущие) гуллби пештIезе лъугьана дида сверухъ. ТалихIалъ цо гуллаги швечIого, гьенире солдатал рачIиналде лъутун йорчIана. Гьаб росулъе тIадюссун ячIине ккана дун херал рукъизе. МагIардаса дурнабаздаса ялагьидал, дида бихьан мина-къоно солдатаз цIунун букIин. Херал рукъизе ахир-къадги дун ячIинеблъиги лъан, гьел анцIгониги къоялъ гъоркьчIеялда ралагьун чIун рукIана. ЧIалгIараб къагIида буго, анцIила цоабилеб къоялъ гьел нахъе ана. Рокъоса кинабго кваналеб жо, ретIел-хьит ва лъикIабщинаб къайи талавур гьабун батана. Херазул жаназаби тIаса ретIелги бахъун, минаялда нахъ бугеб хурире балканал гIадин рехун ратана. Армиялъулазда йихьичIого йикIине бецIаб сардилъ, лъабго сордоялъ бухъизе ккана дица цIорораб ракьалда херазе хоб. Гьел чIвараздаса къиссас босизе щвеялдасаги ва кIудаби рукъизе щваралдасаги дир ракIалъе цIакъ бигьалъиги ккана… Гьанже хваниги кIваричIо дие… Амма бичIчIулеб гьечIо, кинго бичIчIулеб гьечIо, щай пачалихъалъ ниж чачаназе гьаб балагь гьабулеб бугебали? Нижер гIолохъабиги ВатIан цIунун рагъулел руго.

Нухлулаз ясалъул ракI батизабулеб хабар бицунеб букIана, жидеда цадахъ магIарухъе ячинилан абуна…

### – 3 –

Кванан рахъиндал, росдал рагIалда бугеб хабалъеги ун, дой эбел-лъимералъе хоб бухъана. БитIун гьел рукъулаго, магIардаса рачIунел рихьана армиялъулазул къогогIанасев рагъухьан. Росулъе жанире щведал солдатаз рукъзабахъа-рукъзабахъе лъугьун чIухь балеб букIана…

Солдатал тIаде рачIиналде гьороб бугеб картошка балеб къороний ясги яхчизаюн, гьелъул тIекъелалде тIаде кьишни-къулги чуязул ракги бан лъалареб хIалги гьабун, ХIасбула къотIновеги ун хъалиян бухIизе лъугьана.

Лъукъарав солдат вихьаравго, гьел гьесда аскIоре рачIана.

– Солдат, мун киса гьаниве ккарав?.. Документал рихьея цо! – ян абуна сержантас божилъи гьечIого солдатасде автоматги битIизабун ва хадувго ахIдана: – Гьалмагъ капитан! Капитан, гьанир гIадамал руго! – ян.

Гьеб параялъ цо чамго солдатгун гьениве вачIана капитан. Гьес ХIасбулал документазул хал гьабуна.

– Мун киса гьаниве ккарав, дуе нух Дагъистаналдаса ине гурищ бихьизабун бугеб рокъове? – ян абуна капитанас документазул хал гьабулаго.

– Гьадал хабалалъ хварай чIужугIаданги лъимерги рукъулел ругел росуцоял Грозныялдаги ратун, гьезда цадахъ гьанисан дир росулъе ине цIакъ къокъаб нух бугелъул вачIун вукIана, – ян жаваб гьабуна ХIасбулаца.

Мина-бакIалъул халги гьабун, рачIарал солдатаз капитанасда лъазабуна, щибго щаклъизе жо батичIила, цого цо гьорор хер кваналел ункъго чу бугилан.

Цеве ХIасбулаги виччан капитанги солдаталги гьесда хадур хабалалъе рилълъана. Гьениве щваравго капитанас хабада ругезул документазул хал гьабуна.

– Гьанже ракIалде щвана, нуж цо чанго къоялъ цере Буни росдада гIагардаса заготскоталъул боцIи бачун нижер посталдаса араллъи, – ян абуна капитанас. – Гьал «халкъалъул тушбаби» щай нужеца рукъулел? НКВДялъулазда бихьани нужеца киридахъ гьабулеб гьеб хIалтIи, нужее цIакъ хираго чIезе бугебха, солдат…

– Хварал къаркъалаби къватIир тани гьездаса квешаб унти бахине бегьула, гьалмагъ капитан, гьабсагIат их тIаде щолеб бугелъул, щиб гIайиб нижеда бугеб махI бахъиналде гьал рукъунилан, – ян жаваб гьабуна ХIасбулаца.

Исламалъул тIалабалда рекъон жаназабиги рукъун, рокъореги рачIун сапарчагIи чуялги кьолон нухда рахъине хIадурлъулел заманалда капитанги киналниги солдаталги гьел ругел минаялде цере ракIарана. ТалихIалъ, яс яхчаралъуйго йикIана. Гьелъ нухлулазул сапаралъ рахъин кватIулеб букIана.

Капитанги цо чамго солдатги жанирги рачIун, нахъеги мина-бакIалъул, нухлулазул, гьезул къайи-къоноялъул ва хулжазухъе раккун хал-щал гьабуна. Шаклъизе щибго жо батичIелъул капитанас ХIасбула цо рахъалдеги вачун абуна:

– ТIасалъугъа солдат, ниж цо дагъал хъачIго ругилан, гьаб росулъ 23 февралалъ дир ротаялъул цо офицерги солдатги лъица чIварал лъачIого чIван ратана, гьезул ярагъги дурнабиги ун руго.

– МугIрузда гIемер гъачагъал руго рахчун, гьез рес рекъарабго солдатазда речIчIула, дагъистаниязухъа жо бахъула. ЦIодорго рукIа! Гьениб цебе бугеб Коло росулъ нужеда батила пост, гьенив вуго кIудияв лейтенант Громов Игорь абулев офицер, гьесда абе дуда Малышев Иваница салам бицаниланги ва жив вегулев вукIараб мангиялда кIочон тарал жиндир кагътал, суратал Шоботире ритIиялъе тадбир гьабеян.

Армиялъулал нахъе индал, сапарчагIаз яхчаралъуса къватIие ясги ячун, гьелъухъ букIараб ярагъ ва дурнабиги гьенирго рахчун, Келъубехун сапар бухьана. Гьеб росдал рагIалде щведал, гьениб батараб постал-

да солдатаз сапарчагIи лъалхъизаруна ва документазул хал гьабизе лъугьана.

– Гьалмагъ сержант, кIудияв лейтенант Громов Игорь ахIизе бегьиларищ? – ан абуна ХIасбулаца гьез ясалъул документал цIехелелде.

– Дуда  киса гьев лъалев? – ян хIикмалъи гьабун хутIана сержант.

– Капитан Малышев Иваница битIараб ругьел бицине къваригIун вуго.

Сержантас хал гьаби жибго тана ва капитанасда жив хIажат вугин гьав солдатасеян лъазабизе цадахъ вугев постовой витIана.

Сержантас кIиябго бер тIаса босулеб букIинчIо гьайбатай ясалдаса.

– Дур бахIарайиш гьай? – ян абуна сержантас яхI гьабизе квечIого.

– У, – ян къокъго жаваб кьуна ХIасбулаца, СалихIатиде нечадго берги щвезабун ва хадубго гьес чачан мацIалъ ясалде абуна гьазда гьедин бугилан теян.

Гьеб параялъ тIаде щварав капитанасда кинабго бицана ХIасбулаца. Гьевги цIакъ ракI жубарав чи ватана, капитанас хал гьабурал нужер жинцаги гьабизе ккеларилан жалго тана.

– ЦIакъ берцинай бахIарай йихьула дур. ЦIодорго а, гьаб Келъусазул жаниблъиялда ва рохьазда рахчун гъачагъал руго, гьез бахIарайги яхъун тезе гурин мун, – ян малъа-хъвай гьабуна офицерас…

Къо бихьун Келъусазал кIкIалал нухги нахъ тун, Босазул кIкIалал ахаде щвараб заманалда бакъанил мех щун букIана. Гьениса ЧIарбилазул тIалъиялде рачIунаго  гьезде данде рачIана аскариязул  анлъго рекIарав. Чуязда тIад лъун ругел батIи-батIиял кьили-къайиялдаса бихьулеб букIана  гьез рекIун ругел чуял чачаназул рахъарал рукIин.

ХIадурлъиялда рахъ-рахъалда солдатазул ункъгоявги  тун гьезул кIигояв кIудияв лейтенантги солдатги гуржиял сапарчагIазде аскIоре рачIана.

– Буртабиги тIаса рахъун, цо-цоккун чуяздаса рештIа, ярагъ батани гIодобги лъун, документал рихьизаре, – ян кьварун лъазабуна офицерас гуржи мацIалъул лугъаталда, гъоркь кIичIардилеб бугеб айгъир, чIолорхъажо туркIун, чIезабулаго.

РекIарал чуяздаса рештIана. Ясалъе чуялдаса рештIине ХIасбулаца кумек гьабуна…

– Солдат, рагъдаса лъутун вачIуневгIаги гуриш мун? Документал рихьея цо! – янги абун чодасаги рещтIун, цадахъ вугев солдатасда гуржи мацIалъ цо щибалигоги абун, кквезе гьесухъе жиндирго чуги кьун, ХIасбуладе аскIове вачIана офицер.

Гимнастёркаялъул кисиниса документал росизе щинел ричIиндал, ХIасбулал каранда рарал медалал рихьидал, офицерасда лъана солдат лъукъун вукIинги, гьел медалазги нугIлъи гьабуна вагъулев вукIаравлъиялъе.

ХIасбулаца кисинисаги рахъун офицерасухъе документал кьуна:

– Нижехъ ярагъги гьечIо, ниж пачалихъалъе гIоло рахъун чIарал чагIи руго, – ян кьварун абуна гьес.

– Яс дур бахIарайиш, цIакъ берцинай жо йихьула… Хехлъи гьабе нуж киназгоги документал рихьея цо...

СапарчагIазул киназулго документазул хал гьабун бахъиндал, офицерас ясалъул документги тIалаб гьабуна.

– Гьалмагъ, кIудияв лейтенант, гьелда гIурус мацI лъаларо, гьей дир бахIарай йиго, гьелъул документалъул хал гьабуна гьенир цере ругел росабалъ постазда чIун ругел нужер офицерзабаз, ХIал-Килоялда капитан Малышев Иваница, Нахчи-Келоялда кIудияв лейтенант Громов Игорица, хадуб нухда бортараб къагIида буго дагьаб цебе лъана гьелда гьеб бортун букIин, – ян абуна ХIасбулаца ва чачан мацIалъ ясалдаги абуна гьедин чIаян.

– Гьел гIурусазул ракI гурхIулеб букIин бихьулеб буго. Гьелъул жаваб полкалде щведал кьелебин гьез, – янги абун офицер ясалде аскIовеги ун, гьелъул щибаб лагаялъул хал гьабизе лъугьана.

– КъватIий гIалахалда йикIун, сурмахараб дур гьумералъги, гьел квачалъ гIунизарурал кверазги бицунеб буго мун чачаназул яхчун хутIарай яс йикIин. Пачалихъалъ гьабуралда данде чIаразе цIех-рех ва суд гьабичIого рагъулаб къагIидаялъ чIвазе хIукму къотIула – цо, кIиабизе, дур мукIурлъиялде балагьун бигьалъиги гьабула, лъабабизе, мун чачанай ятичIони, гьав дур бахIарав чачан мацIалъ щайха мунгун кIалъарав?

Яс щибго жаваб кьечIого гIенеккун чIана.

– Солдат, дуца дурго лекIазул мацIалда бичIчIизабе дица абураб.

– Гьей гьаб халат бахъараб сапаралда квачанги, унтунги йиго, – ян абуна ХIасбулаца яс жийго телародан ракIалдаги ккун.

– Солдат, ясалда гIурус мацI лъалареб батани, дица абураб гьелда нужерго мацIалъ бичIчIизабе, – ян хъачIго кIалъана гуржияв.

ХIасбулаца офицерас абураб магIарул мацIалъ абуна.

МагIарул мацI лъалеб гьечIониги, гуржияс гIурусалъ абураб лъалелъул яс, бичIчIанаян бетIерги гьанкIизабун, щибго жаваб кьечIого гIенеккун чIана.

– Солдат, нужеца гуккиларо дун, – ян абуна чачан мацIалда офицерас, – лъимерлъиялъул ва школалъулаб гIумру араб буго дир эбел-эменгун цадахъ чачаназда гьоркьоб Грозный шагьаралда. Гьезул мацI дида лъалеб куц дир кIалъаялдаса бихьулеб батила нужеда. Нуж, магIарулал, лекIалги ва чачаналги божизе бегьулел гIадамал гьечIо, нужеца Совет хIукумат биххизабиялъе хIаракатаб жанисахун хIалтIаби гьарулел руго. Гьеб Сталинида лъала ва гьесул тамихIалдаса нуж рорчIизе гьечIо. Арал гIасрабаздаги нужер халкъалъул гъачагъаз гIемер чабхъеналги гьарун, нижер гуржиязул магIишат талавур гьабуна, гIадамал рикъана ва чIвана. Нужеда гурхIизе бегьуларо!..

Хадубккунисеб кIалъай нухлулаздаги офицерасдаги гьоркьоб чачан мацIалда букIана.

– Мун советияв офицерлъидал, аралъул бицун нижеда гIайиб гIунтIизабулев вукIунге. Дуда лъаларел ратани, ниж руго нилъер армиялъе хъвехъизе боцIи бачун арал ва ВатIаналъе гIоло рахъун чIарал гIадамал, нижги ясги жалго те дуца, – ян абуна цадахъго гIадин нухлулаз

Офицерасул ццим бахъана, жиндие гIакълу ва хIинкъи кьезе лъугьунгеян лъазабуна.

Ясалда аскIовеги ун, гьес кIал гьикъулеб букIана мун чачанайищан,

чачанай ятичIони, гьасул бахIарай мун магIарулай ятани, гьав дур бахIарав вукIиналъе нугIлъиялъе гьесда къвалги бан баэйилан.

КIалдиб лъим босараб гIадин, цо рагIи абичIого, кьварун офицерасухъги ялагьун чIун йикIана СалихIат.

– Гьалмагъ, кIудияв лейтенант, ясалъе чIалгIинабичIого жийго те гьей, – ян гьоркьов жувана ХIасбула.

– ТечIони щиб дуца гьабилеб? Чачаналда ва гьалъул рахъ кколезда дица гулла гаргадизабила, – янги абун офицерас рохокъотIиялда тIад дараб гъампуралъуса таманча къватIибе бахъана.

– Антонов! – ян ахIана гьес щобил рагIаллъуда чIун рукIараздехунги вуссун, хадубго гIурус мацIалда абуна, – гьазул вагъарарав чиясда речIчIизе кIигояв гьенивги тун, кIигояв гьанире гъоркье рачIая цо, гьазда чIухь базе, – ян.

Солдатаз, ясалда хутIизегIан, киналго нухлулазда ва чуязда ругел хулжазухъ чIухь бана. Гьезухъ ратарал ханжар-нусалцин рахъана. ХIатта чуяздаса кьалалги рахъизарун, офицерас гьезул парталалдацин чIухь бана.

Гуржияв вукIана цIакъ гIамал кIудияв, пахрулъи рекIелъ бугев, бицараб жоялда божуларев, жинде ккарав чиясул рищи-рищиялъул хал гьабулаго, бюрухъал кьезе бокьулев чи. Хасго гьесул кIудияб рокьукълъи букIана чачаназул ва магIарулазул халкъаздехун.

– Офицер, яс нижер нус йиго, гьей дуца жийго те, гьелъул Грозныялдаса гьанибе щвезегIан армиялъулаз хал гьабураб буго, – ян абуна АбдулхIамидица чачан мацIалда.

Офицерасе херав АбдулхIамидил кIалъай рекIее гIечIо. Гьев нахъеги ясалдехунги вуссун, таманчаги хьвагIезабулаго, кIал гьикъизе лъугьана. Ясалъул гIенеккун чIеялдасаги, гьей магIарул мацIалда кIалъалей гьечIолъиялдасаги ва жиндир бахIарав ватани гьесда убач гьабизе инкар ккеялдасаги, офицер тIуванго божана гьей чачанай йикIиналда. Гьесда цIакъ лъикI лъалаан чачаназул гIадаталги, гIамал-хасиятги, хвел гьез босулеблъи жидерго намусги цIунун чIухIи хвезе тезегIан. Хасго гьесда лъалаан гьезул чIужугIаданалъе ничалдаса тIадегIанаб жиндирго намусги цIунун босулеб хвел букIин. Гьединлъидал, офицерас тIадчIун, ясалде кIал гьикъулеб букIана дурго бахIарасда убачги гьабун, гьал магIарулазул нус мун йикIин бихьизабейилан.

– Щай дуца нижер нусалъе гIакъуба кьолеб, гьелъ убач гьабичIониги, нижеда лъала гьей нижер нус йикIин, гьей рос лъукъун вукIинги лъан, гьасде хадуй Ростовалдеги ун ячIуней йиго. Документалги гьелъул гьагъара Келъуб кIк1алахъ лъарахъе ротрарал къагIида буго, тIадруссун ралагьаниги ратичIо. Дун вуго Советияв учитель, дица бицунеб битIараб буго, – ян абуна ХIусенил МухIамадица,

– Дие дарсал цIали жибго те, хIурматияв учитель, дун дуе цIалдохъан гуро. Дун ясгун вуго кIалъалев, бичIчIанищ дуда? – янги абун офицер ХIасбуладехун вуссана. – Солдат, дур бахIаралъ инкар кколеб буго дуда баизе, – янги абун гьев велъана.

– Гьей гьал гIагарлъиялдаса нечон йиго…

– Гьей нечон ятани, дуца къвалакьеги ячун, чамго нухалъ гьелъул кIутIбузда хIасратго баэ, – ян тIирун чIана гуржияв.

ХIасбула щиб гьабилеб лъаларого хутIана. Офицерасда лъалел рукIи-

налъ, я гІурусалъ, я чачан мацІалъ рес букІинчІо СалихІатида кинабго бичІинабизе, магІарул мацІ гьелдаги лъалароан. Кин букІаниги, ясалъул гІумру цІунизе кколеб букІана… Гуржияс чачан мацІалдаги абун, жинда цебе лъураб цІакъ захІматаб суал тІубазабичІолъиялъ гьеб гьабизе ХІасбула тІамулев вукІинги бихьун, СалихІатица офицерасдехунги юссун, чачан мацІалъ кьварун абуна: «Дун йиго чачанай ва гьезул яс йикІиналдаса дун кутакалдаса чІухІарайги йиго! Гьеб чІухІи буго дие умумуздасаго ирсалъе щвараб. Чачан халкъалъул бахІарчилъиялдаса бугеб чІухІиги, гьезул гІадаталги, гІаданлъиги, гІадамазда гьоркьоб жидерго къадру-къимат ва намус цІуниги нижее хвалдасаги хирияб буго. Гьеб кинабго ритІухълъиялда хвезегІан дицаги цІунизе буго. Дуда лъан букІа, дир кІутІбузда цониги бихьинчи хъвачІо ва жакъа нужеца гьаниб хъванги хІехьоларо… Дир чи – чачанав, рагъда фашисталги чІван, бахІарчилъиялда ВатІаналъе гІоло вагъулев вуго… Нуж абуни нижер чачаназул ракълилаб халкъ: херал гІадамалги, гІисинлъималги руччабиги чІвазе гьанире рачІун руго…»

– КІал буцІцІинабе, «халкъалъул тушман!» – ян гІурус мацІалда ахІдезе лъугьана гуржияв.

– Гьабиларо! – ян хъачІго абуна СалихІатица, – халкъалъулги, чачаназулги тушман мун вуго… ЦІукІа вукІун ватила мун фашистаздасаги хІинкъун гьаб халкъ хІакъир гьабизе гьаниве вачІарав…

– Сержант, ясалъул кІалги чІезабун, гьелъул гъуждул нахъеги кьурун, кварица рухье ва гьал киналго цадахъ цереги къотІун штабалде раче, – ян буюрухъ кьуна офицерас.

Сержант аскІове гІагарлъидал СалихІатица цинго чантиниса сукІулеб, кІудияб нусги бахъун, гьеб хьвагІулаго нахъе–нахъе къалаго, жийго цІунизе лъугьана.

– Гьале гъой чачаназул гъачагъ, гьале гъой «халкъалъул тушман!» – янги абун офицерас кодоб бугеб таманча ясалде кьвагьун биччана.

СалихІат каранда квералги лъун тартадилаго накабазде ккана.

– Гьадин берцинай яс щай чІвалей, гІадада речІчІана дуца, гьалмагъ, кІудияв лейтенант, – ян абуна сержантас ясалда ракІги гурхІун.

– Гъачагъ берцинав вукІунаро! Гьай «халкъалъул тушманалъе» цого хвел букІине ккола… Чачанал, магІуялдаса учузаб биги, ва намусалдаса учузаб хвелги букІунел чІухІарал гІадамал руго… Йиччанте гьей гьелъие бокьухъе чІухІадго, гІалхул жанавар гІадин гІантго, гІакъубаялда хвезе. Цо чи гьелда аскІове къани, гьесиеги гьебго гулла букІине буго, – янги абун гуржияс цогидазе хІинкъаби кьуна.

СапарчагІи ясалдеги ралагьун, гьабилеб жо лъаларого, гьалгъан хутІун рукІана. СалихІат хІалица тІаде йорхана, гьанже билълъанхъизе ругьунлъулеб лъимералъ гІадин, гІодой ккеялдасаги цІунун, гьелъ гужгаталъул каранда жанисаб рахъалда бугеб чантиниса хехго наган таманчаги бахъун, офицерасде кІиго нухалъ кьвагьун биччана. Ва, цо рагІи абилелде, офицерги гьейги цадахъго гІадин ракьалде рехунги ун, абадиялъе къанщана. Офицер гІантаб хвелалдалъун, чачанай абуни жиндирго намусги, чачаназул гІадатги ва чІухІиги цІунун бахІарчияб хвелалдалъун.

– 4 –

Солдатаз сапарчагIазухъа чуялги рахъун, гьел цо кьуризе риччачIого, ярагъги битIизабун Буни росулъ бугеб штабалде рачана. Нухда унаго гьез бицине кколеб данд бана, кинабго гIайиб кIудияв лейтенантасде рехизе хIукму ккана.

ТалихIалъ, гьениб ккараб бицине офицерасда цадахъ вачIарав гуржияв солдатасда берцинго кIиго рагIи гIурусалъ данде бан кIалъазе лъалеб батичIо, сержантасдаги щибха лъалеб чачан мацI. Гьелъ гьезулги жидеда лъалареб жоялъе нугIлъи гьабизе рес букIинчIо. Армиялъул тIадегIанал чиназул офицерзабаз иргадал, ратIа–ратIа рачун, тIадчIун, кIал гьикъулеб букIана нухлулазда. Гьез абуни хисизабичIого цо кIалдиса гIадин кьолел рукIана жавабал.

Нахъисеб къо къалъизегIан суравги босун, тIад гIайибги чIечIого, сапарчагIи нахъе риччана. КъватIире риччаралго, нухлулал гьеб росулъа газа-рахханги босун, СалихIат юкъизе рилълъана. ХIотохералда тIад бегун бугеб гьелъул къамартIаб къаркъала берцинго кьижараб гIадин букIана, талихIалъ, цо кIал хъван гьечIоан гьелда гIалхул жанавараз. Хун йигониги, гьелъул берцинаб, цокIалаб гургинаб гьурмада гьимиялъул гIаламат рехун букIиналъ, гьей чIаго йигей гIадин, жеги берцинлъун йигоан. Гьелъул ритIарал, тIеренал кьунсрузда гъоркь, къанщун ругел чIахIиял, чIегIерал беразул тIелхал, гьале гьаб параялъ рагьун рачIинел гIадин, чIаголъиялда ругин кколаан.

ГIурдада тIад тIибитIараб буртинаялда СалихIатил жаназаги лъун, гьелда сверухъ накабаздаги чIун, магIил цIун бералгун, рекIел гурхIигун, хIайранлъиялда гьабуна нухлулаз дугIа.

Исламалъул тIалабазда рекъон юкъана гьез бахIарчияй чачаназул яс нилъеца цебехун бицен гьабурал дол кIиго къоноялда аскIой.

Гьединлъидалин ХIасбулаца гьениб дугIа-алхIам гьабурабги.

ЧIарбилазул тIалъиялда ругел росабалъ, аскарияз чIварал лъималазулги, руччабазулги, херал чагIазулги жаназаби рукIана бакI-бакIазде рехун. Ракъарал гьабзацаги, гъеду-цIумалъги кваналел ругел чачаназул жаназаби рукъизе гьеб къоялъ гьенире рачIарал ансалтIисезул, рахалазул, шадрадерил херал чагIиги армиялде ине гIечIел гIолилалги дандеги ракIарун аскарияз лъазабуна, цо чи чачаназул вукъизе виччазе гьечIин, цин гьал тIалъиялда ругел росабалъа гьезул бугеблъи, кванил нигIматал, тIощел бакIарун армиялъулазухъе кьечIого. Кинабго тIалъи армиялъул бербалагьиялда гъоркь бугин, бикъарасе букIине бугин рагъулаб къагIидаялъ къвакIараб цого тамихI – чIвай…

МагIарухъа рачIаразда цадахъ нухлулазги гьениб чачанал рукъулагоункъго сордо-къо базе ккана…

***Салман ХIасбулаев,***
***Болъихъ район, Щодрода росу.***



# Гьабги, добги, добцоябги

*ДНЦялъул МацӀазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъ къватӀибе биччалеб буго, гӀемерал томазде данде росарал Дагъистаналъул халкъазул кӀалзул асарал. ТӀахьазда гьел кьун руго миллиялги цадахъго гӀурус мацӀалдаги. Гьанжелъизе-гӀан гьединаб ункъо том бахъун буго басмаялде. Нижеца журнал цӀалулезулгун лъай-хъвай гьабулеб буго ункъабилеб томалде унел магӀарулазул хӀикматал биценазул чангоялъулгун.*

### БАКЪУЛГИ МОЦӀРОЛГИ КЪЕЦ

Бакъги МоцӀги рижараб мехалдаго къацандизе ккун руго. Бакъалъ абун буго жиб букӀине бугин къад, киналго гӀадамазеги, цогидаб рухӀчӀаголъиялъеги дунял гвангъизабизеги, хинлъи кьезегиян. МоцӀ разилъун гьечӀо, жиб букӀинин къадилан чӀун буго гьеб.

- Ма дуе! – иланги абун, гьелда ццин бахъараб Бакъалъ гӀодосаги босун, ракь речӀчӀун буго МоцӀрода.

Аби буго Бакъалъ речӀчӀараб ракьуца гьелдаса нахъе гьабурабила МоцӀ бецӀлъизеян.

- Дун гьанже Бакъудаса къуна, - иланги абун, сардилъ хьвадизе лъугьун буго МоцӀ.

Бергьараб Бакъин абуни, лъугьун буго къад тӀолабго дунял гвангъизабизе.

### БАКЪГИ, МОЦӀГИ, ИНСАНГИ

МоцӀалъ Бакъуда абун бугила:

- Инсан цӀакъ нич гьечӀев жо вуго, кидаго гьев дихъ валагьун вукӀуна, - илан.

Бакъалъ гьелда абун бугила:

- Мун битӀараб гьечӀо, инсан цӀакъ намусав жо вуго, дида бадиве валагьизецин кӀоларо гьесда, - ян.

### ЗОБАЛЪУЛГИ РАКЬАЛЪУЛГИ ДАГӀБА

Зобалдаги Ракьалдаги гьоркьоб дагӀба ккун буго, кинаб гьезул кӀвар цӀикӀкӀараб бугеб абун.

Зобалъ Ракьалда абун буго:

- Дун дудаса кутакабги берцинабги буго, щайгурелъул, дида тӀад руго моцӀги, бакъги, цӀвабиги. Дида кӀола цӀад базеги, гӀазу базеги, - ян.

Ракьалъ гьелда абунила:

- Нужги цоги хутӀанщинабги дие гӀоло рижарал руго. Дир чохьонир туризе руго нуж киналгоги. Гьединлъидалин дун дудаса кутакабги буго, - илан.

## ЦИГУН ДАНДЧIВАЙ

Аби буго ци гIадамаздаса лъугьараб бугилан. Долда гIадамазул мацIги бичIчIулила. Нагагь мегIер-гIалахалде унаго, ци данде ккани, БежтIаса руччабаз расги керенги бихьизабун, абулила:

- Дурго нухда а  мун, ниж нижерго нухда ине те, - ян.

Гьедин гьабуни, унезе нухги кьун, ци нахъе унеб буго.

## ЦIОРОСАРОЛЪИЛ МУГЬАЛ ЩАЙ ГIИСИНЛЪАРАЛ

ТIоцебе бекьулеб заманалда цIоросаролъил букIун буго цо кило-граммгIанасеб бакIлъи бугеб цо-цо мугь. Кинавго чияс хIурмат гьабичIолъиялъ гьелъул мугьал дагь-дагькку̀н гьитIинлъанин абула.

Цо чи унев вукIун вуго чодаги рекIун. Гьесда нухда батун буго цIоросаролъил цо мугь. Гьес босун буго гьеб. КIиабилеб къоялъ батун буго цоги. РещтIун чодасагун, босун буго гьебги. Лъабабизеги, дагьавго рикIкIаде щведал, бихьанила цIоросаролъил цоги мугь. Гьев чи, чодаса рещтIине кIухIаллъун, цевехун уна. Цо анцIго метраялъ цеве щваравго бихьула цIоросаролъил мугьгIанасеб «меседил горо». Гьев чи кIухIаллъичIого рещтIуна гьеб босизе. Амма гьеб «меседил горо» кIудияб кьурдаса гIодобе кIанцIанила, хадув гьев чиги кIанцIанила.

Гьединлъидал буго аби магIарухъ, цIоросаролъ букIа, бугIа, пурчIина букIа, ясбер гIадин цIунизе кколилан. ЦIуничIев гьев чиясе лъабабилеб къоялъ тIаде гIажал щвезабунги буго.



Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

